

INYIGISHO Z' ISANAMITIMA

Gukira ibikomere no Gusubiza hamwe

Iki gitabo gikoreshwa kw'isi yose, mu Congereza citwa “**Healing Hearts Transforming Nations**”

Dr. Rhiannon Lloyd.

Uwakoranye n'uwatanguje iki gikorwa, akanamufasha kuryohora iki gitabu – **Joseph Nyamutera**

Iki gitabu cashizwe mu kirundi na **ADULLAM CAVE BURUNDI Ministries**

Uwafashije mugushira ikigitabo mu Kirundi : **NTAKARUTIMANA Mathias**

Abafashije mu gusuzuma no gukosora iki gitabo: **NIYIBITANGA Tharcisse**
NDIRIMBIRIMANA Esperance
NIZIGIYIMANA Devote
NDAYISABA Michel
NIYONKURU Cynthia

Uburenganzira bw'umwanditsi Munyonyo 2014 bufiswe na Mercy Ministries International

CP 442, 1215 Geneva 15, Switzerland

Iyi nfashanyigisho ishobora gukoreshwa n'umuntu ku giti ciwe canke umugwi, ikaba yokoreshwa mu nyigisho z'isanamitima n'ugusubiza hamwe, mu gihe itagiye gukoreshwa mu nyungu bwite z'uwushaka amaronko canke urudandazwa.

Imirongo yose yakoreshejwe mu congereza yakuwe muri Bibliya Yera Nshasha mpuzamakungu ® NIV®, n'aho mu kirundi twakoreshe Bibliya Yera 67.

Nimba ushaka gushira iyi nfashanyigisho mu rundi rurimi, turungikire ubutumwa bwanditse ku rubuga ngurukana bumenyi Email: **info@hhtnglobal.com** kugira ngo uhabwe uruhusha.

Gushima

Dumishijwe'intererano twahawe n'abantu benshi kugira ngo iyi mfashanyigisho ishobore gusubirwamwo:

Dr. Nyamutera Joseph, ku gihe kirekire yakoresheje yongeramwo ivyumviro bishasha, ahinyanyura inyigisho, afatiye kugikowa c'isanamitima akora.

Sabamungu Anastase uri mu bafatanije na Dr Rhiannon mu gutanguza iki gikorwa, yatanze intererano ikomeye mu kwigisha no kuvugurura iki gitabo.

Catherine Froehlich (Geneva) yadufashije kwegeranya ibiri muvyongewemwo muri iki gitabo, yanadufashije gushira iki gitabo mu rurimi rw'Igifaransa.

Kristine Bresser (USA, ubu akorera Geneva yanabaye mu Rwanda) yatanze infashanyo ataco twoyigereranya mu gushira kurutonde inyigisho Dr Rhiannon yatanze. Yagize uruhara rukomeye mu mukwandika iki gitabo ca HHTN cabanje kwitwa HWEC (Healing the wounds of ethnic conflict) ca mbere cifashishijwe nk'urufatiro (umushinge) w'iyi mfashanyigisho.

George De Vust (USA ukorera muri Ukraine) yinjiye muri iki gikorwa mu gihe giheze ariko yatanze ivyiyumviro vyiza mu guhinyanyura iki gitabo.

Abarongoye ibikorwa vy'Isanamitima muri Kenya (Way of Peace), muri Kongo (OEIL), muri Afrika y'Epfo (MMSA), n'ahandi.

Les Roberts (Wales) na Madam Engelbrecht (Muri Afurika y'epfo) bafashije mu gukosora.

Incuti nyinshi za Antioch church (Amajaruguru ya Wales) bafashije mu gusuzuma ko imirongo ya Bibiliya ihuye n'Inyigisho.

Christine Garbutt, Grit Kunig, John Wright, Eileen Dohrau na Chris Taylor badukoreye Amasanamu meza cane.

Rev Hywel Rhys Edwards (Wales) yatanze impanuro z'ubwenge muri Bibliya (tewologi), yafashije no kuryohora ibitabo vya mbere.

Wayne Platt, Andy Leavers na David Coleman bafashije mu gukosora iki gitabo ca nyuma.

Rabagirana Ministries, Le Rucher Ministries, Geneva, n'abagenzi bose badusengeye.

Turashimira abanyarwanda bose aribo ba mbere bakiriye izi nyigisho z'Isanamitima bagatanga intahe n'ivyiyumvirozo vyagize uruhara mu kwegeranya iyi mfashanyigisho isigaye ifasha isi yose (Yesaya 60:3).

Turabashimiye cane mwese!

IBIRIMWO

Gushima.....	3
Intangamarara	5
Igice ca 1: Gushiraho Umushinge (urufatiro).....	7
1.Umugambi w’Imana mu mibano y’abantu	8
2.Ingaruka mbi zo gufatira abantu mu kivunga: Imizi yo kurura	12
3.Ibituranga bishasha: ihanga ryera.....	19
4. Ishengero rizana impinduka	25
5. Imibabaro y’ abantu, n’ Imana y’ urukundo.....	29
6. Kumenya Imana nk’umuvyeyi udukunda	34
Igice ca 2: Kubaka impome	40
7.Umusuma	41
8.Umutima ukomeretse	46
9.Inyishu y’Imana ku mibabaro y’abantu	53
10.Igikorwa c’umusaraba	58
Igice ca 3: Gushirako umukaba (lento)	60
11.Kubabarira uwakugiriye nabi.....	61
12. Inyungu zo kwihana no Gusaba Imbabazi	66
13. Guhagarara mu gishingo	70
Igice ca 4 : Gusakara.....	76
14. kwatura umugisha	77
15. Ico twokora inyuma yizi nyigisho	79
Ivyongeweko	83
A. Ivyiyumviro vyimbitse ku ‘mibabaro n’urukundo rw’Imana	86
B. Kumenya Data wo mu ijuru Atangaje	87
C. Ivyerekeye ihungabana no gupfisha	87
D. Gukiza ibikomere vy’imbere mu mutima	92
E. Gufasha imbabare zirusha abandi gushikwako n’ibihe bibi	
F. Ivyanditswe.....	102

Intangamarara

Muri iyi minsi turavye hirya no hino muri iy'Isi yacu, tuhabona ugushamirana/intambara, cane cane bishingiye ku migwi (ubwoko, ibara ry'urukoba, idini, igihugu). Uguhanga gukomeye gushingiye ku migwi kugenda kuboneka hagati y'imigwi itandukanye, rimwe na rimwe bikagera aho bivamwo ubwicanyi ndengakamere nk'ivyabaye mu Burundi 1993 n'inyuma yaho. Ndetse ibihugu nka Kenya, vviyumvirwa ko bitekanye, mu buryo bwa giturunbuka igihe habayemwo ubwicanyi bushingiye ku moko bwakurikiye kudahuriza kuvyavuye mu matora.

Uyu muni wumva ko muri Amerika hari ivangura rishingiye ku rukoba, muri Syria barapfa imyizerere na politiki, muri Afrika ho ivangura ryarabazingamitse.

Hoba hari inyishu kuri izi ryane zose n'ingaruka zazo? Hoba hari icizere kuri iyi si yacu y'ivyaha n'umubabaro? Twizera ko hari icizere kubera ko Imana ari Imana y'ivyizingiro! Ivyizingiro biri muri kamere y'Imana. ntishobora guhinduka ngo itangure guta ivyo vyizingiro. Imana ishaka gukoresha ishengeru igikorwa'c isanamitima no gusubiza hanwe mu mahanga atandukanye. Ariko ubwambere na mbere, nuko ishengeru ribanza gukira no gusubiza hamwe ubwaryo.

Iyi mfashanyigisho yavukiye mu Rwanda inyuma gato y'igihe c'umwijima mubi cane watewe nubwicanyi bwabaye muri ndamukiza 1994. Ku ncuro ya mbere muri Nzero 1994, bagiwe imbere na Dr Rhiannon, abarongozi b'amashengeru atandukanye muri Nyamata, bafashwa gukira ibikomere, banaganira ku kibazo abantu bibaza: *'Mu Gihugu aho abarenga 85% baja mu rusengeru, ni uruhe ruhara ishengeru ryogira mu rugendo rwo gukira kw'igihugu?*

Mukurondera inyishu y'iki kibazo, bo ubwabo bisanze barakomeretse, bafashwa gukira ibikomere no gusubiza hamwe. Uhereye ubwo, inyigisho z'Isanamitima zatanguriye aho, zibandaniye mu gihugu cose.

Iyi mfashanyigisho yahavuye ikoresheya muri Afrika y'epfo mu gufasha gukira ingaruka z'amacakubiri hagati y'abazungu n'abirabure. Mu nyuma yakoreshejwe muri Repubulika Iharanira Demokarasi ya Kongo (Ituri, Kivu y'amajyaruguru n'iyonyonyo), Burundi, Kenya, Uganda, Cote d'Ivoire, Sri Lanka, Nepal, Ubuhinde, Ukraine, na Hongrie. Aho niho hatangujwe imigwi ikomeye ikora iki gikorwa mu buryo bwamaho. Twaretse kuvuga ibindi bihugu vyinshi aho izi nyigisho zatanze. Ibitangaza vyo gukira no gusubiza hamwe nk'ivyabaye mu Rwanda biracabandanya kuba.

Isengesho ryacu nuko iyi mfashanyigisho yobandanya gufasha mu bihugu vyazingamitswe n'intambara n'ubundi bwicanyi bushingiye ku migwi.

Tuyibahaye duciye bugufi dufise intumbero yo gushira mu biganza vyanyu igikoresheya Imana yakoresheje henshi mu gukiza no gusubiza hamwe.

Reka twongere gushimira n'abandi bakora igikorwa c'Isanamitima mu bihugu vyabo bakoresheya ubundi buryo butandukanye n'iyi mfashanyigisho.

Gusobanura ikigereranyo (incamake) c'inzu

Mu myaka myinshi iheze twatahuye ko inyigisho z'Isanamitima zigira akamaro iyo yigishijwe mu buryo bw'urukurikirane ruteguye neza. Ntidushobora kwihutira kuja mu nyigisho zikomeye cane zo kubabarira uwakugiriye nabi, kwihana no gusubiza hamwe, tutabanje gukuraho inzitizi no gushiraho umushinge ukomeye. Twasanze ikigereranyo co kubaka inzu gifasha gutanga insiguro mu ncamake y'urugendo rugera ku gukira n'ugusubiza hamwe.

Gushiraho umushinge



Twizera ko guhishurirwa umutima w'Imana ari wo mushinge wonyene ushobora kugeza ku gukira kwigihe kinini. Dukeneye kumenya ico Imana yagomba igihe yaturema, igihe yashiraho imigwi atandukanye, uko vyaje guhinduka, tukaba tugeze mu mwijima w'inryane, amacakuribi, ubwicanyi n'ingaruka zavyo. Dukeneye kongera kwakira urukundo rwayo n'imbabazi zayo mu gihe c'umubabaro, bityo tugatangura kuyibona nk'Imana idukunda, tukabona Imana nk'umuvyeyi udukunda.

Kubaka Impome

Guhishurirwa umutima w'Imana bizofasha imitima yacu gushobora kwemera umubabaro wacu, hanyuma tukemera kuwujana ku musaraba (ivuriro) ngo dukire.

Gushiraho umukaba (Lento).

Iyo umutima ucuzuye umubabaro, vyoba bigoye cane ko wobabarira. Iyo duhishuriwe Yesu nk'uwutwikorerera imibabaro, hanyuma tugasuka iyo mibabaro mu mutima wiwe, duhabwa inkomezi (ziva mu rukundo) zo kubabarira. K'uwahemutse, iyo azanye wa mutima umucira urubanza ku musaraba, aronka imbabazi z'Imana zimuhesha inkomezi zo gusaba imbabazi abo yahemukiye.

Kongerako igisenge (gusakara)

Ahantu hose hari ukwihana no kubabarira, ugusubiza hanwe bitangura gutemba nk'umugezi w'amazi.

Igice ca 1: Gushiraho Umushinge

Gusobanukirwa no guhishurirwa umutima w’Imana

Ibikorwa vyose vy’ubwubatsi bitangurana no gushiraho umushinge . Ataruko ntitwoshobora kubaka ikintu ico ari co cose ngo gikomere kandi kirambe. Guhishurirwa umutima w’Imana ni umushinge wo gukira. Dukeneye kumenya icari mu vyiyumviro (umugambi) wayo igihe yaturema kugeza uyu muni. Dukeneye guhishurirwa ivyari mu mutima w’Imana igihe twari mu mw’ijima w’umubabaro. Imana niyo ya mbere dutegerezwa kubanza gusubiza hamwe na yo. Abakristo nabo barabikeneye, kubera ko guca mu mibabaro y’akarenganyo bishobora kudutera kwidogera Imana mu mutima, twumva ko itatwitayeho. Nimba tuyibona nkaho ariyo nkomoko y’imibabaro yacu ntivyokunda ko twoyizako dushaka gukira. Aha dukwiye kuronderera inyishu ya vya bibazo bikomeye (ibirego) umuntu yibaza mu gihe c’umubabaro. Abakristo bakeneye kuba bahabwa uburengenzira (urubuga) bwo kuvuga ivyo bashidikanya ku Mana, ibibazo n’umujinya bafitiye Imana, kandi ibi binashobora kuba itanguriro ryo gukira kwabo.

Hakenewe kandi guhangana n’ivyatubabaje vyo mu bwana bishobora kuba vyononye ugusobanukirwa kwacu ko Imana ari Data. Ni tutumva ko Imana idukunda ntitwoyegera ngo idukize. Biragoye gukira ibikomere vya kahise k’igihugu, mu gihe ukuyemwo gukira ibikomere twatewe n’umuryango. Ibikomere vyo mu muryango ni bibi cane, uwubifise ntameya nuko ugusubiza hamwe canke kubana neza kw’abantu bisa. Iciyongerako kuri ibi, nuko ntawoshika kugukira kw’igihugu ngo akirinde amatati aguma agaruka atabanje kwita ku gukira kw’imiryango. Abatarigeze bahabwa urukundo rwa kivyeyi nibo vyorohera gufata ibigwanisho no kwica abandi, kubera imico myiza yo kubaha no kubahiriza ubuzima bw’abandi umuntu ayikura mu burere yahawe nabavyeyi.



1. Umugambi w'Imana mu mibano y' abantu

Kumenya ico Imana yari ifise mu vyiyumviro igihe yaturema


Mu gihe cose habayeho amatati (intambara) ashingiye ku moko aho ari hose, habaho guseniyuka Kw'imibano. Abantu barakomereka, bagashavura, bagashaka gutongana, guharira, kwagirizanya canke kwisigura. Imbere y'uko dutangura kuraba ku gukira kw'iyi mibano yaseniyutse, ni ngombwa (kwerekana) neza ico Imana yifuza. Gusubiza hamwe ni iki ? Ni gute tuzomenya ko twagushitseko ? Reka tuje mu tanguriro, imbere y'uko hagira uwuremwa n'umwe muri twebe.

1) Ubutatu Bwera akarorero ku mibano mwiza cane

imbere y'uko Isi itangura kubaho, Imana Data, Imana Mwana n'Imana Mpwemu yera babayeho igihe cose mu muzigi w'imibano mwiza ishimishije.

◆ Dufate bimwe mu biranga uburyo babana neza umwe ku wundi:

- Urukundo
- Kwizerana
- Kwiyumvanamwo (Affection)
- Kunezeranwa, gushirana imbere
- Ubumwe bushitse (nyakuri, bwuzuye)
- Gufashanya
- Gukorera hamwe hagamijwe kugera ku ntumbero imwe
- Kwizerana
- Kugira inyungu zimwe
- Gukora nk'umugwi – Gukorana
- Guhana amakuru
- Kubahishanya no gushirana hejuru
- kwama uhari ku bw'inyungu z'uwundi
- Ibikorwa bitandukanye ariko m'ubwuzuzanye bukwiye
-



Ico tubona aha ni urukundo rushikamye aho buri wese yuzuzanya mugenzi we. Naho bamwe mu bibagize, hari itandukaniro muri kamere yabo. Ariko kuba hari itandukaniro ntabwo vyigeze biba na rimwe ikibazo – nivyo bibagira Data, Mwana na Mpwemu yera! Ico tubona muri kamere yabo nziza ihebuje ni ubumwe mu budasa. Nta kunigana, nta kurwanira ubutware, nta w'utera ubwoba uwundi, nta ushaka kwerekana ko ari we ashoboye kurusha abandi, nta uwufitiye ishari uwundi, nta amatati ashingiye ku nyungu. Aha hari akarorero k'umubano mwiza uhebuje urangwa no guhimbarana ibihe vyose.

Nimba umubano w'Ubutatu Bwera bw'Imana ari mwiza bihebuje, ni iki catumye bafata ingingo yo kuturema?

Hari ikintu ku rukundo c'uko buri gihe ruba rwifuzaga gusangirwa. Habayeho ugushyamba gusangira n'abandi umubano mwiza itagira agatosi abagize ubutatu bari basanzwe bafitanye. Iryo vyiza bihebuje, bumva batovyigumanamwo bonyene. Ni nkaho Imana yavuze iti: "Reka twugurure umuzingi.

Reka tureme umuntu (umugabo n'umugore) mw' ishusho yacu, kugira ngo bashobore gusangira natwe uyu mubano mwiza uhebuje ndetse nabo bawugirane hagati yabo. ”

Fata umwanya wibaze ku vyiza bihebuje biri muri uku guhishurirwa. Twavukiye kuba mu mubano mwiza uhebuje!

Intumbero yo gusubiza hamwe ni iyihe? Si ukwegeranya abigeze gushamirana, Data ahubwo ni ugufasha abantu gusubira mu mugambi w'Imana ku mubano w'abantu nk'uko vyari mw'itanguriro (kunezererwana mu budasa).

Turabizi neza ko abagize Ubutatu bwera bw'Imana bose bagize uruhara mw'iremwa ryacu. Bumvise bamereye gute igihe baturema ? Ni ayahe marangamutima bari bafise ?


Turabizi ko guhera mu gice ca mbere co mw' Itanguriro ko bari banezerewe, biteze umunezero udasanze uzova muri bwa bumwe bwuzuye hagati yabo n'ivyaremwe. Dufatiye ku mubano w'Ubutatu bwera, twemeza ko ishusho y'Imana igaragara neza iyo abizeye babanye neza, bakundanye, bamerana mu budasa.

➤ **Imigwi (amoko, amabara, ibihugu) bitandukanye – ni umugisha canke umuvumo ?**

Kuki hariho imigwi (amoko, amabara, ibihugu) bitandukanye, navyo vyari mu mugambi w'Imana ? Kubera ko benshi bahuye n'akaga gakomeye kavuye kuryane zishingiye ku moko, cane cane muri aka karere k'ibiyaga binini, usanga benshi bavuga ko ubudasa hagati y'imigwi ari ikintu kibi cane, ari umuvumo. Muri make, bavuga ko ubudasa atari umugambi w'Imana, ahubwo ko ari ingaruka z'icaha. Yamara mu vyakozwe n'Intumwa 17 :26 hatubwirako Imana yaremeye imigwi y'amoko (amahanga, mu kigiriki ni 'ethnos') atandukanye avuye ku muntu umwe canke ku maraso amwe. Ubudasa hagati y'abantu vyari icyumviro c'Imana.

Mu cete Pawulo yandikiye Abanyefeso 3 :15, ijambo "Umuryango" rishobora gusobanura umugwi w'abantu, abantu basangiye igihugu canke ubwoko. Ibi ntivyodutangaza, kuko Imana ikunda ubudasa. Turavye ubutandukane bw'ivyaremwe turabibona (Abaroma 1:20). Imbwa ubwazo ziri amoko menshi. Ishurwe ry'iroze rufise amoko utoharura. Ntiwoharura amoko y'amafi. Ubwiza bw'Imana ni bunini cane ku buryo ata mugwi numwe w'abantu ushobora kubwerekana uko buri. Ibi bivuga ko ubwoko bumwe bwerekana agace gato gusa k'ubwiza n'imico y'Imana.

Ikibazo ni iki. None ubudasa bwatwe ni iki ? Mw' Itanguriro 1 :28, Imana yabwiye umuntu ngo 'murondoke, mugwire, mwuzure isi...' Iyo bumvira bakagenda neza, ugutandukana kw'abantu kwari kurema ubudasa vyanka canke vyakunda. Imico, amabara, indimi burya bihinduka bitewe n'aho abantu babaye, n'ivyo bakora. Nta gitangaza ko bamwe bagize urukoba rwirabura n'imishatsi yegeranye cane bitewe no kuba ahari izuba ryinshi. Mu bwenge bwayo, Imana yategekaniye ko bimwe mu biranga imiterere yacu yo ku mubiri, no mu nyifato bishobora guhinduka. Dushingiye kuri ibi ntiwokomeza kwitwaza ko ivyabereye ku munara w' Ibabeli (Itanguriro11) arivyo ntandaro y'ubudasa, ahubwo ico Imana yakozwe ni'ukwihutisha umugambi wayo w'uko abantu baba mu bice vyose bigize isi, bityo ubudasa yashaka bukaboneka.



Turatandukanye (ntidusa)ariko nta ufise ugaciro kurusha uwundi

Turatandukanye ariko dufise agaciro kangana mu maso y’Imana. Igihe yarema umuntu, Imana ntawe yarutishije uwundi (Ivyakozwe n’Intumwa 10:34-35). Dr. Rhiannon yakunze kuvuga ngo ‘vyoba ari ugusara kumva ko umuntu afise agaciro kurusha uwundi bitewe n’ibara ry’urukoba kandi ari ibintu umuntu avukana gusa. Imana yashize ubutunzi bwihariye muri buri mugwi (ubwoko, igihugu, ibara) w’abantu. Yari yiteze (ikeneye) ko buri mugwi uteza imbere ubwawo uko uri, ariko ukungura n’abandi.

Umugambi w’Imana war’uko twese dukundana, tukubahana, tukanezeregwana, tukiga guha abandi (abo tudasa) agaciro (Abifilipi 2:3). Idushakako buri muntu wese abona mugenziwe (canke abo tudahuje) nk’isoko ry’ugukira (umugisha) gukomeye mu buzima bwacu. Subira ku rutonde ruri ku rupapuro rubanza. Uku niko Imana yashaka ko abantu bava mu migwi itandukanye babana.

Diyama igira agaciro kenshi kubera impande nyinshi ziyigize kurusha ikiyo c’idirisha kigira impande2. Irakomera cane kurusha ikiyo. Uko igiharuro c’imigongo ciyongera, niko ubwiza bwiyongera, kuko buri ruhande rugarura umuco mw’ibara ridasa n’urundi. Ivyo rero nicokimwe n’uko Imana yifuza ko buri mugwi w’abantu umera nk’agahande kamwe ka diyama nini, kakerekana icubahiro n’ubwiza bw’Imana mu buryo butandukanye n’abandi. Mu vyahishuriwe yohana 21:24-26, hatubwira ko Imana yashize icubahiro n’ubwiza ntagereranywa muri buri hanga (ubwoko), ikaba ishaka ko ivyihariye vyiza vya buri hanga bizoseruka muri Yerusalemu Nshasha.

3) Ni iki kitagenze neza? (Ibintu vyapfiriye he?)

Mu buryo bubabaje, icaha cinjiye mu vyiza Imana yaremye. Abo Imana yaremye bagiye kure yayo, bata umugambi wayo, nabo ubwabo basubiranamwo. Mw’ itanguriro 11, abantu bikuye kw’itegeko ry’Imana ryo gukwira mw’isi no kuyiganza. Ahubwo bishira hamwe bigira intagondwa kugira ngo bubake umunara, bagere mw’ ijuru (umurongo wa 4), vyabaye ngombwa ko Imana ibatatanya, kugira ngo umugambi wabo ntugerweko.

Guhera ico gihe, aho kugira ngo tunezeze n’ubudasa bw’ imigwi tuvamwo, twiyumvamwo guterwa ubwoba n’abandi. Turahangana hagati yacu. Turasuzugurana duhakana icyumviro c’Imana ko twese tungana, twama dushaka kurushanwa. bamwe bashaka kwemeza abandi ko babaruta, abumva ko bari hejuru y’abandi bakarangwa no gusuzugura abandi. Bamwe batangura kwerekana ko imico yabo iri hejuru yiy’indi; bifise intumbero yo gukandamiza abo mu yindi mico.

Aho kugira ngo ubudasa bube isoko y'ubukiriro n'umugisha, bamwe bakoresheje ubwoko/ibara nk'igikoresho co gukomeretsa abandi. Ibi ntivyigeze na rimwe biba mu ntumbero y'Imana. Bishavuz cane Mpwemu w'Imana. Imana yanka amacakubiri ayo ariyo yose no gucirana imanza aho biva bikagera.

Tubonye ko umugambi w'Imana ku mibano y'abantu wari ukubana neza mu kuzuzanya hagati y'imigwi itandukanye nk'uko twabibonye mu mubano iri mu Butatu bwera. Ikibabaje n' uko umuntu (imigwi y'abantu) yananiwe kubahiriza uwo mugambi w'Imana ku mibano. Niyo mpamvu Imana ubwayo yinjiye mw' isi yacu iciye muri Yesu kugira ngo iduhuze Nayo ndetse ihuze abantu n'abandi.

Kuvyigarukanako

- Ni ibiki bikubuza kwizera ko ari Umuremvyi asumba bose yakuremye kandi akaba yaranejerejwe n'ico gikorwa yakoze?
- Ni iki cogufasha kubona abantu mutandukanye nk'umugisha udasanzwe aho kubabona nk'ikibazo?

Incamake

- Ubutatu Bwera niko karorero keza gahebuje k'imibano ya bantu.
- Imigwi y'amoko yaremwe n'Imana kugira ngo igaragaze ibice binyuranye vy'imiterere y'icubahiro Cayo.
- Integuro yayo yaruko habaho ubumwe mu budasa, twubahana, kandi duhimbaza itandukaniro ry'imico inyuranye yacu, ariko icaha cinjiye mu mutima w'umuntu gisambura ubwiza bw'Umugambi w'Imana.

2. Ingaruka mbi zo gufatira abantu mukivunga : imizi yo kurura

Gufasha abantu kumva ububi bwo gufatira abantu mukivunga ngo babireke

Iyo abantu babajijwe impamvu hariho amatati afatiye ku migwi (amoko, amadini, ibihugu), abenshi bavuga ayashingiye ku amatongo, kutabona ibintu kimwe, impamvu ziva hanze zitanya abantu (inyungu z'ibihugu bikomeye), politiki mbi n'ibindi. Ico benshi batibaza kandi gikomeye ni ivyiyumviro bibi ku yindi migwi (prejuge-prejudice). Ufatiye ku Burundi ku ntambara zagumye ziba nubwo impamvu nyamukuru ari politiki mbi, yitabiriwe n'urwaruka rwinshi rwari rwibitsemo ivyiyumviro bibi **bifatira mukivunga** ubwoko (hari uwavyise ibitekerano). Iryo vyiyumviro vyari bimeze nk'igisasu gihanvye mukuzimu kirindiriye uwugihonyorako. Mu bihugu nka Kenya, u Rwanda, Sudani y'Efpo, na Congo, ibi vyiyumviro vyarakoreshejwe cane mu guhembera amacakubiri rimwe na rimwe bikagera ku bwicanyi bushingiye ku moko. I Burayi, abantu batinya abimukira b'Abayisumu bibaza ko bose ari intangondwa (idini).

1) **Igisobanuro– Gucira abandi urubanza ubafatira mu kivunga**

Gucira abandi urubanza **gufatira abantu mukivunga** ni ukwiyumvira ibibi ku muntu umufatanyana n'umugwi aturukamwo. Iryo vyiyumviro bishobora gutuma umwima uburenganzira bwiwe, utamwakira, umutinya, canke umukorera ibibi, rimwe na rimwe ntiwumve ko wanakosheje, ivyo vyiyumviro bikunze kugira inkomezi ahantu habaye intambara, bityo amakuru y'inzankano agahererekanwa mu nkuru, mu migani canke mu rwenya. Ni ngombwa ko tumenya ko ivyo vyiyumviro bishobora kuzana akaga.

Ububi bw'ibi vyiyumviro ni uko umuntu ashobora gukora nabi, ibibi vyawe bigashirwa kw'umugwi (ubwoko, idini, igihugu) wose. Naho benshi muri uwo mugwi bagaragarako ikintu kibi, si ngombwa kubishira kuri bose. Hari aho usanga abantu batakimenya gutandukanya **gufatira abantu mukivunga**, n'ukuri. Ibi vyiyumviro bituma dufata umugwi twebwe turimwo tukawushyira heza, uwundi tukawushyira habi (identity by comparison, abandi babyita identity of conflict). Ibi binyuranye n'ico Bibliya ivuga ko dufata ko abandi baturuta (Abifilipi 2:3). Ikindi nuko gucira abantu urubanza ari icaha gikomeye (Matayo 7:1). Ubundi Bibliya itwigisha kugirira abandi ivyo twifuza ko batugirira (Matayo 7:12). Ni nde yifuza ko abandi bamwiyumvirako nabi?

2) **Kugaragaza iyi ngwara yo gucirana imanza dufatira abantu mukivunga**

Nimba turi abanyakuri, twemere ko iyi ngwara iri hose. Muri buri gihugu, usanga hari imigwi yitwa ko iri hejuru, iyindi hasi, hakaba n'uwundi mugwi abandi babona ko ari nta kigenda! Kuri wewe, ibi bikwibukije iki? Hari amazina akujemwo?

Ibitebu tuvuga ku yindi migwi ni ikimenyetso c'ivangura. Hari amazina mabi ahabwa abantu

baturuka mu migwi abasuzuguzi. Mu myaka mike imbere yuko intambara itangura muburundi mu 1993, babanje kwitana amazina avangura moko. Mu bwicanyi bwabaye muri Kenya hari aho abita Abakikuyu ‘Madowadowa’ (udukoko tw’amabara). Muri Sudani y’Epfo, bamwe bashizeho inkuru ivuga ko Aba-Dinka bataremwe n’Imana ahubwo ko satani yacunze Imana yananiwe apfa kurema uko yigombeye! Muri Afrika y’Epfo, abazungu bose biswe ba mpatsibihugu, abirabure bose bitwa ibijuru vy’abanebwe, naho abavanze bitwa ‘ikizira gikomoka ku kurandaranda kw’umuzungu. ’ Ibi ntaho bitari. Abadage no mu bindi bihugu vy’I Burayi, naho muri Amerika abazungu n’abirabura usanga bitana amazina adashobotse.

Mu Burundi imbere y’intambara, buri mugwi wari ufise ibiwuvugwako bibi cane. Ntitwovuga ko vyaheze, hari ibindi vyiyongeyeko ku vyiswe amoko, n’ibihugu abantu bagiye baturukamwo!

Ivangura rimaze igihe kuva isi yaremwe, no muri Bibliya ryabamwo. Yesu nawe yafatiwe mu kivunga kibi cane. Igihe Natanayeli yumva ko ari uw’i Nazareti, yagize ati: ‘Mbega i Nazareti hari iciza cohava? (Yohana 1 :46). Ahandi Umusamariyakazi yamufashe nk’ umwirasi kuko ari Umuyuda kuko Abayuda banenana n’Abasamariya (Yohana 4 :9).

3) Imizi– nihe tuvoma ivyiyumviro bibi bifatira abantu mukivunga kibi?


Wari bwibaze ikigutera kwiyumvira uko wiyumvira no kwitwara uko witwara? Birashoboka ko woba uvangura abantu. vyo woba wabikuye he?

Dufate ishusho y'igiti, yerekana ubuzima bwacu:

Bibiliya ikoresha ishusho y'igiti kugira ngo igaragaze ubuzima bwacu (Zaburi 1:3, 92:12; yesa 61:3b;

Yeremiya 11:16, 17:8). Reka dukoreshe iyo shusho kugira ngo twumve vyisununuye imvo n'imvano (isoko) ry'ivangura n'vyamwa ritanga.

IGITI CY'IMITEKEREREZE



Twese tuvya ku muntu umwe no ku maraso amwe. Turemye mw' ishusho y'Imana. Ivyiyumviro vyacu bishobora kugira uruhara mu vyo twifuza, bishobora kugena amahitamo yacu. Turemwe mu buryo dushobora gukunda no kugirana umubano n'Imana. Ibi vyiza n' iragi dukura kuri Adamu. Imana ishaka ko tumera nk'igiti cera ivyamwa vyiza. Nk'uko twabibonye mu cigwa ca mbere, Imana yadushaka ko kunezererwa abo turibo, kubahana no kunezerezwa n'ubudasa. Ariko Adamu yaracumuye umugambi mwiza w'Imana urapfa ntiwashitswa. Mu kibanza co kwera ivyamwa vyiza, tweze ivyamwa birura. Twisanze dufise imyitwarire ituganisha ku ivangura, urwikekwe ndetse n'urwanko.

Buri giti kigira imizi yaco. Kugira ngo tubashe kumva impamvu twera ivyamwa birura, ni ngombwa ko kuja mu mizi. Imana yari ifise umugambi w'uko iyo mizi yose iba myiza, ikavamwo ivyo ikeneye vyiza mwisi ndimwa nziza. Ariko ku bw'icaha ca Adamu, Bibiliya itubwira ko twarazwe na kamere mbi ya Adamu yihutira kugwa mu bicumuro (Abaroma 5:12-21). Satani yahereye ico gihe afatanyaga na kamere y'umuntu kwonona no guhumanya amasoko yose tuvomamwo. Uko kwononekara kwafashe cane imitekerereze y'umuntu (Itangiriro 6:5).

Dufate akarorero nk'ivangura riba hagati y'imigabane, ibihugu n'amoko. Imigabane (Afrika-Uburayi): abazungu biyumvira ko abirabura ari abanebwe, abasuma n'abanyakavuyo mu gihe abirabura babona abazungu nk'abagome (abantu babi), ba mpatsibihugu (abakoroni) bikunda cane bonyene na ba gateranya. Hagati y'ibihugu bibanye (Rwanda na DRC): Mu gihe abanyekongo biyumvira abanyarwanda nk'abagome b'abicanyi, abanyarwanda bamwe babona abanyekongo nk'abatekamutwe. Tugeze mu moko, twamaze kubona imbere y'intambaraza zabaye mu Burundi uko bamwe bita abandi. Twasanze nko muri Congo Ababembe n'abanyamulenge bibitsemwo ibintu bibi cane bamwe bavuga ku bandi, muri Kenya Abakikuyu na Abaluwo nabo ntivyoroshe.

Iyo mizi y'abasogokoruzi, n'imiryango irerekana abagiye bahanahana ubutumwa bukwiza iyo mitekerereze mibi ifatira abantu mu kivunga.

Ivyo twacyemwo, akarorero nko kwicirwa imiryango, kurenganwa n'abo mu mugwi runaka vyongerera inkomezi iyo mitekerereze mibi ifatira abantu mu kivunga

Umuzi w'ishengero/idini wagiye udutangaza. Twabajije abantu nimba ugufatira abantu mu kivunga wobigira mw'ishengero /idini usengeramwo. Bose bavuze ko iyo mitekerereze mibi ihari cane, ko uyibona mu buryo bwinshi!

Ugufatira abantu mu kivunga vyera ivyamwa bikurikira: urwanko, ubwumvikane buke, urwikekwe, n'ibindi– ni ikinyurane c'ivyamwa vya mpwemu. Iyo ivyo vyiyumviro bikuze cane, bivamo kwigizayo abandi, guharira ivomo umugwi runaka, no kwica ataco usiga;

Gusubira mu vyagezwe 29: 18 havuga ku umururazi uba mu mizi ugatera ivyamwa kurura. Ibi tubibona no mucete candikiwe Abaheburayo 12; 15: 'kandi hatagira umuzi umera ukabahagarika imitima abenshi bagahumana. ' Nta gitangaza ko mwalimu yuzuye amacakubiri yanduza abanyeshuri, umunyepolitiki akanduza abamukurikira, umuvyeyi akanduza abana, umurongozi w'idini nawe akanduza abayoboke.

Iyi mitekerereze ni mibi cane, kuko itera akaga:

Imitekerereze ihinduka imyemerere, imyemerere akagaragarira mu bikorwa; ibikorwa vyasubiwemwo kenshi bihinduka imyitwarire iyo myitwarire niyo igena kazoza kacu kejo.

4) Yesu– nta vangura agira

Reka turabe ikindi giti– umuntu utagira ivangura, m'ubuzima bwiwe bukaba bwera ivyamwa vy'urukundo,

YESU IMIZI IRI MU MANA umunezero, amahoro, kwihangana n'ibindi vyamwa vya mpwemu.



Nta vangura canke urwanko biba muri Yesu kuko yashoye imizi mu Mana yaturemye ikaduha agaciro kangana, kandi

twese itwifuriza ivyiza gusa. Muri Yohana 4, tuhabona Yesu aganira n'Umusamariyakazi. Ibi vyerekana ko we atanena Abasamariya

kandi ko atasuzuguraga abagore nk'uko abandi Bayuda babigenza. Muri Luka 7, Umwami Yesu yakijije umusuku w'Umuroma, nubwo Abaroma bari abansi b'Abayuda. Mu

kiganiro ciwe n'umugore w'Umugiriki wo mu bwoko bw'Abasirofoyinike muri Mariko 7, bigaragara nk'aho Umwami Yesu yamuvanguye. Ico Yesu yari ariko arakora kwari ukugerageza ukwizera kwiwe. Amaze kubona ko afise ukwizera kurata ukw'Abayuda benshi, yaciye amukiriza umwana.

5) Icizere co guhinduka mu gusubiza hamwe muri Yesu


Nubwo dufise urwanko mu mizi yacu, rutuma twera ivyamwa birura, ntabwo bivuga ko dutegerezwa kuguma uko twakabaye. Intumwa Pawulo yandikiye Abaroma (Abaroma 12:2), yavuze ko dutegerezwa guhinduka

Imitekerereze yacu ikaba mishasha (renewal of our mind). Ntidutegerezwa gukurikiza imitekerereze y'umuryango tubamwo, ahubwo dutegerezwa kugira imitekerereze ya Kristo (Abafilipi 2:5; 1 Abakorinto 2:16).

Haracariho ivyizingiro! Yesu aduhamagarira kwinjira muri we, tukemerera Mpwemu yera akaduhindura, buri muni tukagenda turushaho gusa na we. Mu gishushanyo ca gatatu (ku rupapuro rukurikira), tuhabona igiti gito cerekana wewe na nje mu giti kinini arico Yesu. Cerekana ubuzima bwacu muri Yesu. Iyo twemeye kuba ishami ry' igiti ciza dutangura kwera ivyanwa vyiza (Yohana 15:4-5). Imizi yacu ishobora guhumanuka, bityo dushobora kugira imitekerereze n'imyitwarire mishasha.

Akenshi nitwiyumvira ko dutegerezwa guhinduka mu mitekerereze. Dutegerezwa gusuzuma ivyo twiyumvira ku bandi bibi, tukemerera mpwemu yera kuduhumanura no kuduhindura, akatugira bashasha. Dutegerezwa kwakira imitekerereze ya Kristo (2 Abakorinto igice 5:16). Gushorera imizi mu rukundo bizoduhishurira ubunini bw'urukundo rw'Imana (Abefeso 3:14-20; Abakolosayi 2:7). Ibi bituma tugira imitekerereze mishasha iganisha ku mibano myiza ihumanutse.

IHANGA RYERA



Aho kugira ngo twuzure urwanko, dushobora kubaha no guha agaciro iyindi migwi (amoko, uturere, amadini, ibihugu) tudahuje bivyo, ivyo gufatira abantu mu kivunga kandi kibi, tukabisezerera.

Incuro nyinshi, ntidutahura twebwe ubwacu ico kuba muri Kiristo bivuze. Yesu yavuze ko ari umuzabibu, natwe turi amashami yawo. Kwinjira muri Yesu bivuga kubona abo dusanzemwo nk'abavandimwe dusangiye umuryango w'Imana, ariwo Hanga ryera. Muri abo, hari abo duhujye inkomoko, kahise, ibara, igihugu, ariko hari n'abandi tudahuje ivyo vyose, ariko ntibibabujije kuba bene Data.

Uku guhinduka ntiguca kuba uwo mwanya nyene ngo bihere.

Nubwo Pawulo avuga ko iyo umuntu ari muri Kristo vyose biba bibaye bishasha (2 Abakorinto

5:17), ntabwo duca tubona vyose vyahindutse ako kanya kuko benshi bakomeza gushorera imizi imwe mu masoko ya kera (Abaroma 7:22-25). Ukuri ni uko iyo tubaye Abakristo biciye mu kwihana no mu kwizera Yesu, tuba twinjiye mw'Ihanga ryera (Petero wa 1 igice 2:9). Ikibabaje, ibi sivyo twigishwa

mu nsengeru. Twumva twakiriye Yesu, uwo mubano tukawuha inkomezi, ariko abandi dusangiye ukwizera nta mwanya tubatako. Ivy'iri hanga, nivyo tuza kurabira hamwe mw' icigwa gikurikira.

Kuvyigarukanako

Fata umwanya wibaze ku mizi itandukanye hanyuma wishure ibi bibazo:

- Ni ibiki wumvise, wabonye, canke vyakubayeko vyagize uruhara ku mitekerereze no ku mibano yawe n'abandi?
- Hoba hari umururazi mu mizi yawe ? Nimba ari vyo, ni ibihe ivyanwa wera?
- Saba mpwemu yera ahumanure, ahindure imitekerereze yawe aho usanga ugifise umururazi.

Incamake

- **Imitekerereze mibi kw'umugwi ituma ufatira abantu mu kivunga.**
- **Tuvoma iyo mitekerereze mibi ahantu hatandukanye.**
- **gufatira abantu mukivunga bisambura imibano hagati y'imigwi, bitera iryane. kandi ni itanguriro ry'intambara zose n'amacakubiri yose.**

3. Ibituranga bishasha: Ihanga Ryera

Kubona ibituranga bishasha mw’i Ihanga ryera, guha agaciro abo turibo mu Mana kuruta abo turibo muri za kavukire n’imigwi dukomokamwo.

Nubwo amashengero n’amadini ya Gikristo yo muri Afurika ari menshi mu mubiharuro, abantu benshi bayanebagura kubura inkomezi mu guhangana n’irondakoko, ivangura canke amacakubiri ayo ariyo yose. Umuntu yibaza aho vyapfiriye? Igihe kirageze ko amashengero ya Gikristo atahura umugambi w’Imana kuri iki kibazo gikomereye uyu mugabane. Amashengero ya Gikristo yayobewe ico yokoresha ibiranga abantu vy’akavukire cane cane ikibazo c’amoko. Iyo tubaye Abakristo, duca dusabwa kwibagira canke duta kure imigwi tuvamwo? iki cigwa kibereyeho kudufasha kumenya uko tubana n’ibituranga vyose: Ivyava kavukire (natural), na bishasha tubonera muri Kristo.

1) Ivangura mu mashengero

Imana yaturemye mw’ishusho yayo kugira ngo tunezererwe ubumwe mu budasa. Ishaka ko tunezererwa abo tudahuje imigwi dukomokamwo (amako, amabara, igihugu). Amashengero ntaho ataniye n’abo hanze. Hari amashengero menshi ashingiye ku mugwi w’abantu umwe (ubwoko, ibara, aho baturutse). Abadafise inkomoko muri uwo mugwi baribwiriza, bamenya ko batahawe ikaze. Mu bindi bihugu, usanga basenga mu rurimi rwa kavukire (akarorero: Zande, Dinka, Kikuyu, ikibembe...) kandi ari mu gisagara (Juba, Nakuru, Bukavu)! N’aho usanga bahurira hamwe abakomoka mu migwi itandukanye, iyo bagiye gushiraho abarongozzi, iyo utari uwo mu bwoko bumwe n’umurongozi mukuru, ntushobora kurenga urwego rwo hasi ngo uduge. Ukwubakana hagati y’abakomoka mu migwi /amoko atandukanye bikorwa habayeho intambara nyinshi, ahandi bamwe bakabirwanya, rimwe na rimwe bikarangira abari bagiye kubana batandukanye. Mu gihe habaye ubushamirane hagati y’imigwi /amoko mu gihugu, usanga abanyeshengero baja kuruhande rwabo bahuje, aho kugira ngo babe inyishu, amashengero/amadini akaba ikibazo! Ugasanga abo mu mashengero basanga ukuja kuruhande rumwe kwabo ntaco gutwaye! Nk’uko twabibonye mu cigwa ca mbere iyi nyifato mbi inyuranye n’umugambi w’Imana.

Inyishu y’Imana ku kibazo c’amacakubiri mw’ishengero, ni uko abizera Yesu batahura ukuri kw’Ihanga ryera, iryo hanga rigizwe n’abantu Imana ihamagara ibakuye mu bandi, ikabagira igihugu kidasanzwe!

2)Ihanga Ryera- Abantu Imana yatoranije

Mw’ Isezerano rya Kera

Intumbero y’Imana yatanguranye n’Aburahamu. Imana yamuhamagariye kuva mu gihugu ciwe, kuva muri bene wabo no mu nzu ya se, kugira ngo abe itanguriro ry’Ihanga ryera. Iri hanga ryari kuzogirwa n’abantu Imana itoranije, bayikunda kandi bakayubaha, basabwa bakagaragaza akarorero k’imibano myiza Imana ishaka (Itanguriro 12-13). Ibi vyemejwe no mu bugaragwa (Kuva 19:5-6), igihe ubwoko bw’abisilayeri bwava muri Egiputa.

Bibiliya igaragaza ko umugambi w’Imana wari uko ubwoko bw’abisirayeri bwatoranirijwe kuba umugisha ku yandi mahanga yose. Akarorero, muri Yesaya 51:4 haravuga ngo: ‘Bwoko bwanje munyumve, hanga ryanje muntege amatwi kuko ari jewe itegeko rizoturukako, kandi nzoshiraho amategeko yanje abe umuco w’amahanga. ’ Yesaya 42:6 na 49:6, harimwo ubuhanuzi kuri Mesiya nabwo bwemeza uwo mugambi w’Imana ko wategerezwa guhera kuri Isirayeri ukagera ku mahanga yose.

Mw’ Isezerano Rishasha

Nkuko tubisoma Petero arandika ati: ‘Muri ubwoko bwatoranyijwe, muri abaherezi b’ubwami, muri ihanga ryera (I Petero 2:9). Aya majambo Petero yayanditse asubiramwo mu majambo yavuzwe mu Kuvayo 19:5-6. Muri iki gice yabwira abizera bo mu mahanga menshi atandukanye (1 Petero 1:1). Abizera Yesu bose baturuka ahantu hose bagize ‘umubiri wa Kristo. Nibo bagize ishengero, ihanga ryera, ubwoko bw’Imana. Mu buryo bwa mpwemu, twese turi abana b’Aburahamu (Abigalatiya 3:28-29; Abaroma 4:16).

Mu rupfu rwiwe, Umwami Yesu yakuyeho uruhome rwadutandukanya Abayuda n’abanyamahanga. Pawulo atwereka ko igikorwa Yesu yakoze ku musaraba cari gifise intumbero yo gukuraho amacakubiri ashingiye ku moko, agakuraho igihome c’ubwansi, akaturemamwo umuntu mushasha (Abanyefeso 2:14-22). Kuva mu Bisirayeli no mu Banyamahanga bizeye Yesu, Imana yaturemyemwo Ihanga ryera.

Umuryango wa Pawulo (Ababenyamini), amashuri yize, ikibanza gikomeye mu burongozi bw’idini vyatumye afatwa nk’umuntu w’igitangaza. Ariko mu abifilipi 3:4-11 yavuze ko ivyo yabihinduye ubusa kubwo kuronka ikintu c’agaciro, arico kwizera Kristo. Ntivyatumye Pawulo atakaza umuryango n’igisekuruza ciwe, ntivyatumye amashuri yiwe avaho, ntivyatumye atakaza ubufarisayo bwiwe. Icahindutse ni uko ivyo atari vyo yashira imbere. Pawulo yabonye ko igifise agaciro ari ukumenya Kristo (primary identity).

Ni gute Ishengero ryahushije ibi? Twabonye mu gice ca nyuma y’icigwa ca 2, ko kwinjira muri Yesu, ari no kwinjira mw’ Ihanga ryera, aho bose bakundana kandi bakubahana. Inzira imwe ishobora kugaragaza ko dukunda Imana, ni ugukunda bene Data, tutitaye ku bwoko, umuryango canke igihugu bavamwo (1Yohana 4:19-21). Ntituraba ku muntu duhurije ku ibisekuruza (2 Abikorinto 5:16-19). Tuba abubatsi b’amahoro, tukaba abaserukira Ihanga ryera, tukerekana ingeso z’Ubwami bw’Imana. Nk’abakomoka kuri Aburahamu, tubereyeho kumurikira amahanga (abatarizera Yesu vy’ukuri aho dutuye).

Iyo tugiranye imibano myiza Imana itwifuzako, tuba twerekana inyishu Imana ifitiye isi imaze kwizizirwa n’amacakubiri. Satani yatwivye igice gikomeye c’ubutumwa bwiza.

Ibi biraba buri mugwi

Iri hanga ryera ni umuryango udasanze ugizwe n’abantu bakunda Imana bava mu moko yose (Ivyahishuriwe yohana 5 :9-10). Ni ihanga mpuza-mahanga, mpuza-moko, mpuza-mico n’indimi. Imico itandukanye iraserukiwe, buri mugwi w’abantu uzana umwihariko wawo (Ivyahishuriwe yohana 21 :24-27)

Ntabwo duta umwihariko wacu iyo twinjiye mw'ihanga ryera, ahubwo ivyacu vyinjizwa mu vyayandi mahanga, bigahabwa agaciro kavyo kandi bikubahirizwa.

Dr Rhiannon yerekana agakino yambaye agakoti gato kanditseko ibendera ry'aba Galua. Iryo bendera ni rinini kandi riri hafi y'umutima. Ivyo vyerekana uburyo yafata ubwoko bwiwe nk'ikigirwamana. Ashingiye ku vyanditswe muri I Petero 2 :9, asobanura uko Imana ishaka kutwambura ako gakoti, gasobanura gushira hejuru umugwi (ubwoko) tuvamwo. Arakambura akambara ikanzu ndende nziza iriho amabendera menshi mato, ari hasi. Ibi bisobanurwa ko ubwoko butakidutwara, ngo butubere ikigirwamana. Muri ayo mabendera harimwo akabendera k'Abagalua kari iruhande rw'akandi k'Abongereza, aribwo bwoko yanka.

Iyo twinjiye mw'Ihanga ryera ntidutakaza ko turi Abarundi, iyo turi mu bindi bihugu aho amoko azwi ari, dutahuza abantu ko no kuba mu moko yabo ntaco bitwaye Imana, ikibazo ni ukuyashira hejuru ukumva ko akubereye ikintu gikomeye ca mbere. Mu Burundi, nta moko nyakuri dufise, ariko kandi kahise kagiye gashira abantu mu vyiswe 'amoko' ntibibuza ko bamwe biyumvamwo ayo moko cane kurusha kwiyumvamwo ko ari abo mw'Ihanga ryera. Ibi vyabaye intandaro y'amatati menshi mu mashengero.

Buri wese afise agaciro kangana n'akuwundi

Twabonye mu cigwa cambere ko Imana yaturemye ku buryo atawuruta uwundi. Ihanga ryera niho icifuzo c'imibanire Imana ishaka gishirwa mu bikorwa. Mw'Ihanga ryera ntawuruta uwundi. Ntawuhangana n'uwundi. Ntawukanga uwundi. Aha hari ikibanza ca buri wese. Mw'Ihanga ryera amacakubiri ateshwa agaciro, kunezerezwa n'ubudasa bihabwa agaciro. Ihanga Ryera rya mbere (Isirayeli) ryari rifise igikorwa co kwereka ayandi mahanga uko Imana ishaka ko tubaho, uko ishaka ko tubana. Uyu muni, ni twebwe shengero, Ihanga ryera muri iki gihe, dufise igikorwa co kwerekana imibano myiza mu gihugu, cane cane mu bihugu vy'Afurika bikunze kurangwa n'iryane n'amacakubiri.

Uko Isirayeli, Ihanga ryera rya mbere, ryasa n'ishengero ariryo hanga ryera mw'Isezerano rishasha ni nako ishengero ryubu ari igitutu ca Yerusalemu nshasha!

3) Ni iki gihindurwa gishasha (gicungurwa) mw'Ihanga ryera?

Hari ivyinshi twovuga kw'ijambo gucungura, turibanda ku bintu bigirwa bishasha iyo twinjiye mw'Ihanga ryera.

Ibituranga bishasha (bihinduwe bishasha)

Kugira ibikuranga unezererwa ni kimwe mu vyankenerwa shingiro. Umuntu akenera kumenya uwo ariwe mu mwihariko w'ibimuranga, kugira ngo ashobore kubana n'abandi. Duhabwa amakuru y'ibituranga tuyakuye mu muryango, aho twize, idini no mu gihugu. Uko twumva ibituranga nuko tuyakira birahindagurika bitewe n'ivyo tugenda ducamwo. Mu gihe Abanyaburayi bakunze gufata umuntu ku giti ciwe (individual), bakamwitirira ivyo akora (dogiteri, mwalimu, umushakashatsi...), Abanyafrika bakunze kurabira umuntu mu mugwi avamwo: Umuryango, ubwoko, akarere...Iyo habaye ikibazo mu gihugu gituma umugwi avamwo bawugirira umugayo, bishobora gutera abawurimwo kugendana ipfunwe, bamwe bikabatera kwiyanka.

Muri Kristo ibituranga vyose bihindurwa bishasha. Duhabwa ibituranga bishasha nk'abahungu n'abakobwa b'Imana, tukinjizwa mu muryango wayo (Abaroma 8 :14-17, 29; Abigalatiya 4 :6-7; Abaheburayo 2 :11-12). Twishimira ko Yesu yikoreye ipfunwe (isoni) zacu ku musaraba. Aho kuremerwa n'ibituranga bidutera isoni, no kumva twanswe, twakira kwemerwa kuko Umwami Yesu yatanze ikimazi kugira ngo aducungure. Muri Kristo, dushobora kugenda twemye, tukiyumva ko turi abikimazi.

Ubwoko buhinduwe bushasha (bwacunguwe)

Ubwoko bugize igice kinini c'ibituranga. Ku bantu benshi baba mu bihugu vyabayemwo intambara zishingiye ku moko, aho usanga ubwoko bwarahindutse intandaro y'akaga n'ibikomere. Iyo dufashe ibihugu nka congo, Sudani y'Epfo na Kenya, hari abantu bakomerekeye mu moko yabo. Mu Burundi ibikomere bishingiye ku bwicanyi vyatumye hari abisanga mu mugwi wahemutse (perpetrator) canke wahemukiwe (victim). Aho wokwishira hose, uharurwa nk'inkozi y'ikibi. Abavuka ku bavyeyi badahuje ubwoko bo barakomereka kurusha.

Imana ishaka ko twishimira amoko (aho ari) /imigwi tuvamwo, kuko ari igice kinini kigize ibituranga. Kuba mw ihanga ryera ntibikuraho ko dukomoka mu migwi tuvamwo. Iyo tugeze mw'Ihanga ryera, amoko arahindurwa (agakurwamwo ibibi vyose). Dukwiye kwemera abo turibo. Dukwiye kandi kwinjira mu mugambi (umuhamagaro) w'Imana ku moko tuvamwo. Ivyahishuriwe yohana 22 :2 hatubwira ko 'amababi y'ivyo biti ari umuti uvura amahanga (ethnos).'

Intumbero y'Imana ni ugukiza amoko, si ukuyakuraho. Buri bwoko bufise impamvu Imana yaburemye, bufise uko bwisangije mu kugaragaza kamere y'Imana abandi badafise. Satani yama ashaka kwonona umugambi w'Imana. Aho kugira ngo amoko abe umugisha yahindutse isoko y'akaga. Twemerere Imana guhumanura imigwi/amoko tuvamwo, dusobanukirwe umugambi w'Imana ku mugwi/ubwoko tuvamwo, maze dusabe Imana idufashe kuwugenderamwo kugira ngo tuyiheshe icubahiro.

Umuco uhinduwe mushasha (wacunguwe)

Umugambi w'Imana wari uko Ihanga ryera rihuza imico itandukanye, kandi buri muco ugahabwa ikibanza. Buri muco wategerezwa kuzana ivyiza vyawo mw'ihanga ryera. Mu gihe caheze, Abazungu bashatse kumvikanisha ko umuco wabo ariwo Imana yemera, ko kuba Umukristo utegerezwa no kureka umuco wawe ugafata uwabo, ko imico y'Abanyafrika yuzuyemwo abadayimoni. Muri iyi minsi, birashimishije ko benshi batanguye gutahura ko umuco wose ushobora gukoreshwa mu guhesha Imana icubahiro.

Ntitwirengangiza ko Satani yagiye aranduza imico yacu nkuko yagiye aronona n'ibindi vyose. Mw'ihanga ryera, dusaba Imana kudufasha gucagura ivyiza gusa. Muri Yereimiya 12 : 15, Imana yatanze isezerano : 'Nzongera mbagirire ikigongwe, umuntu wese asubire mw'ishamvu ryiwe.' Dukwiye gufata akanya tugacagura ivyo mu muco wacu bihuye n'ijambo ry'Imana akaba arivyo tuzana mw'ihanga ryera. Akarorero : kuraguza, guterekera, guharika n'ibindi vyemerwa mu muco ariko ntitwobizana mw'ihanga ryera, ahubwo tubisiga ku musaraba (Ivyahishuriwe yohana 21 :26-27). Ico tuzirikana kandi twibukanya, ni uko ubwoko bwawe budategerezwa kuruta ubukristo (kuba mw'ihanga ryera).

4) Ingorane ziterwa no kudasobunukirwa ukuri kw' ihanga ryera

Nimba tutumva icyumviro c'Imana ku mibano ikwiye nk'iyoy twavuze mw'ihanga ryera, tuba turaba hafi. Dutwarwa n'amoko yacu bigatuma atugira abagurano. Ibi bikurikira bishobora kutubako :

- Tubandanya kwibera mu biranga amoko yacu birimwo ibikomere, kwishira hejuru, canke ipfunwe aho kugaragaza imibano mishasha yo mw'ihanga ryera irangwa n'urukundo, kubahana, no kwemerana mu budasa. Yesaya 54 :2 haduhamagarira kuva mu mbobane, tukaguka (bivuze kwakira n'abandi).
- Twishimira umugwi tuvamwo, tukanibaza ko ariwo mwiza kurusha iyindi. Dushaka kwishira hejuru y'abandi.
- Tuba impumyi, tukananirwa kubona ibibi biri mu mugwi tuvamwo (hanyuma tukabishigikira canke tukabironderera insiguro), ntitunzezereza n'ivyiza vy'iyindi migwi.
- Turata inzira ntidusobanukirwe Ivyanditswe vyera. Dutangura kubikoresha mu gushigikira ibibi vy'abacu (Hari abakoresheje Ijambo ry'Imana gushigikira ubugurano, ivangura-ruhu muri Afrika y'Epfo n'ubwicanye bwa baye mu Burundi
- Nimba twarakuriye mu mugwi wakandamijwe, (warenganijwe) dushobora guhura n'ingaruka imwe muri izi zikurikira:
 - Kwisuzugura. Ibi vyerekanwa no kwiburira icizere no kunanirwa kwironderera inyishu no kwiyumvira gukora bishasha. Ibi vyotuma abantu bumva ko ivyabo vyaheze, ko abo mu'mugwi wabo bazokwama bari hasi, inyuma y'abandi.
 - Kwikuzza: Hari abanka kwisuzuguzza bakagaragaza inkomezi zidasanzwe bashaka kwemerwa ku nguvu. Abo bavuga ko bashaka kuringanira n'abandi.
 - Kwisanga twabaye abakandamiza abandi: Hatabayeho ubuntu bw'Imana, abantu bakandamijwe cane, bashobora kugwa mu mutego wo gusubiriza munkoko abandi nk'ivyo bagiriwe.

5) Kuba uw'ihanga ryera bizana kubohoka gushasha

Kugeza ubu ibihumbi vy'Abakristo bakiriye kubohoka biciye mu gusobanukirwa no kwakira ibituranga vyo mw'ihanga ryera. Bagize ubufatanye n'abo babona ko ari abansi, bakerekana imibano myiza cane aho baba. Aho kugira amacakubiri, urwikekwe, kutizerana, urwanko, ubusumbane, bakaba umwe, bagatangura kubahana, kwemerana no kunezeranwa mu budasa nk'uko umugambi w'Imana wari umeze kuva kera hose.

Kuvyigarukanako

- Ni ibiki vyo mu muco wawe bikwiriye guhindugwa bigakoreshwa mu guhimbaza Imana?
- Ni ibihe biboneka mu muco wanyu bidahuye n'ijambo ry'Imana?
(Akarorero: kwishira hejuru, kwisuzugura, kugaya abandi,)
- vyosa gute Abakristo bose bo mu gihugu cawe batanguye kugaragaza imibano myiza yo mw'ihanga ryera?
- N' iki wokora kugira ngo ibi bishikweko?

Incamake

- Mu bituranga, ubwoko tubamwo bwagiye butubera umutwaro uturemereye. Bukeneye guhindurwa, bugahumanurwa.
- Mw'ihanga ryera niho dushobora kwakira ibituranga nyavyo, bidukwiye.
- Muri Kristo, twese tunganya agaciro, dushobora kwemerana, tukanuzuzanya, nubwo tuva mu moko atandukanye.

4. Ishengero rizana impinduka

Nk'uko Imana yipfuzaga ko Ishengero riba umurinzira w'igihugu (1 Timoteyo 3:15), abantu bashira amakosa kw'ishengero/amadini iyo ibintu bigenze nabi. Ubundi ishengero/amadini nayo avugaga ko ibibazo vy'igihugu birabwira n'abarongozi ba politiki, bityo ko ataribo babibazwira. Twizera ko Ishengero (aha turavugaga abizera Umwami Yesu bese) ariryo Imana ikoresha mu kuzana ugukira kw'igihugu. Ishengero ryakize kandi rikanasubiza hamwe n'iryo ritahura ndetse rikakira umugambi w'Imana kuri ryo. Nubwo Ishengero ryagaragajwe intege nke bikomeye mu gihugu, riracari ivyizigiro vyo gukira kw'igihugu ico arico cose.

1) Umugambi w'Imana kw'ishengero

Imana ifise integuro yanyegejwe uherye kera n'ibihe vyose, ariko none ikaba yarayihishuriye abera bayo iryo banga. Iryo banga nta rindi: 'ni Kristo muri twebwira,' arivyo vyizigiro vy'ubwira. Pawulo yaranditse: 'Niwe twamamaza tubarira umuntu wese, twigisha ubwenge bwose kugira ngo twereke Imana umuntu wese, amaze gutunganirizwa rwose muri Kristo' (Abikolosayi 1:26-28). Ugushyamba kw'Imana nuko Ishengero rigaragarira abakomeye n'aboroheje, abo mw'isi igaragara no mw'isi y'impwemu ko muri Kristo, ariho turonkera inyishu z'ibibazo vyose isi ifise (Abanyefeso 3:8-11). Umwami Yesu yaje mw'isi ngo acungure isi, yerekane umutima w'Imana. Yamaze igihe kigufi mw'isi, munyuma aya mw'ijuru, asigira Ishengero igikorwa co kwerekana ubwenge, imiterere, imico, n'intumbero y'Imana.

Ijambo ry'Imana rigereranya abizera nk'amabuye, nayo Ishengero rikaba inzu. Ishengero ni aho Imana iba (Abanyefeso 2:21-22). Yesu ntakiri mw'isi, ariko impwemu y'Imana iba mw'Ishengero kugira ngo irikorere mu. Nico gituma twemera ko Ishengero ariryo Imana ikoreramwo mu kuzanira igihugu agakiza no gukizwa ibikomere. Twebwira abizera Kristo, nitwe dutegerezwa guhishura ubwira bw'Imana mw'isi.

Abana b'Imana bategerezwa kuba umunyu n'umuco w'isi

Umwami Yesu yaravuze ati: 'Ndi umuco w'isi' (Yohana 8:12), ariko mu butumwa bwiza bwanditswe na Matayo 5:14-16, yagize ati: 'Muri umuco w'isi.' Iyo Yesu abaye mu bantu, baba imuri zimurikira abandi (Abafilipi 2:14-16). Urumuri rwirukana umwijima. Umwijima n'umuco ntibishobora kubangikana.

Ni gute twoba urumuri rukuraho umwijima?


Kugira ngo dutandukane n'umwijima, dutegerezwa kubanza guhinduka tukaba bashasha mu vyiyumviro vyacu (Abaroma 12:2). Ntidukwiye kugira imico nk'iy'abandi irimwo ivangura, urwanko, kutizera abandi, gushigikira akarenganyo, n'ibindi. Ahubwo dukwiye kugira umutima nk'uwari muri Kristo, tukiga kwiyumvira no kubona ibintu kimwe n'Imana. Ivyo vyiyumviro bihindutse, imico n'ibikorwa birahinduka.

Duhereye kuyo munyu, buzima busanzwe vyodufasha kubona ico Abizera Yesu bahamagarirwa gukora. Iyo tubajije abantu akamaro k'umunyu, batanga inyishu zikurikira: urutura ibikomere, ukomeza amagupfa, ukinga kubora, utera inyota, uryosha ivyokurya,... Tubigarukanye mu vyo abanyeshengero bategerezwa gukora, ibi nivyo dusabwa gukora:

- Duterezwa kurinda isi kubandanya kwononekara, tukagaragaza inyifato Imana inezererwa.
- Dutegerezwa guhindura abo tubamwo, tubabera akarorero mu mico n'ibikorwa vyiza.
- Dutegerezwa kurema inyota mu bandi yo gukunda Imana no kugororoka.
- Dutegerezwa guha isi uburyohe, bigatuma ubuzima bugira insiguro (meaning).
- Nk'uko Yesu adusabira, dutegerezwa gusengera imiryango n'igihugu.
- Dufasha abafise ibikomere gukora, tukaba abubatsi b'amahoro.
- Ishengero ritegerezwa kugaragaza ibitagenda neza n'akarenganyo mu gihugu (mu nzira itekanye) kandi rigashira kure, rigaca intege/rikarwanya ikibi.

Ishengero *nk'ijwi ry'ubuhanuzi*

'Kera Imana yavuganiye na ba sogokuru mu kanwa k'abahanuzi mu bihe vyinshi no mu buryo bwinshi, naho muri iyi minsi y'imperuka yavuganiye natwe mu kanwa k'Umwana wayo, uwo yashizeho kuba samuragwa wa vyose ari we yaremeseje isi' (Abaheburayo 1:1-2). Uko vyagenda



mw'Isezerano rya kera, Imana yabona ikibi, ikavugana n'umuhanuzi, nawe akakibwira Umwami wa nyagihugu.

Mu Banyefeso 3:10: '... kugira ngo muri iki gihe abatware n'abafise ubushobozi bwo mw'ijuru mu buryo bw'impwemu, bamenyeshwe n'Ishengero ubwenge bw'Imana bw'uburyo bwinshi...' Ibi vyerekana ko mw'Isezerano rishasha, Imana yahaye Ishengero igikorwa co kugaragaza

umutima wayo. Abahanuzi, n'abaherezi, rimwe na rimwe abami n'abanyagihugu bari mw'ishengero kandi Kristo niwe mutwe w'Ishengero (Abanyefeso 5:23). Mu yandi majambo Ishengero ni umuhanuzi n'umuherezi w'igihugu.

Ugushaka kw'Imana ni uko ishengero ryereka igihugu ubuzima, imibereho, imibano Imana ishaka. Ibi vyokorwa mu kuba akarorero, uko abanyeshengero babayeho, uko bakora, n'uburyo babana.

Iyo ishengero rihagaze neza, biriha inkomezi zo kwerekana ibitagenda neza, no gutanga impanuro y'ibikwiriye gukorwa. Niko kuba ijwi rivugira igihugu.

2) Umugambi wa Satani

Mu Bihugu vyinshi aharangwa amatati (intambara) ashingiye ku migwi /amoko, Ishengero ryagiye rinanirwa kuba inyishu. Bamwe bavyivangamwo, abandi bakagaragaza ko batabirimwo, bagakoresha ivugo yo kwikurayo bavuga ko ikibaraje ishingira ari ukuja mw'ijuru. Ahandi usanga no mu mashengero imbere hamamwo intambara, ibihari, n'ibindi vyaha.

Satani yama ashaka kuzimya urumuri rw'Ishengero. Uburyo akoresha ni ukwanduza ishengero, no kuritesha agaciro, arisiga kuvugwa nabi. Satani ashaka ko hatagaragara itandukaniro hagati y'abanyeshengero n'abandi, bityo Ishengero rikabura ijamba, ntiribe ryozana impinduka mu gihugu.

Satani akoresha uburyo butandukanye mu bihugu bitandukanye, ariko intumbero afise nimwe. Mu Bihugu vyabayemwo inryane, aho kugira ngo Ishengero ribe umuhuza, usanga abarongozi n'abanyeshengero nabo baguye mu mutego w'amacakubiri n'inzankano. I Burayi, usanga abantu baratakaje kwizera Imana ikora ibitangaza kuko ibintu vyose bihagaze ku bwenge bw'isi. Icotuma Ishengero rigira inkomezi zo guhindura aho rikorera n'uko rigirana ubucuti n'Imana (connection), bityo ubuzima buturuka ku Mana bukaribonekamwo.

akarorero twotanga n'itara ryo mu nzu (rikoreshwa n'umuyagankuba). Kugira ngo ryake, ritegerezwa kuba rihujwe n'isoko y'umuyagankuba biciye muntsinga. Ntirishobora gutanga umuco ubwaryo. Ushaka wogura amatara y'amabara atandukanye kandi meza (twogereranya n'amadini) ariko igituma atanga umuco, ni uguhuzwa n'isoko y'umuyagankuba. Satani akoresha uburyo bwose kugirango atandukanye Ishengero n'isoko y'ubuzima canke Imana ubwayo, kugira ngo ntirigire inkomezi zihindura abandi.

3) Imana iracafitiye icizere Ishengero ryayo

Ni abigishwa bameze bate Yesu yiyeretse amaze kuzuka? Ugira ngo bari abanyenkomezi batsinze urugamba? Oya, wari umugwi w'abantu bacitse intege, buzuye ubwoba, batakaje intumbero. Yesu akimara kubabonekera, ntiyababwiye nabi agira ati 'ngo ntaco mumaze, nabatayeko imyaka itatu yose none raba ivyo munsubije!' Ahubwo yateye intege ati: 'amahoro abe muri mwebwe. Nk'uko Data yantumye, na nje niko mbatumye (Yohana 20 :21). Akora ibi yerekana ko Imana itahinduye umugambi wayo. Imana iracafitiye icizere Ishengero ryayo, nico catumye ibahumekeremwo impwemu yayo. Mu nyuma, yaje kubabatiza muri mpwemu yera. Uyu mugwi w'abantu batari bafise inkomezi niwo waje guhindura isi!

- Imana yamana ivyizingiro mu gihe cose. Niyo mpamvu twategerezwa kugira ivyizingiro naho ibintu vyoba bigeze habi cane (Abaroma 15:13).
- Kristo ari muri wewe no mw'ishengero ni ivyizingiro vy'uko ubwiza bw'Imana bukigaragara aho ubaye (Abakorosayi 1:27)!
- Kuki Imana igifitiye icizere ishengero? Ni uko Kristo yarangije vyose ku musaraba. Ikibazo icari co cose, Yesu yagitangiye inyishu. Imana yari izi ko igikorwa Yesu yakoreye ku musaraba cari gikwiye kugira ngo abantu bongere kugaruka ku mugambi wayo mwiza cane (Abaheburayo 2:10).

- Imana yasezeraniye ishengero ko ritazotsindwa burundu (Matayo 16:18).

Imana iba ifise abo yisigarije mu bihe vyose batemeranya n'ikibi (Nowa, canke abantu 7,000 mu bihe vya Eliya). Imana ihera kuri abo bagororotse, ikongera ikagura umuryango w'abizera. Ntitwobura gushimira intwari zo kwizera zagiye ziboneka muri kahise k'isi. Mugihe c'intambara n'ubwicanyi mu Burundi, nubwo benshi mu banyeshengero bagiye bifatanyaga n'abanyakibi, ntitwobura gushimira n'intwari zo kwizera zagize umutima wo gutabara, gufasha abahigwa, zibitewe no kwanka guhemukira Imana no kunyuranya nivyo Ijambo ry'Imana ryigisha. Bamwe bahasize ubuzima bwabo!

Imana irihangana, ntizigera na rimwe ireka ishengero ryayo. Ni iyo kwizerwa kandi ishobora gushitsa igikorwa yatanguye muri twebwe (Abafilipi 1 :6). Inezererwa ishengero ryayo (Zefaniya 3:17). Ibi ni vyo itubwira:

- 'Muri umuco w'isi!'
- 'Muri ivyizingiro vy'igihugu canyu!'
- 'Ndabafitiye icizere!'

Icigwa ca 15 cobaha ivyiyumviro vy'ukuntu ishengero ryakize ibikomere rishobora guhindura abandi. Mu vyigwa bikurikira, turabandanya gutahura uko Imana ishobora gukiza Ishengero.

Kuvyigarukanako

- Fata akanya ko kwakira ivyizingiro vy' Imana bigufasha kwizera ko hari ivyiza biri imbere.
- Reka Imana igukomeze, iguhishurire ko igiye gukiza (gusomora) no kuzana impinduka nziza ikoresheje abantu bayo!
- Ni ibihe bimenyetso bikwereka ko ishengero rikwiye kubanza gukira imbere yuko rihindura abandi?

Incamake

- Umugambi w'Imana kw'ishengero ni ukuba umugende wo gukiza kw'igihugu no kugifasha gusubira mu mugambi wayo.
- Satani arwanya umugambi w'Imana, ariko Imana iracafitiye icizere ishengero.
- Imbere y'uko ishengero riba umugende wo gukiza, ritegerezwa gukiza amacakubiri n'ibikomere vyo mu mutima.

5. Imibabaro y' abantu, n'Imana y' urukundo

Kugirira icizere Imana : itarenganya, idatoranya ku butoni, yuzuye urukundo hagati mu makuba yacu, no guhishurirwa ko Imana atari yo soko y'icaha, akarenganyo, n'imibabaro yacu

Imbere y'uko abantu baza ku Mana ngo ibakize ibikomere, bakeneye kumenya ko Imana atari yo soko y' imibabaro yabo. Mu bihugu vyinshi vy' Afurika aho abantu bemera ko ibiba vyose vyateguwe kera, ko ataco ushobora kubihindurako (fatalism), abenshi barega Imana ko ataco yitaho. Kenshi, Imana yitirirwa ikibi cose cabaye. Abandi bakavuga ko imibabaro yose iterwa n'uko tugomba kwikorera umusaraba, bikamera nkaho tugomba kuyishimira. Aha tugomba kwitonda kuko kwikorera umusaraba umuntu abihitamwo, aba afise n'uburenganzira bwo kwanka !

Iki cigwa gifasha benshi kugaragaza ugushidikanya canke uburakari baba bunyegeje mu mutima, benshi bakongera kubona ko Imana yari kumwe nabo no mibabaro no mu kaga. Guhishurirwa ibi vyorohera benshi guhereza Imana umubabaro wabo.

1) Ingaruka z'imibabaro ku mibano yacu n'Imana

Iyo abantu bahuye n'ibintu bibababaza, bashobora kwibaza ibibazo mu mitima : vyukuri, Imana irankunda ? Nimba Inkunda kuki ireka ibibi bikambako ? ', 'mbega yoba irwanya umugwi (ubwoko) nkomokamwo ? ' Dushobora kuririmba indirimbo zivuga ko Imana ari urukundo kandi ari nziza, igira neza, ariko mu mitima twiyumvira ibinyuranye n'ivyo. N'ubwo iminwa yacu iririmba, imitima yacu iba ihoze canke inashavuye, yamara tugira ubwoba bwo kuvuga ko dufise ugukekeranya ku Mana, dutinya ko batwita abanyantege nke, bakatwihanisha, canke tugatinya ko Imana yoduhagurukira ikatumara.

Iyo tudashoboye kugaragaza vya bibazo, bwa burakari na kwa gukekeranya kwo mu mutima, bituma twambara 'mask' (kwishushanya) kugira ngo twerekane ko vyose bigenda neza, nubwo imbere hari umubabaro mwinshi. Ibi bituma umuntu yigunga, akaba mw'isi ya wenyene imbere mu mutima. Iyi ntambara yo mu mutima ituma umuntu amererwa nabi, n'uwotubaza, tumubwira ko ata kibazo dufise. Iyo uravye usanga abantu benshi b'Imana muri Bibliya barabaye muri izi ntambara zo mu mutima no kwibaza vyinshi. Soma Zaburi 22 :1 ; 74 :1,10-11 ; Habakuki 1 :2.

Abantu bose kw'isi, bagerageza kumva impamvu (meaning) y'imibabaro, bagerageza kubihuza n'ivyo bigishwa ko Imana ari nziza kandi ko idukunda. Muri uku kwibaza, abantu bagira ivyiyumviro n'inyifato bitandukanye. Hari abavuga ngo, ' nta kundi nivyo twandikiwe, akaje karemerwa. ' Abandi babishira muri npwemu bagashaka gusobanura ibintu vyose babirabisha ku Mana, barananirwa bakagwa mu kwihebura. Ariko ahanini, nk'ingaruka zo gukuraho imibabaro no kurenganwa, imitima yacu ishobora gutangura kwagiriza Imana, 'Yateguye ibi vyose, ni ugushaka kwayo ? Nimba itabiteguye, kuki yabiretse bikadushikako ? Mu vy'ukuri, nimba yaradukunda iba yarabihagaritse ntibibe. ' Tuzunguruka mu mwijima wo kwibaza ivyo tutabonera inyishu, bityo umubabaro ukarushaho kwiyongera.

Hari ukuntu twumva ko ari igikorwa c'Imana korosha ubuzima no kuturinda imihangayiko n'ibitubabaza. Iyo akaga kadushitseko twumva Imana yaduhevye, yadutereranye. Mw'ibanga ry'umutima dutangura gushira ibirego ku Mana, twemeza ko itita ku mibabaro yacu.

Ahanini usanga ibi tutabivuga. Tugerageza kwitwara nk'Abakristo beza cane b'abanyempwemu. Hari aho dusoma muri Yeremiya 31 :3 ko Imana yadukunze kera bituma itwiyegereza. Uwibereye mu gihe co kwibaza ku Mana hari igihe wiyumvira mu mutima : 'Hatagira umpatira kwemera ko iki canditswe, mfise ibimenyetso bifadika binyereka ibitandukanye n'ivyo ! ' Uwuri mu kaga, ashobora kwibaza ko Imana ariyo yateguye ikanashira mu bikorwa ibibi vyamubayeko, n'imibabaro yiwe. Ishengero rikwiye kuba ikibanza, aho ufise ugukekeranya Imana, ubwoba, ukwihebura, n'uburakari mu mutima ashobora kwisanzura akabigaragaza, naho atohabonera inyishu. Twibuke ko tutazosobanukirwa vyose tukiri muri ubu buzima. Mbega, uwibaza ivyo, ugira ngo hari inyishu aba akeneye ? Akenshi aba akeneye uwomwumviriza atamuciriye urubanza.

2) Ibirego vyihishije bishobora kuba mu mitima yacu

- a. Imana itoranya ku butoni. Hari abo ikunda kurusha abandi.**
- b. Imana ni ingome. (Ikora ikibi) Ni yo Nyinabayazane w'imibabaro yacu. Bishobora kuba ari ukugomba kwayo. Iraturwanya kandi inezezwa no kubabazwa kwacu.**
- c. Imana si inyenkomezi, yibereye kure. Ntihagarika abagizi ba nabi. Satani ashobora kuba ayirusha inkomezi.**
- d. Imana ntigira impuhwe, ntaco biyibwiye iyo inzirakarengane zibabazwa.**

Ibi vyoba vyarakubayeko, aho wigeze kugira ibirego ushira ku Mana? Ibi birego vyatewe n'umubabaro, vyaturutse mu mutima ukomeretse. Niyo mpamvu uwubifise atagereranywa n'umuntu ariko arironderera ubumenyi ku Mana (theological responses), akeneye inyishu zigera no mu mutima. Inyishu y'ibi bibazo, biva mu guhishurirwa na mpwemu yera, idufasha gusobanukirwa imiterere/kamere y'Imana.

Dukeneye kwemererwa gushira ahabona ivyo bibazo n'uko gukekeranya, tugasuka akababaro kacu mu mutima w'Imana. Mu vyigwa biri imbere uziga ibirenze ibi uko uwakomeretse yokira. Muri iki cigwa, twemeza ko kuronderera inyishu (ukuri kwa Bibliya) ibi bibazo bifasha uwakomeretse.

3) Ibi nivyo Bibiliya ivuga vyo dufasha

- a. Imana Iragororotse kandi yanka ikibi**

Imirongo yo muri Bibliya iravyemeza neza. 'Ico Gitandara, igikorwa ciwe ni agahore, inzira ziwe zose ziragororotse. Ni Imana yo kwizigirwa itarimwo kugabitanya, iroranya kandi ni inyakuri (Gusubira mu vyagezwe 32:4).

'Ivyo muzoza murakora ni ibi: umuntu wese azoje aravugana ivy'ukuri na mugenzi we, muzoje muraca imanza zukuri z'amahoro muri mu rukinja mu marembo yanyu. Kandi ntihagire numwe muri mwebwe yigira imigabo mumutima wiwe yo kugirira nabi mugenzi we kuko ivyo vyose arivyo nanka niko uhoraraho nyeningabo agize.' (Zekariya 8:16-17).

Nuko rero Imana ntishobora kuba isoko y'ikibi icari co cose. Kubera iyo mpamvu, ntawovuga ko ibikorwa bibi vy'akarenganyo vyabaye mu gihugu bikomoka ku Mana kuko binyuranye n'imiterere/Kamere/Imico yayo.

None, kuki isi yuzuye akarenganyo?

Ni gute twovuga ko Imana ari inyakuri/igororotse mw'isi yuzuye ibibi? Reka tuvuge gato k'ukugomba kw'Imana.

b. Imana ni nziza kandi yuzuye kugira neza. Ibibaho vyose si ukugomba kwayo kubera ko:

Imwe mu mpano Imana yahaye umuntu ni uburenganzira (umwidegemvyo) bwo guhitamwo:

Iyi mpano yerekana uburyo Imana yaduhaye agaciro. Nturi utumashani (robot). Muri ubwo burenganzira yaduhaye, Imana ishaka ko duhitamwo iciza n'ubugingo (Gusubira mu vyagezwe 30:15-19). Kuki Imana yishize mu kaga ko kuduha ubwo burenganzira, kandi izi ko twobukoresha nabi?

Tudafise uburenganzira bwo guhitamwo ntitwoshobora gukunda. Uburenganzira bwo guhitamwo busobanura urukundo. Iyo tuba utumashini (robot), ntivyari gushoboka ko twogira imibano ishingiye ku rukundo. Nta n'agaciro ubuzima bwacu bwari kugira. Dutandukanye kure na twa dupupe abana bakinisha bakwega utugozi! Imana ishimwe.

Imana yanka icaha (Imigani 6 :16-19)

Icaha si ubugombe bw'Imana. Kuvuga ko ikintu cose ari ubugombe bw'Imana vyotuma Imana yitirirwa icaha! Yakobo 1 :13-17 avuga ko umuntu adaterwa n' Imana icaha, ko aba agitewe n'ivyipfuzo vyiwe bikamusuka. Akomeza avuga ko ingabire yose nziza ariyo Imana itanga, muri yo nta kibi kibamwo.

Guhitamo kutumvira Imana bifise ingaruka zikomeye. Bibiliya yuzuyemwo uturorero twaho abantu banse kumvira Imana, bibazanira akaga gakomeye. Icanditswe muri Yakobo 1, kivuga ko icaha kivyara urupfu.

Icitorerwa: Ntidushatse kuvuga ko imibabaro yose ari ingaruka z'amahitamo yacu mabi. Dushobora no guhura n'imibabaro iyo abandi bantu bahisemwo nabi. Akarorero: Hari umuvyeyi asambana akazana ingwara mu muryango, agapfa abana bagasigara ari impfuyi. Hari umuganga asamara umurwayi agapfa umuryango wiwe ukababara. Hari umushoferi aborerwa agatera ingorane imiryango myinshi iyo habaye isanganya. Iyo abarongozi bahisemwo nabi, vyovyaho bizana akaga gakomeye. Mwibuke abumviye abarongozi babi bakica abanyagihugu mu ntambara yabaye 1993 n'imbere yaho. Uyu muni ingaruka ziracari nyinshi. Niyo mpamvu Pawulo aduhamagarira gusengera abarongozi (I Tim 2 :1-2).

Imana ibabazwa n'amahitamo yacu mabi (Itangiriro 6 :5-6)

Umutima wayo wuzuye umubabaro. Muri iki canditswe twumva kurira k'umutima w'Imana:

- Zaburi 81:10- 14 Iyaba bumva! vyotuma baronka umugisha.

Yesaya 48:17-18 Iyaba warumviye! Amahoro yawe yari gutemba nk'umugezi

Kuba Imana izi ko ikintu kigiye kuba no kwemera ko kiba ntibivuze ko aba ari ubugombe bwayo

Yesu yaravyerekanye muri Luka 13:34 na Luka 19:41-44, ubugombe bwiye bwari kugaragaza urukundo no kurinda abantu biwe, ariko bo banse kumwumvira. Ni yo mpamvu yaberetse ingaruka zari imbere bimutera kurira. Sivyoyashakako ko bagerako.

Mw' isengesho Umwami Yesu yadusigiye, yigishije abigishwa biwe gusenga

'Ivyo ushaka bibe mw'isi nkuko biba mw'ijuru' (Matayo 6:10). Nta kugabitanya, nta caha, nta mubabaro canke imibabaro biba mu ijuru. Ibi vyerekana ko vyinshi mu bibera mw'isi uyu muni binyuranye n'ubugombe bw'Imana.

c. Imana ni nyene inkomezi, ariko:

Ntizigera yaka umuntu uburenganzira/ ukwishira no kwizana mu guhitamwo kwiwe

Iyaba yakoresha inguvu mu kutubuza gukora ibibi (akarorero: ikica canke igatera abicanyi uburwayi bwo kumugara iyo harico bagira bakore, canke ikabahindura ivyiyumviro ku nguvu) ntitwobaye tukiri abaremwe mw'ishusho yayo.

Ntica iranduriraho abanyavyaha ako kanya

2 Petero 3:7-13 hatwigisha ko Imana itevya urubanza rwayo. Ivyanditswe vyinshi mw' Isezerano rya kera na rishasha bitubwira ko Imana ihana abatayumvira, ariko kandi iteba kurakara kandi ikihanganira abanyavyaha. Imana yacu ni Imana idashimishwa no kurandura abanyavyaha, ahubwo ishaka ko bihana (Ezekiyeri 18:23). Inezerezwa no guha imbabazi abahindikira bakihana (Mika 7:18).

Ntizokwama irindiriye, hazobaho umunsi w'urubanza. 'Kuko twese tuzohagarara imbere y'intebe y'imanza ya Kristo, kugira ngo umwe wese ahabwe ibihwanye n'ivyo yakoze akiri mu mubiri, vyaba vyiza canke bibi.' (2 Abikorinto 5:10). Abihanye bazohabwa imbabazi, abatihanye bazocirirwa urubanza. Kugeza ubu turi mu gihe c'imbabazi z'Imana. Haracariho imbabazi z'Imana, abanyavyaha baracahamagarirwa kwihana.

Nubwo bimeze uko, icaha kigira ingaruka. 'Ntimuhendwe: Imana ntirenganya, kuko ivyo umuntu abiba arivyo azimbura. Uwubiba mu mubiri azimbura kubora, ariko ubiba mu mpwemu, azimbura ubugingo buhoraho.' (Abigalatiya 6:7-8). Nubwo twihana, tukakira imbabazi z'Imana, tugahabwa ingabire y'ubugingo buhoraho, duguma duhura n'ingaruka z'ivyo twakoze.

Imana idahinduka, igororoka, igira urukundo no kugira neza, igira ubuntu n'imbabazi, yahaye ishengero igikorwa cokuyiserukira mw'isi

Naho twavuze ko Imana ireka ibibi bikaba, hari igihe yigaragaza igahindura ibintu munkomezi zayo n'ibitangaza (raba kuvyongeweko). Ubugombe bwayo ni ugukorera mw'ishengero, ariryo riyitwa umubiri wa Kristo, bigatuma ibintu bihinduka, ibibi bikarwanywa (mumutekano), haba mw'ishengero canke mu gihugu. Abakunda Imana (abayizera) basabwa gufata ibi bikorwa:

- Kwerekana uko Imana ishaka ko tubaho.

- Gusengera igihugu.
- Kwanka akarenganyo, naho vyotuviramwo urupfu.
- Gukunda bagenzi bacu nk'uko twikunda, tutitaye ku moko canke ibindi.
- Kurenganura abarenganwa.
- Gukora ibikorwa vy'urukundo buri gihe.
- Gufasha abakomeretse gukira n'abagiranye amatati gusubiza hanwe.

c. **Imana ni urukundo kandi yuzuye imbabazi. Yitaho cane kukubabazwa kw'inzirakarengane**

Imana irababara iyo ibonye abana bayo bababazwa (Kuvayo 3:7) maze ikarungika abakozi bayo gufasha mu gishingo cayo (Yesaya 6:8). Ni henshi tubona muri Bibliya Yesu agirira abantu impuhwe, bigatuma atabara, canke akiza (si ukwerekana inkomezi). Imana yitwa 'Data w'imbabazi' n'Imana ihumuriza, yihutira guhumuriza abababaye (2 Abakorinto 1:3-4).

Imana igira umubabaro igihe atawutabara abantu bababazwa bazira akaranganyo (Yesaya 59:15-16; Ezekiyeli 22:30).

Imana ibabarana natwe. Tureke kumva ko itatwitaho, ahubwo ibabarana natwe (Yesaya 63: 9; Yesaya 43:2; Zaburi 139: 7-8). Nubwo itadutabara ngo ikore ivyo twipfuzza, ntibisobanuye ko idakorwa ku mutima n'ibitubako.

Yifuza gusubiriza uruhombo. N' Imana ishobora gufata umuvumo, ikawuhindura umugisha. Ivyo abantu bakoze batumbereye kutugirira nabi, Imana ishobora kubihindura inzira yo kutwigisha, kudutabara, kudukoresha mu buryo butangaje.

Ku vyigarukanako

Incamake

- Mbega ni mu buhe buryo woba warigeze kugira amakenga ku rukundo rw'Imana? Hari habaye iki?
 - Ni ibiki woba wagiriza Imana vyoba vyinyegeje mu mutima wawe?
 - Ni ibihe bibazo bikomeye wigeze guhura navyo? Andika inyishu wabironkeye vyatumye ugira amahoro.
- Imana ni nziza kandi ntirobanura ku butoni, siyo nyinabayazane(intandaro) y'akarenganyo.
- Imana ifise umutima w'urukundo n'impuhwe, ibabarana natwe.

6. Kumenya Imana nk'umuvyeyi adukunda

Gusobanukirwa uburyo Imana ishaka gukiza ibikomere twakuye mu muryango, bityo Imana ikadusana (ikatwuzuzza)

Nubwo Imana yipfuzaga ko buri muntu yokurira mu muryango uyubaha kandi ugaragaza urukundo rwayo, abantu bake niba bagize ayo mahirwe. Abenshi ntibazi umutima wa kivyeyi w'Imana Data kubera ibibi vyababayeko. Ibi bituma bananirwa kwegera Imana ngo ibakize ibindi bikomere bahura navyo mu buzima.

Ivyo tudahabwa mu muryango (ku mubiri no mu mutima) bigira ingaruka nyinshi ku muntu, umuryango n'igihugu. Imbere y'uko igihugu gikira umuryango utegerezwa kubanza gufashwa gukira. Ugushyirahamwe guhera mu muryango.

1) Yesu aduhishurira Data (Umutima wa kivyeyi w'Imana)

Ivyanditswe vyinshi bitubwira ko Imana ari Data. Bimwe biri mu Isezerano rya kera (Zaburi 68:5; Yesaya 63:16; 64:8; Yereimiya 3:19) ariko vyinshi biri mu Isezerano rishasha. Niho aduhishurira mu buryo bwagutse Imana nka Data. Muri Yohana 1: 18 hatubwira ko Yesu yaje aho mu 'gukiriza ca se,' ni ho yibera, mu rukundo rwa Se. Muri Yohana 17: 24 Yesu avugaga ko yifuza ko tuba aho ari, bisobanura ko yifuza ko tuba mu gukiriza ca Se. iki nico catumye aza kw'isi. Yavuze ati: ntawujya kwa Data atamujanyeye. Ni we nzira ariko aho ashakaga kutugeza, ni mu gukiriza (mu rukundo) ca Data. Yesu yadutangiyeye ikiguzi gikomeye kugira ngo atwugururire inzira iya kwa Data. Yatwijeje ko uwumubonye, aba abonye Imana Data, bivugaga ko ari bamwe.

2) Ni iki kitubuza kuba mu gukiriza (mu rukundo) ca Data?

Yesu yifuza ko dutahura ko tugirana ubucuti bwuzuye urukundo n'Imana, tukabana nayo nk'umuvyeyi adukunda. None ni iki gituma abantu 'batinya' kwegera Imana, ntibabane nayo ngo banezererwe mu rukundo rwayo. Hari ikibitera:

- a) Kwigishwa kenshi ko Imana ihambara (bamwe bavyigisha batumbereye kudutera ubwoba)
- b) Kubona Imana nk'inkomoko y'ivyago n'ingorane zacu
- c) Umubano udashimishije twagiranye n'abavyeyi ku mubiri

Uku kwiyumvira Imana nk'umuvyeyi adukunda, ubisanga mu bihugu nka vyose. Muri iki cigwa, turibanda ku mpamvu ya gatatu. Ibi niko bimeze mu mico itandukanye kw'isi. Muri iki cigwa, tugiye kurabira hamwe intambanyi ya gatatu-ariyo imibano y'umwana n'abavyeyi (cane cane Data). Kugira ngo twemeze ko umuvyeyi ari mwiza, twisungaga uburyo yitaho ivyankenerwa vy'umwana. Tubanze turabire hamwe ibikenerwa vyibanze:

2. Ivyangombwa vyibanze

Umwana wese avukana ugukenere ivyangombwa vyibanze. Hari ivy'umubiri birimwo ivyokurya, ivyambarwa, aho kuba, n'ibindi. Hari ivy'ubwenge birimwo kwiga, ivya mpwemu bimarwa no gusenga Imana (abandi basubiriza Imana ibindi). Ibi Imana ibiha agaciro nk'uko natwe twategerezwa kuvyitaho. Hari ibindi umwana wese akenera vyo mu mutima. Navyo ni nkenerwa cane nkuko ivy'umubiri ari ngombwa ariko kenshi abantu baravyirengagiza canke ntibabimenye.

Umutekano

Buri mwana akeneye kumenya ko isi yavukiyemwo ari ahantu heza ho kuba. Abana bumva babuze umutekano iyo ibi bibi bibaye:

8. Ata rukundo hagati y'abavyeyi babo.
9. Bahohotewe n'abavyeyi babo, canke abavyeyi babashirako amananiza (ibikorwa bibarengeye, kudakina, kuvyuka kare cane n'ibindi)
10. Habaye ikibazo c'ingwara canke urupfu mu muryango.
11. Bahuye n'ikibazo c'ubukene bukomeye.
12. Habaye amatati (intambara) mu muryango canke aho babaye.

Yehova-Shalom, Imana y'amahoro, itwaturako amahoro ku buzima bwacu buri muni (zaburi 91, Yesaya 41:10).

Agaciro n'intumbero

Agaciro n' **intumbero** nivyo umutima w'umuntu wese wama wifuza. Buri muntu wese yifuze kumenya ko ubuzima bwiwe bufise agaciro **intumbero**. Umwana wese yifuza kumenya ko kubaho kwiwe hari ico kumariye isi, hari ico afise wenyene gifitiye abandi akamaro, ko iyi si yari kuba ihombye iyo atavuka. Ibi vyategerezwa kugaragarizwa cane abana bavukanye ubumuga. Agaciro kacu gaturuka kuba Imana yaraturemeye kuba abo turibo (uko Imana itubona, nuko iduharura), aho kugira ngo abandi banyumvishe ko agaciro kanje gaterwa n'ivyo nshoboye gukora canke ivyo ntashoboye. Imana ifitiye umugambi buri muntu abaye kuri iyi si, naho yovuka mu buryo butishimiwe.

a. Abana bahabwa agaciro mu buhe buryo?

Iyo bumvise amajambo abashima, abereka ko bafise agaciro. Iyo bahamagawe mu mazina yabo, bagahabwa uburenganzira bwo guhitamwo, bagahabwa umwanya wo gutanga ivyiyumviro, ...

b. Abana bateshwa agaciro mu buhe buryo?

Iyo batukwa, guhanirwa imbere yabantu, kwankirwa gukina, kubereka ko ataco bashoboye no kubacunaguza, babwirwa ko abo bavukana babaruta. Iyo basohowe igihe abashitsi babonetse, kutemererwa gusangira n'abakuze,

1 Imana iduha agaciro gute?

- 2 Kuba yaraturemye mw' ishusho yayo, yaraduhaye uburenganzira bwo guhitamwo (2 Abikorinto 6:1), yaradutangiyeye ikiguzi gihanitse mu kuducungura (1 Petero 1: 18-19), itwita incuti (Yohana 15:15).

Urukundo

Buri muntu akenera gukundwa. Urukundo Imana itwereka ni urudasaba ikiguzi, ntirudusaba kugira ivyo tubanza gukora canke inyifato y'abamalayika. Imana yavuze ivy'urukundo rwayo, bitandukanye n'abavuga ko barunyegeje mu mutima (Yesaya 49:15; Yeremiya 31:3), kandi yarwerekanye igihe yarungika umwana wayo tukiri abanyavyaha (Abaroma 5:8; Abanyefeso 2:4). Icipfuzo c'Imana cari uko abavyeyi canke abatureze batugaragariza urukundo nk'urwayo.

Ingorane dufise, abavyeyi benshi ntibigeze babona urwo rukundo ubwabo. Uretse no kunanirwa kurutanga, ntibanashobora kubona ko bikenewe. Ntibamenya ko ari itegeko kuribo ryo kurutanga kubana babo. Akenshi bashaka kurugaragaza baha abana ivyo bakeneye ku mubiri, yamara ivyo vyonyene ntivyogagaraza urukundo Imana yipfuzako duhabwa. Kugira urukundo rwerekanwe mu buryo bwiza, urukundo nyarwo rutegerezwa kugaragazwa mu mvugo no mu marangamutima, hanyuma rugashimangirwa n' ibikorwa birimwo kwita ku vyankenerwa vyo ku mubiri n'umutima.

Hari uburyo bwinshi bwo kwerekana urukundo.

15. *Mu majambo*

Abana barushaho kumva ko bakunzwe igihe babwiwe amajambo y' ubugwaneza, bagashimagizwa, bakagaragarizwa ko bitaweho. Mu mico myinshi biragoye kumva umuvyeyi abwira umwana ati: 'Ndagukunda', 'Uranezeza'. Bibaza ko vyokwonona abana. *Ingaruka zo kudakoresha amajambo meza zingana n'izo gukoresha mabi* (Imigani 12: 18; 15:4; 18:21). Imana ntitinya kutubwira iti: 'Ndagukunda!' 'Uri imbonero y'ijisho ryanje' Ufise agaciro gakomeye (Gusubira mu vyagezwa 7:6).

2) *Mu kutwereka ko twitaweho (affection)*

Imana yaturemye ku buryo twumva bitunzezeje iyo umuntu atweretse ko atwitayeho. Imico myinshi igeregeza guha umwana muto 'amakeya' (amwereka ubugwaneza budasanze), ariko iyo akuze benshi barabitinya kuko kenshi abantu bayitiranyaga no 'gutereta' canke n'umwifato uganisha mu busambanyi. Ibi rero birababaje kubera ko twese dukenera guhoberwa no kwerekwa urukundo.

• **Mu gihe gikwiye tumarana**

Umuvyeyi w'umugabo canke w'umugore afata igihe agatega abana amatwi, bagakina canke bagatemberana. Ivyo bitanga ubutumwa buvuga: 'Muri ab'igiciro kuri jewe, mukwiriye ko ndabaha igihe canje.' Ubu butumwa abavyeyi babuha ku bana babo igihe babereka ko nta kindi kibaraje ishingira kiretse bo gusa. Ubu usanga abavyeyi bicaranye n'abana ariko bibereye muri telefone na mudasobwa. Ni ivy'igiciro ko abarongozi b'ishengero bereka urukundo abana babo. Akenshi usanga abana ba pasitori basuzugurwa n'abanyeshengero, hakitabwaho umupastori gusa. Mu gihe umupastori w'ishengero yita cane kuvy'ishengero ntaboneke muhira, umuryango wiwe uca ubona ko abanyeshengero ko aribo bafise agaciro namwe mukaza munyuma.'

4) Iyo tudahawe ivyo twari dukeneye

Wari umugambi w’Imana ko abana bose bavukira muri iyi si boronka ivyo bakenera vyose, babihawe n’abavyeyi babo. Ikibabaje ni uko abenshi muri twebwe, siko vyagenze ahubwo benshi babonye ibinyuranye n’uwo mugambi. Ehe uko vyagenze:

- Bamwe babuze abavyeyi
- Bamwe bakuriye mu miryango itabitayeho
- Bamwe mu bavyeyi ntibasobanukiwe n’ivyo abana bakeneye, ntivyashobotse ko bavyitaho
- Bamwe mu bavyeyi nta rukundo bari barahawe mu miryango yabo (nta kintu bari bafise co gutanga)

Tugira ngo ntaco bitwaye kuko uko nagiriwe mu muryango ari rusangi niko vyamye n’abandi niko vyari biri, kuko umuco twakuriyemwo wemera iyo myifato y’abavyeyi ku bana babo. Imana yo ntivuga ngo ntaco bitwaye, kuko vyica umugambi kandi ingaruka ni nyinshi!

Ibikomere twabandanije kwakira

Biratworohera gutahura ko iyo abavyeyi barera umwana bakoresha inkoni n’ibindi bikorwa bibi, bitera umwana gukomereka. Ico benshi batazi, nuko iyo umwana akuze adahabwa ivyo yari akeneye vy’ibanze canke atitaweho igihe kirekire, nahone agira igikomere n’ihungabana. Kudahabwa urukundo rwa kivyeyi ku mpamvu iyo ariyo yose, bigira ingaruka mbi ku buzima bwacu. Bituma umuntu yitakariza icizere. Ibikomere ni inzira yoroshe umwansi Satani acamwo kugira ngo atuyovyeye akoresheje ibinyoma. Atwongorera mu vyiyumviro ati: ‘Ntunakunzwe, nta gaciro ufise, ntaco uzogerako mu buzima’ n’ibindi. Ibi bigira ingaruka ku nyifato zacu, twisanga dukomeretsa abandi mu majambo, imyitwarire n’ibikorwa. Ibi bibandanya kutubabaza kugeza igihe tuzubaka urugo, tukagira n’abana, nabo tukazonanirwa kubereka urukundo no kubaha ivyo imitima yabo ikeneye.

Ibikomere biba akaronda ku bana bacu n’imiryango

Nitutagira umugisha wo guhura n’ubuntu bw’Imana ngo dukire ivyo bikomere, ntitwoshobora guha abana bacu ivyo bakeneye (cane cane mu mutima), natwe ubwacu tutaronse. Ahubwo ibibi twagiriwe nivyo tugirira imiryango yacu, bityo igikomere kikaba uruherekane mu badukomokako n’abazobakomokako.

Ingaruka ku gihugu cacu

Umuryango wategerezwa kuba aho twigira uko batanga n’uko bakira urukundo, naho twigira kubaha abandi. Iyo umuryango utabanye neza, ukabamwo ibibi vyinshi bikomeretsa, bigira ingaruka mbi ku buzima bw’igihugu. Iyo abana babuze urukundo, ahubwo bagakurira mu ntonganya n’inryane mu muryango, biraborohera gufata ibigwanisho no gukora ibikorwa bibi mu gihe habaye intambara canke ubwicanyi mu gihugu. Ikindi, uwutahawe ivyankenerwa vyibanze mu muryango, mu gihe ahuye n’ibimukomeretsa mu gihugu, gukira ihungabana no kubabarira kwiwe biva kure.

Ingaruka z’imyizerere yacu ku Mana

Iki ni ikintu gikomeye cane. Ivyo abavyeyi badukoreye (vyiza canke bibi), usanga arivyo duteruye tukabishira ku Mana. Niba data yari agoye kandi akaba umunyamahane, dutangura kwibaza ko n’Imana ari inyagitugu. Uwutanezerezwa kubana na se wo mw’isi, ngo batwenge, bagirane ubucuti, biramugora kugirana ubucuti n’Imana. Iyo dusomye aho Imana igira iti: ‘Nijewe ubwanje, ni jewe ndabahumuriza’ (Yesaya 51:12), bitunanira kuvyizera. Nimba tutigeze twumva ko dukunzwe mu muryango, bizotugora kumva ko Imana idukunda.

Ivyo twaburiye mu bwana bwacu bihinduka inzitizi ku kugirirana ubucuti n’Imana nka Data wo mw’ijuru, kugira ngo aduhe ivyo dukeneye vyose. Bigereranywa n’umuntu asabwa kuvuga ururimi atigeze yiga kuvuga. Dushobora kwipakiramwo imirongo ivuga ko Imana ari Umuvyeyi, udukunda, itwishimira ariko mu mutima tukananirwa kwakira urukundo rwayo rutangaje.

5) Imana irashaka kuduha urukundo rwa Data mwiza uhebuje

‘Nzobabera Data’ (2Abikorinto 6:18)

Imana yifuza kudushumbusha ivyo twabuze mu buzima twakuriyemwo. Imana iravuga iti: ‘Ndashaka kubabera umuvyeyi, ivyo mwabuze vyose, ndifuza kubibasubiza. Nimba ata n’umwe urakubwira ati: ‘ndagukunda’, ‘uranezeza’, ndabikubwiye.’ Guhishurirwa umutima utangaje wa Data wo mw’ijuru, bikiza ibikomere vyacu. Ni data ahebuje aruta bose. (Ushobora kubona bimwe mu bimuranga bitangaje ku vyongeweko.)


Aduha urukundo rwa kivyeyi (Zaburi 27:10; Yesaya 49: 15-16; Yesaya 66:13)

Nta n’umwe yokwishimira kuguma mu ruhombu ruterwa n’umuryango. Dukwiye kubabarira abavyeyi bacu kuba batashoboye kuduha ivyo twari dukeneye bityo tukegera uwobiduha! Data wo mw’ijuru ashobora kuzuza umutima wawe, ukaronka ivyo twanyazwe vyose.

Urukundo rw’Imana ruhoraho kandi ntaco rukabwa

Imana iduha urukundo rudakabwa ngo rusubirizwe n’ikintu na kimwe. Bimeze nk’ibintu bitabaho ariko nibwo butumwa bwa Bibliya. Imana itubwira ko yadukunze urukundo ruhoraho (Yeremiya 31:3). Ntaco twokora canke tworeka gukora ngo duhindure urukundo adufitiye. Ubu ni ubutumwa butwibutsa ubuntu bwayo. Birashoboka ko woba warakiriye inyigisho zihengamiye uruhande rumwe, zerekana ukugororoka no kwera kw’Imana, ko yanka icaha, ihana abanyavyaha. Nubwo ivyo ari ukuri, ubukari Imana yari ifitiye abanyavyaha yabushize kuri

Kristo ku musaraba. Hari iyindi mirongo myinshi ivuga ku rukundo, imbabazi, impuhwe z’Imana no kugira neza kwayo ukeneye guha umwanya mu buzima bwawe.



Mu gihe habaye ibicu vyinshi bibanziriza imvura, ntibivuze ko izuba ryavuyeho. Uramutse ufashe indege ukaja hejuru ya vya bicu, wobona neza ko rya zuba rikihari. Ibicu ntivyobuza izuba kwaka, ahubwo bibuza abantu bari kw' isi kugerwako n'umuco ndetse n'ubushuhe bwaryo. Twogereranya ibicu n'icaha ndetse no kutizera bikunze kutwizingirako. Izuba ryama ryaka, tworigereranya n'urukundo rw'Imana. Ruhoraho, ariko ukutizera n'ivyaha vyacu nivyo bituzitira kurwakira.

Kugaragarizanya urukundo rw'Imana

Bumwe mu buryo Imana yerekaniramwo urukundo rwayo, ibicisha muri twebwe. Mw' ishengeru biroroshe kubera abavyeyi imfuvyi zabuze kirera, canke tukabera abavyeyi abatigeze bahabwa urukundo, amahoro n'agaciro n'abavyeyi babo. Kugira ngo bishoboke, imitima yacu itegerezwa kuzuzwa urukundo rw'Imana. Bitabaye ivyo, ntaco twobona twoha abandi.

Kuvyigarukanako

Inzira yo gukira:

- Fata umwanya wibaze kuvyo wahuriye navyo mu muryango wawe.
- Ni iki woba waraburiye ku bavyeyi bawe kandi wari ukibitezeko?
- Mbega ivyo vyoba vyaragize izihe ngaruka ku buryo wiyumvira Imana? Canke vyagize izihe ngaruka ku mibano yawe n'abandi?
- iyumvire cane ku 2 Abikorinto 6:18; Zaburi 103:1-6,13
- Emerera Imana kuba Umuvyeyi wawe, bityo wakire urukundo, amahoro n'agaciro iguha.
- Babarira abavyeyi batagukoreye ibikwiye.
- Ihane kuvyo woba warakoze bikagira ingaruka ku bandi bitewe n'ivyo utahawe mu muryango
- Hari abo ushaka kugaragariza urukundo? Baza Imana uko wobigenza

Incamake

- 4) kubaka igihugu cabomowe n'inryane bihera ku gusanasana umuryango.
- 5) Twaremanywe gukenera urukundo rwa kivyeyi, rudutegurira kwakira urukundo Imana idufitiye, ariko abavyeyi bananiwe kutugaragariza urwo rukundo.
- 6) Ibi bishobora gutuma tunanirwa kugiriranira ubucuti n'Imana nk'umuvyeyi, ariko imana niyo Data w'ukuri ahaza ivyo imitima yacu yifuza vyose.

Igice ca 2: Kubaka ibihome

Muri Yohana 10:10, hatugaragariza uburyo ari ikintu gikomeye gufata umwanya uhagije tugakora urutonde rw'ivyo twatakaje, bityo tugatahura neza ibikomere vyacu, tugatahura ko hari umwansi adutera urwo ruhombu twese. Dukeneye kandi kumenya neza ko Bibiliya ivuga ku mutima ukomeretse. Ni ikintu Imana yitaho cane. Abenshi bizera ko Yesu yaje kw'isi kubera ivyaha vyacu gusa, yari afise n'umugambi wo gukiza ibikomere vyacu. Vyose vyaronkeye inyishu ku musaraba.

Imbere yo gukiza ibikomere, dutegerezwa kubanza kwemera ko tubifise, tukavyibazako, tukabigaragaza. Dutegerezwa gukuraho inzitizi zose zitubuzaga gukiza. Kumva akababaro k' abagenzi bacu no gusengerana hagati y'imigwi itandukanye, vyodufasha gukiza ibikomere. Ikiruta vyose ni ukwikoreza Yesu imibabaro yacu yose, tukizera ko afise ubushobozi bwo gucungura uruhombu twagize.



7. Umusuma

Gufasha abantu gusobanukirwa no kwemera uruhombo bagize bakabona icizere co gukira no gushumbushwa

Icanditswe gikunze kumvikana cane muri iki gikorwa c'isanamitima, ni Yohana 10:10: 'Umusuma ntazanwa n'ikindi keretse kwiba, kwica no kurandura ariko jeho nazanywe no kugira ngo zibone ubugingo ndetse ngo zibone ubusagutse.'

Umusuma yatwivye buri umuntu ku giti ciwe, ariko yiba n'imigwi tuvamwo. Muri ibi bihugu vyacu vyahuye n'intambara nyinshi, twibanda ku kurabira hamwe uruhombo rw'imigwi (Umugabane, igihugu, ubwoko). Ibihugu vyose twagiyemwo, usanga buri mugwi utumva ivyo abandi bacyemwo, n'ivyo bahomvye, bityo ntibababazwe navyo. Iki cigwa kidufasha kumva ko hari umusuma karuhariwe, yama ashaka kutwiba (umuntu, umugwi) umugisha w'ivyiza Imana yaduteguriye.

1) Umusuma yiba isi yose

Iyo twitegereje isi yuzuye ivyaha n'imibabaro, tubona ko umusuma Satani akora ubudasinzira. Inyuma yo gutakaza ubwiza yari afise mw'ijuru kubera ubwibone no kugumuka, Satani yaterewe mw'isi afise intumbero yo kutunyaga ivyo Imana yaduteguriye. Ntawe yasize, yaba umuntu ku giti ciwe, imiryango, amoko, ibihugu, n'imigabane bose yabagezemwo. Ingaruka ni nyinshi haba kuri twebwe, ku miryango yacu ndetse no ku gihugu. Ibihugu vy'ibihangange nivyo bishaka kwerekana ko ata kibazo bifise ariko iyo wumva intahe z'abiyahura n'abari mu biyovyabwenge benshi, ubona ko nabo bashitsweko n'umusuma. Kwemera ko twibwe ndetse n'ico vyadutwaye, tukemera ko twizeye ibinyoma vya Satani, ni intambwe ikomeye yo gukira ibikomere.

Nubwo twoba tuzi umuntu canke umugwi watugiriye nabi, ni vyiza no kwiga kubona ko umwansi wacu mukuru ari Satani, ashaka kwonona ivyo Imana yaremye vyose, agatuma tutagera ku ntumbero y'Imana. Ibi ntibivuze ko abakoze ibibi bahanaguweko icaha, ko vyose tugiye kubishira kuri Satani, kuko Imana sivyo yakoze igihe Adamu na Eva bafasha Satani mugucumura kwabo.

2) Kwemera uruhombo

Turipfuzza kugaragaza uburyo abasangiye umugwi bashobora gukora icegeranyo c'ivyo batakaje:

a. Kwibanda ku bice bitandukanye, n'imigwi itandukanye

Dushobora kurabira hamwe ivyo Afrika yatakaje, inyuma tukaraba ico u Burundi bwatakaje, mu bihugu bifise amoko nyayo (DRC, Kenya, Sudani y'Epfo), dushira abantu mu migwi y'amoko yabo nabo bakarabira hamwe ivyo batakaje.

b. Gukora urutonde rw'ivyo twatakaje n'ingaruka zavyo

- Twandika ivyo twahomvye bigaragara/bifadika. Ibi biroroshe kubitahura. Abenshi bavuga abantu, ibitungwa, amazu, amavuriro, ...

- Twandika ivyo twahombye mu mutima: urukundo, icizere, agaciro, umwidgegemvyo, urubenganzira, amahoro, ...
- Ingaruka vyatugizeko: ubukene, ihungabana
- Imyemerere igoranye twakuyemwo, ku Mana, kuri twebwe ubwacu nk'umugwi, no

ku bandi

c. Kwemera uruhombo (kugaragaza)

Umugwi usabwa kwandika ivyo babuze, vyoshoboka bakabura bakurikije kahise. Nko mu Burundi twovuga: Mu gihe c'abakoloni, imbere yintambara yo kwicana hagati y'ubwoko, n'inyuma yayo. Ku mpera za buri rutonde vyoba vyiza hagaragajwe ingaruka n'imyemerere igoranye. Akarorero: muri Afrika y'epfo mu gihe c'ubutegetsi bw'abazungu bari bafise imyemerere ivuga ko Imana ari umuzungu, ko irobanura ku butoni, ko yanka abirabura. Ibi vyerekana ko Satani yaduteye uruhombo rukomeye.

3) Bimwe mu bihombi rusangi twagiye dusanga mu bihugu vyinshi

Ikintu c'ibanze twibwe ni ukuri, akaba ari yo mpamvu Yesu yise uwo musuma 'Se w'ibinyoma' (Yohana 8:44). Ibi bituma twizera ibinyoma, bikagira ingaruka ku buzima bwacu bwose. Mwibuke ivyo twavuze vyo gufatira abantu mu kivunga n'ingaruka zavyo. Satani agera naho atwiba ijambo ry'Imana mu mitima yacu (Matayo 13:19), yama ashaka kudushira mu bugurano no mu kwonona ivyiyumviro yacu ariko ntiyigeze anesha Yesu (Yohana 14:30).

Ukwizerana

Ahatari ukwizerana nta gufashanya kwoboneka. Duhinduka abanyabwoba, buri muntu wese yigungirako canke akikeka abandi. Gufashanya hagati yacu nk'abana b'Imana birabura tukarangwa n'uburyarya. Ubwoba butera ukwigunga, bityo n'abafise ibibabaje bakavyigumanamwo ntibabe bakibiyaga n'abandi ngo bakire.

Urukundo

Ahatari urukundo habaho ukuba nyamwigendako. Turaba inyungu zacu ntitwite ku vy' abandi bakeneye. Kwiyumvira nabi ku bandi Bizana urwanko. Ibi bitera ibikorwa vy'ububisha.

Amahoro n'umutekano

Kubura amahoro aho uri ndetse no muri wewe bitera kwama uhagaritse umutima no guhangayika. Iyo umuntu afise ubwoba, bimunanira kuruhuka no gusinzira.

Ivyizingiro

Gutakaza icizere bikura kugira intumbero no kumva ko Imana ifise umugambi ku buzima bwacu. Kazoza kacu tukabona nk'agateye agahinda gusa. Nta kintu kidutera intege, nta nguvu zo gukora ngo duhindure ubuzima bwacu, nta cizere c'uko twotera imbere. Iyo ivyiringiro vyaheze, ni nk'urumuri rwazimye.

Iteka

Yaba uwagize nabi n'uwayigiriwe nabi, bose batakaza kwiyumvamwo agaciro Imana yabahaye. Satani aba ashaka gutesha agaciro abo Imana yaremye. Ntiyifuza ko tugera ku buzima Imana yaduteguriye, ahubwo yifuza ko tumanuka tuja hasi.

Ukugororoka

Iyo twatakaje inyifato nzi Imana ishaka ko tugenderako, bidukwegera ivyaha vyose. Umutima nama wacu urakomantara nkuwaguye ikinya (1 Timoteyo 4:2), bishika n'aho tudashobora gutandukanya iciza n'ikibi. Abandi bananirwa kwirinda no kurwanya ikibi. Bagwa mu kurwanya ikibi. Barangwa n'ubwoba canke ubwibone.

Ubutungane

Akarenganyo gatera ishavu mu mitima yacu. Imana yanka akarenganyo iyo kava kakagera. Akarenganyo kagumyeho gatuma abantu batakaza ubumuntu, ni ikibi gikomeye iyo tugihaye ikibanza mu gihugu. Gatera imitima y'abantu kumera nk'ikirunga (volcan) kandi aho kagumye, kavyara ibimeze nkakamenyero.

Kwizera

Ikintu c'agaciro dufise ni ukwizera. Kwizera kurusha agaciro inzahabu (1 Petero 1 :7). Ku Bakristo, kwizera ni urufunguzo rwa vyose ni urufunguzo rw'agakiza, urukundo rw'Imana, ivyizingiro vya kazoza. Satani ashaka kutunyaga ukwizera. Iyo dutakaje ukwizera ko Imana idukunda, ni ukunyagwa urukomba mazi.

Ibi vyose tumaze kubona hejuru bikomeretsa imitima yacu haba ku giti cacu canke nk'igihugu. Ariko uruhombo rurusha ibindi ni ugutakaza ukwizera ko Imana idukunda kuko ariwo mushinge w'ibindi vyose. Nimba Satani yaratwivye ukwizera ko Imana ari nziza kandi ikaba idukunda, ivyacu biba ari bibi cane kuko tuba dutandukanye n'isoko ryo gukira ibikomere no kongera gusubira mu buzima.

4) Icizere co gukira

Reka dushime Imana kuko muri Yohana 10:10; igice ca kabiri handitswe: 'Ariko jehozanywe no gukira ngo zibone ubugingo, ndetse ngo zibone bwinshi.' Umusuma si we afise ijambo rya nyuma! Yesu avuga ati: 'Raba ndabagarukanira ivyo mwanyazwe vyose ndetse mbahe n'inyongera! raba ndabaha ubuzima busagutse.'

Ntidushaka kwemeza ko ivyo umuntu yatakaje vyose vyogaruka. Abo twabuze tubakunda ntibashobora kugarurwa, ariko Imana ishobora kuturemera iyindi miryango, ikaduha incuti n'abandi badukunda cane bahagarara mu gishingo cabo twabuze. Ndetse bishoboka ko itunga twanyazwe tutokongera kuribona. Ibihambaye twavuze vyo mu mutima (ukuri, imibano, n'ibindi) nivyo Imana ishaka no kudusubiza. Ibi nivyo bigize ubutunzi bukomeye bwo mu mutima.

Muri Matayo 12:29 haratubwira uburyo atawokwinjira mu nzu y'umunyenkomezi ngo amusahure atabanje kumuboha.

Muri Matayo 16: 18 haratubwira ko Yesu azubaka ishengero ryiwe ‘kandi amarembo y’ikuzimu atazarishobora.’ Abenshi bumva ko aya majambo avuga ko Satani aramutse arwanije ishengero adashobora kurinesha. Siko aya magambo avuga. Mbega hari uwo amarembo (imiryango) yigeze arwanya? mbega ntivyoba bishatse kuvuga ko igihe ishengero ryotera amarembo y’ikuzimu (ubwami bwa Satani), kugarurira abantu ivyo Satani yatunyaze, ayo marembo abitegeka akuguruka? None nk’Ishengero dukore iki? Twicare tuboroge nk’abo mu gihe ca Dawidi banyazwe ivyabo? Dutegerezwa guhaguruka, twisunze intsinzi Umwami Yesu yaturonkeye ku musaraba, tuje kugaruza ivyo Satani yatunyaze.

Kuvyigarukanako

- Muri kahise k’igihugu canyu, ni iki Satani yoba yarabanyaze?
- Ni iki umusuma yoba yarakunyaze ku giti cawe?
- Ni izihe ngaruka zatewe nurwo ruhombu ku vyo wizera ku Mana n’ivyo wibaza ku bandi?
- Mbega ni iki wiyumvira ko Yesu yokugarurira canke yogarurira abandi?

Incamake

- **Ikintu kiruta ibindi Satani, umusuma, yatunyaze ni ukuri ku Mana, ku bandi, no kuri twebwe.**
- **Satani yatunyaze imibano myiza hagati yacu n’abandi no hagati yacu n’Imana.**
- **Yesu yazanywe no kutugarurira ivyo twanyazwe.**

8. Umutima ukomeretse

Gutahura ugukomereka, ikibitera, n'ingaruka zako

Mu cigwa twatanguriyeko twabonye ko umusuma yadutwaye vyinshi. vyatumye abantu badashikira ubugingo bwuzuye nkuko Imana yabubateguriye. Nubwo dukunze kwigisha ku caha, sico kibazo ababa kw'isi bafise conyene. Ahari icaha hose habaho no gukomereka. Ivyaha vyacu biradukomeretsa, no guhemukirwa navyo bikadukomeretsa. Twibuke ko no kudahabwa ivyo twari dukeneye mu buzima bidukomeretsa. Birangira duhindutse abakomeretse, hanyuma muri uko gukomereka natwe tugakomeretsa abandi.

1) Gutahura ugukomereka

Kugira ngo twumve neza urwego tugezeho rwo gukomereka, turabire hamwe umugambi mwiza Imana yari ifitiye isi n'abayibako.

Umugambi w'Imana:

a. *Umuryango dukuriramwo*

Umugambi w'Imana, kugira ivyangombwa vyose vyotuma tugera ku buzima bwiza wari uko:

- Abavyeyi bereka (abana) umutima (imico) w'Imana.
- Abana bategerezwa kurerwa, berekwa urukundo, bitaweho kandi bakumva batekanye mu mitima mu buryo bukurikira:
 - Kumva banezerejwe nabo baribo (Identity)
 - Kugira icizere ko bazoba ivyo bifuza kuba (destiny)
 - Kunezerezwa nukuba bafise umugwi bavamwo (belonging)

b. *Aho tuba (community, nation)*

- Imibano irangwa n'urukundo, kutikunda, kubahana, no guhana agaciro. atanda ndende, ata gusuzugurana.
- Ababa hamwe bafashanya, bakundana, bamwe bita ku bandi, buri muntu wese aharanira ivyiza vy'abandi.
- Uburongozi bukoreshwa no gukunda abanyagihugu, buzira igiturire no kurenganya, ahubwo buhagararira abanyagihugu bose. ata kurwanira ibibanza vy'uburongozi, ata buryarya, ata kwikakisha, ata karenganyo.

c. *Ivyaremwe muri rusangi*

- Ibintu vyose ari vyiza, vyubahiriza intumbero Imana Umuremyi yabihaye.
- ata biza, ata ngwara.

Ariko umuntu yaracumuye, umugambi w’Imana urononekara

Icaha carononye bikomeye umugambi w’Imana, haba ku muryango, igihugu no ku vyaremwe. vyatumye habaho ugukomereka muri ibi bice 3 twavuze. Si umuntu ku giti ciwe gusa akomereka, n’imigwi y’abantu (umuryango, igihugu, ubwoko, umugabane) bishobora kubabako. Ndetse ivyaremwe bindi bishikwako n’akaga (Hoseya 4:1-3). Kuko tuba mw’isi yuzuye ivyaha, ntawe wobona atarigera akomereka mu buryo bumwe canke mu bundi. Hari ibikomere bitandukanye biterwa n’izi mpamvu: gutabwa, guhemukirwa, kudahabwa ivyo twari dukeneye canke twari dufitiye uburenganzira.

Kwigizwayo, gucinyizwa, kwankwa (rejection) uzira umugwi uvamwo

Muri iki cigwa, turibanda ku bikomere n’ubushamirane n’inzankano hagati y’imigwi tubona muri ibi bihugu vyacu. Kwigizwayo uzira uko wavutse birakomeretsa ku rwego rwo hejuru. Mu Burundi, indunduro yo kwankwa, gucinyizwa no kwigizayo umugwi wabantu, ni intambara yabaye ihagaze kubwoko ninyungu zimigambwe. Ukwigizwayo kurababaza bikomeye kubera ko kurimwo ubutumwa bugira buti: ‘nta gaciro ufise, ntukunzwe, isi yoba nziza ari uko utayirimwo’

Amoko agira uruhara runini mu kutumenyeshya abo turi bo, bityo rero uwusotora uwundi yitwaje amoko abifata nk’aho aronse inyendamuvano ahereye ku muzi. Nimba umuntu yigijweyo kubw’inyifato yiwe, ashobora kuyihindura, nimba aciriwe ivomo kubera ubwoko bwawe, mbega urumva yokora iki? Bituma yiheba gusa. Ibikomere bitewe n’icinyizwa rishingiye ku moko birababaza cane.

2) Ico Bibiliya ivuga ku gukomereka

Mu Migani 18: 14 havuga hati: ‘Umutima wihanganye ukomeza umuntu mu ngwara yiwe, ariko umutima wihebuye ninde yowihanganira?’ Ugukomereka k’umutima kugira ingaruka ku bushobozi bwacu bwo guhangana n’ibibazo vy’ubuzima. ‘Umutima unezerewe ni umuti mwiza, ariko umutima ubabaye umutera kwonda’ (Imigani 17:22). Uyu murongo werekana ko iyo umuntu akomeretse, amera nk’amagupfa adafise umusokoro, kandi mu ngingo ntihabe hakigondeka (dry joints). Iyi ni ishusho idufasha kumva umuntu ufise umutima ukomeretse, ukuntu aba agowe.

Imana yita ku bafise ibikomere ku mutima: ‘Abagororotsi baratakamvye Uhoraho arabumva, abakiza amakuba n’ivyago vyose.’ (Zaburi 34:18). Muri yesaya 42:3, ivyavugwa kuri Mesiya azoza, haravuga hati: ‘ntazohohosha irenga rivunitse n’ururimi ruyenga ntazoruzimya azoshikana amateka muvuyukuri. Uku niko ukomeretse amera mu mutima, aba yunamye imbere muri we.

Ahandi hati: ‘mpwemu w’umuntu ni urumuri yahawe n’uhoraho, rusesa ibihishijwe mu mutima’ (Imigani 20:27). Tugereranya impwemu y’umuntu n’urumuri rwaka. Imibabaro y’umutima ishobora gutuma rwa rumuri rugabanuka, ubundi rukagenda rugabanuka nk’ikoroboyi igomba kuzima.

Yesu ntazigera acinyiza irenga risadutse. Ahubwo ’Uhoraho aramira abagwa bose’ (Zaburi 145:14; 146:8). Ahandi hati: ‘Uri icubahiro canje, ni wewe ushira hejuru umutwe wanje’ (Zaburi 3:3). Ahandi: ‘Nabatuye umutwaro wabahetamisha mbagendesha mwemye (Abalewi 26: 13). Ntazigera azimya rwa rumuri n’ubwo rwogabanuka hafi kuzima ahubwo asubiza intege mu bugingo bwacitse intege.

Imana igarurira inkomezi abacitse intege: ‘...Mwana n’ufise umitima umenetse wicisha bugufi, kugira ngo mpembure impwemu z’abicisha bugufi’ (Yesaya 57:15).

3) Ugukomereka kutugirako ingaruka

Ihungabana

Birashoka ko twohungabana. Ihungabana ni ijamba rigaragaza impinduka ku mubiri, mu bwenge no mu mutima, riba ku muntu yahuye n’ibintu bidasanzwe, bikomeye, biremereye, biteye ubwoba. Ingaruka z’ihungabana zishobora gutuma tudashobora gukomeza ubuzima bwacu nkuko bisanzwe. Hari ibimenyetso bizwi ku rwego mpuzamakungu. Ibi biri ku rutonde rw’ivyongeweko.

Uko twiyumvira

Dushobora kumenya urwego rwo gukomereka tugezemwo turabiye ku buryo ivyiyumviro vyacu vyahindutse. Iyo dukomeretse cane, tubitewe no kwankwa (gucinyizwa), twakira ubutumwa (mu vyiyumviro), bugira ivyo ubwo butumwa butwemeza, buhindura uko tubona abandi n’Imana. Satani ni se w’ibinyoma, kandi ikigwanisho gikomeye akoresha ni ukwonona ivyiyumviro vyacu avyuzuzamwo ibinyoma vyawe.

Hari abantu baciye mu kaga gakomeye ariko babisohokamwo ivyiyumviro vyabo bitononekaye. Bashikamye ku kwizera ko Imana ibakunda, ibaha agaciro kandi izobakiza imibabaro. Nubwo batabura kubabara kubera ko hari ababo babuze, ntibibabuza gukomeza kugirana umubano mwiza n’Imana, n’ abandi ndetse nabo ubwabo. Tukaba tworangiza tuvuga ko bakomeretse ariko bidakabije.

Hari abandi baciye mu bihe bikomeye, birangira bakubititse birenze. urugero, bakageraho bizinukwa, bumva ata mahoro, ata mutekano na mukeya, kandi batakaza ivyizigiro. Bageza aho bumva ko Imana itabakunda. Hari n’abagera aho bayihanagura mu mitwe yabo. Tworangiza tuvuga ko aba, bashegeshwe bikomeye, bakeneye kugirwa inama bidasanzwe.

Uko twitwara kutari kwiza (iyo twakomeretse)

Nubwo Yesu yahemukiwe cane, ntabwo yigeze yishurana inabi (1 Petero 2:22-23). Iyo bigeze kuri twebwe, turakomereka, tukababara, tugashavura, aho kwishira mu maboko y’Imana idaca urwa nkunzi.

a. *Duca urubanza (ducira abantu imanza)*

Ducira abandi imanza mu mitima yacu, nta ciza tubifuriza. Bibiliya igaragaza neza ko ucira abandi imanza nawe azozicirirwa (Matayo 7:1-5).

b. *Dufata ingingo mu mutima, nubwo rimwe narimwe tubikora tutabizi (tutabiteguye)*

Izi ngingo zo mw’ibanga nizo zigena uko tubona ibintu bikarongora imyitwarire yacu yose. Uturorero:

- Nta muntu nzongera kwizera!
- Sinzigera na rimwe nemera ko hagira uwusubira kundenganya.

- Nta ciza nzitega ku bantu, ntibizantangaza nihagira uwungirira nabi

C. Tugira ivyiyumviro bigoramyeye

Ibi vyiyumviro bifise inkomezi. Nivyo bigenga amarangamutima yacu n'ibikorwa. Akarorero k'ivyiyumviro bigoramyeye:

- Jewe n'abanje tuzokwama dutotezwa, tugirirwa nabi
- Nta muntu unyitayeho
- Abantu bazima (batari abanyamafuti) ntibakibaho.
- Nta witaye ku vyanje (Ndimenya; ndatera nkiyakira)

Gufatira abantu mukivunga ni kimwe mu vyerekana ibi vyiyumviro bigoramyeye.

d. Twikurako abandi, tukibera mu bacu

Iyo dukomeretse twikura mu bandi, tugahitamwo kutagira uwundi twokwizera uretse abo duhuje.

Mu bigalatiya 6:7 hatubwira ko umuntu azimbura ivyo yabivye. Iryo tegeko rigera no kuvyo tubiba mu vyiyumviro. Umwami Yesu ati: 'Bibabere nk'uko mwizeye' (Matayo 9:29). Nk'uko kwizera vyugururira Imana umuryango igakora ibikorwa n'ibitangaza, ni nako kwizera ko abantu bazotugirira nabi bigera igihe bikaba (Yobu 3:25).

4) Ingaruka z'ibikomere bitakize

Twese tuzi uko bigenda iyo igisebe kitavuye. Kirabora. Iyo bitevye vyonona umubiri wose bikaba vyotera urupfu. Ibisebe bitavuye kandi bidapfutswe bikwega insazi. Rimwe mu mazina ya Satani ni Belzebuli, risobanurwa 'umwami w'insazi' (Matayo 10:25; 12:24-27). Nk'uko tubona ibisebe bikwega insazi ni na ko ivyo dufise mu mutima bishobora guhinduka inzira abadayimoni bacamwo mu gukorera mu muntu ndetse no mu gihugu.

Iceberwa: Ibi ntibivuze ko umuntu ukomeretse aba arwaye abadayimoni.

Muri buri gihugu twakoreyemwo, twarashoboye kubona ko ibisebe bitavuye ndetse n'intambara zidahera bifise inkomoko muri kahise ka kera kuzuye ibikomere. Niyo mpamvu Imana yababajwe no kubona abantu bayo batakize ibikomere. Muri Yeremiya 6:14; 8:11 Imana iravuga: 'uruguma rw'abantu banje baruvuye baruca hejuru bavuga bati "ni amahoro ni amahoro", yamara ata mahoro ahari.'

Ni vyiza kuba Imana ifata ugukomereka nk'ikibazo gikomeye ku rwego rumwe no gucumura kwacu. Imana itahura neza umutima ukomeretse ndetse ikawugirira impuhwe. Imana izi neza ko ibikomere vyo mu mutima bigira ingaruka ku buzima bwacu bityo yiteguye kubituvura. Dusoma muri Yeremiya 30: 12-13 ko uruguma rwacu rutaziga gukira, ariko tukanezerezwa ko mu yindi mirongo (Yeremiya30:17), Imana idusezeranira kudushumbusha ivyo twabuze kandi ikadukiza ibikomere. Ibi tuzovyigako cane mu cigwa ca 9.

5) Kwemera ko dufise ibikomere niryo tanguriro ryo kubikira

Vyemezwa na benshi ko kugira ngo umuntu akire, akwiye gufashwa kugaragaza umubabaro, agahinda canke uburakari afise. Ariko kuri benshi, ibi ntivyoroshe gukora.

Ni izihe nzitizi tubona mu kugaragaza umubabaro?

- Iteka no kwihagararako.
- Kutagira uwo twizera.
- Kumva ko kuvuga imibabaro ufise birushaho kwiyongera.
- Gutinya ingaruka mu gihe abantu:
 - batagira ico babikorako ahubwo bakitwengera
 - batahura aho nfise intege nke bakabikoresha ibindi (birimwo no kungwanya)
 - badufata ukundi, bakaducira urubanza
- Gutinya ko vyotuma uta umutwe, ukaba wosara: ‘Ndamutse ntanguye kurira bishobora kudahagarara!’
- Imyemerere ishingiyeye ku muco (Nk’akarorero: abarundi bavuga ko kuba umugabo ari kuryumako no kwiga gushinyiriza. ubundi ngo amarira y’umugabo atemba aja mu nda).
- Hari aho wovuga akababaro kawe, bikaba vyokuviramwo akaga.
- Kudatahura neza ico Ijambo ry’Imana rivuga. Amashengero amwe yigisha ko Umukristo agomba guhora mu Mpwemu, bityo agahora anezerewe. Ikibabaje ni uko ibi bishobora gutuma abantu batangura kwambara ‘mask’ (bishushanya), berekana ko banezerewe kandi mu mitima bicika!

Mbere y’uko abantu bafite ibikomere babikira ni

Ngombwa ko mbere ya byose bahangana kandi bakagaragaza



Si vyiza gupfukirana umubabaro, uburakari, intimba n’ibindi. Gukomeza gupfuka bishobora gutera indwara zo mu mutwe, kandi bituma abantu bananirwa gukomeza urugendo rubaganisha ku gukira. Ukudakira gutuma intamabara zamaho).

Ni gute twonesha izi nzitizi?

Imico inyuranye yemera kandi ikigisha abayirimwo ibitandukanye. mbega twomenya gute umuco wigisha ukuri? Ni ngombwa rero ko tugaruka mu vyanditswe vyera. Imico yose ishobora kwigira kuri Bibiliya

– ni isoko y’ukuri riruta imico yose. mbega Bibiliya yigisha iki ku vyerekeye kwerekana amarangamutima? Tuzi uturorero twinshi tw’aho amarangamutima yagaragajwe muri Bibiliya:

- Hana yagaragaje umubabaro kubwo kutagira umwana no gushinyagurirwa (1 Samweli 1:10, 15-16).
- Ahenshi muri Zaburi Dawidi agaragaza umubabaro kubw'akarenganyo agirirwa (Zaburi 5, 7, 12, 13,22,31,69 n'ahandi).
- Yeremiya ababazwa cane n'uburyo ubwoko bwabo bwari bumeze (Yeremiya 8:18; 9:11).

Yesu yari intangarugero, ariko nawe ubwiye ntiyigize aterwa isoni no mu kugaragaza amarangamutima yiwe kandi mu buryo bukwiye (Yohana 11:35, Luka 19:41; Abaheburayo 5:7). Nta na kimwe yahisha ngo yishushanye. Ntiyigeze aterwa ubwoba n'uko abandi bamwibazako. Natwe twategerezwa kumwigirako. Imitwaro yacu n'ubwo yoba iremereye cane, tuyikoreze Yesu ku musaraba maze turuhuke. Imana iraturindiriye, yiteguye kudukiza. Ishengero ryategerezwa kuba aho twemerera kuvuga ibikomere vyacu tugakira.

Mu gihe hakigaragara akarenganyo, Abakiristu bagomba gufasha abandi kumva ko Imana ariyo mucamanza wukuri, maze bakabashishikariza kuyikoreza akarenganyo kabo nk'uko Yesu yabigenje ku musaraba (1 Petero 2:23). Ubundi buryo bwo gufasha abandi gukira ibikomere, ni uguhagarara mu mugishingo. Abakristo basabwa kubikora kuko ari abaherezi b'ubwami. Ibi tuzobibona mucigwa ca 13.

Ishusho y'ibubantu hasi iratwerekana umuntu akomeretse ariko akitwara nk'aho ataco bimumweye (nk'uwambaye mask). Ishusho iri iburyo itwigisha ko umuntu yategerezwa kugaragaza uko amerewe; akemera ko ababaye cane (atambaye masike). Iyi shusho iratwerekana ikiganza c'Imana kimutwikiriye, bityo akumva atekanye kandi yemerewe kwiyerekana uko ari.



Incamake

Kuvyigarukanako

- Ni ibihe bintu vyaguteye gukomereka?
 - Mbega ni iyihe mitekerereze igoranye iri mu mutima wawe, woba waratewe no gukomereka?
 - Ni iyihe myemerere y'umu-co wawe (n'uwo umuryango uturukamwo) ufise ku vyerekeye kugaragaza amarangamutima?
 - Iyo myemerere yoba ikugirako izihe ngaruka?
- Ugukomereka ni ingaruka z'icaha caje kw'isi. Kwankwa uzira uko usa canke abo ukomakamwo ni igikomere gikomeye.
 - Iyo dukomeretse, dutangura kwizera ibinyoma vya Satani kuri twebwe, ku bandi, no ku Mana, bigira ingaruka ku mitekereze n'ibikorwa vyacu.
 - Imana iha uburemere bumwe ugukomereka no gucumura kwacu, yifuza ko twokwemera ko dufise ibikomere kugira ngo dukire.

9. Inyishu y'Imana ku mibabaro y'abantu

Kumva neza ko Yesu atwikorerera imibabaro n'ivyaha

Ni iyihe nyishu Imana yatanze ku bibi vyose n'akarenganyo kabera hano mw'isi? Yaje mw'isi muri Yesu, arababazwa, yishirako ibibi vyose nubwo ata caha yakoze. Ibi ntibikuraho ko iyo ducumuye, duharurwako ivyaha kandi ko aritwebwe dutegerezwa kwihana no gusaba imbabazi. Yemeye kwishirako ivyaha vyose, abijana ku musaraba kugira ngo atubere ikimazi. Uku niko yikoreye ivyaha vyacu, ariko yikorera n'imibabaro yacu.

1) Yesu yikoreye ivyaha vyacu, yishirako n'imibabaro yacu

Yohana Umubatizi yabanje kuvuga Yesu: 'Nguyu umwana w'intama w'Imana akuraho ivyaha vy'abari mw'isi' (Yohana 1:29). Umwami Yesu yivugako yigisha i Nazareti ubwa mbere, yasomye muri Yesaya 61, ivyo tubisoma muri Luka 4: 14-21: 'Yansigiye kuvura abafise imvune mu mutima.' Nimba twigisha gusa ko Yesu yaje mw'isi gukuraho ivyaha, ubutumwa dutanga buba ari igice. Icaha si co kibazo dufise conyene. Ibikomere navyo ni ikindi kibazo gikomeye. Ntidukomeretswa n'ivyaha vyacu gusa, ahubwo n'abandi bashobora kudukemurira, tugakomereka. mbega nimba Yesu yaraje kubera ivyaha vyacu gusa, mbega imibabaro yacu turayigira dute?

Ivyanditswe bitwigisha ko ku musaraba, Yesu yikoreye ivyaha, yikorera n'imibabaro ku musaraba. Muri Yesaya 53:4 hagira hati: 'ni ukuri intimba zacu nizo yishizeko, imibabaro yacu niyo yikoreye.' Amajambo y'igiheburayo yakoreshejwe hano asobanura umubabaro n'intimba nyinshi. Yesu ntiyikoreye ivyaha vyacu gusa ku musaraba ahubwo yanikoreye ingaruka zose z'icaha kw'isi. Ni nkaho ku musaraba Yesu yagize ati: 'Mumparure nk'umuyavyaha, munyikoreze imibabaro n'intimba vyo mw'isi yose. Reka mbabare mugishingo canyu.'

Yesu azi ico ukubabara bivuze kuko nawe yababajwe

Hano kw'isi Yesu yahuye n'imibabaro myinshi. vyarahanuwe ko 'yari umunyamibabaro, yamenyereye intimba.' Habandanya havuga hati: 'yarasuzugurwaga, akankwa n'abantu' (Yesaya 53:3). Igihe yaza mw'isi yabuze aho kuvukira, vyabaye ngombwa ko avukira mu ruhongore gw'inka (kwankwa). igihe yari akiri muto we n'abavyeyi biwe bahungiyeye muri Egiputa (ubuhunzi). Abantu bo mu gace yavu-kiyemwo i Nazareti bamufata nk'ikinyendaro (kuvugwa nabi), nuko akurira mu bukene akora akazi gaciriritse k'ububaji (ubukene). Agitangura igikorwa co kwigisha, abo mu muryango wiwe n'ab'iwabo ntibamwemeye neza (kwitwa umutekamutwe n'umusazi). Abayobozi b'idini na leta baramurwanije, kugeza aho bamwiciye (guhemukirwa, kuremekwa ivyaha no gucigwa urubanza rurenganya).

Ibi biragaragaza ko Yesu nawe yaciye mu mibabaro! Nubwo Imana yakunda umwana wayo nti-yigeze imurinda kugerwako n'imibabaro. Mu Baheburayo 2:10 hagira hati: 'kuko vyari bikwiye ko Imana, vyose vyaremwe ikabibeshaho, irongora abana benshi itunganishije rwose umugaba w'agakiza kabo kubabazwa.'

Imwe mu mibabaro Yesu yanyuzemo:

- Yahemukiwe n'incuti
- Yanswe n'abantu biwe
- Yarakubiswe, aratwengwa, bamucira amate
- Yambitswe ubusa
- Yikoreye umusaraba uremereye
- Yarabambwe
- Se wo mu ijuru yamuteye umugongo

Hari abibaza bati: ni gute Yesu yokumva imibabaro yanje? Ntiyigeze aburira umuryango wiwe muri muntambara n'ubwicanyi! Ntashobora kumva akababaro k'umugore wafashwe ku nguvu! Nivyo ko hari imibabaro imwe atahuye nayo mu buzima bwiwe, canke aja no ku musaraba, ariko ku musaraba, Yesu yakoze ikintu gikomeye kirengeje 'kwifatanya' (gusangira) natwe mu kababaro.

2) Kuri Yesu, umusaraba si igikorwa co kwisanisha natwe ahubwo ni ahantu imibabaro yimuriwe muri we

Ivyabereye ku musaraba birahambaye kuruta uko tuvuyibaza. Mu 2 abikorinto 5:21 tubwirwa ko Yesu atigeze amenya icaha ahubwo 'yahinduwe icaha ku bwacu'. Biragoye kumva ukuntu ivyaha vy'isi yose vyamushizweko. Ni muri ubwo buryo n' imibabaro yacu yose yamushizweko. Intimba woba ufis e iyo ariyo yose yarayikoreye! Igihe Yesu yari amanitswe ku musaraba yari yikoreye icaha c'uwafashe ku nguvu ari nako yikoreye umubabaro w'uwafashwe ku nguvu; yahindutse icarimwe umwicanyi ndetse n'uwicawe. Yabereye icarimwe uwivye n'uwiwe. Yabereye icarimwe. Yesu yumvise umubabaro wose. Bamuhaye vino igabanya ububabare aranka.

3) Uko dutandukana n'umubabaro

Tuzi gufasha abaremerewe n'ivyaha, tubabwira kuvyihana bakavyikoreza Yesu ku musaraba. Ntitubabwira ngo: 'muvyibagire mwiyumvire ikindi,' kuko tuzi ko baba bakeneye kuvyihana no kubireka. Iyo bigeze ku mubabaro, tubura ico dukora, tukabwira abantu ngo bibagire ivyababaje, babireke. Twirengagije ntitwokira. Iyo twikoreye imibabaro n'agahinda vyacu Yesu aratubwira ati: 'Mureke mbabare mugishingo cawe.' Iyo duhishije imibabaro n'ibikomere mu mutima wacu, vyoguma muri twebwe, aho kugira ngo tubihe Yesu adukize.

Reka turabe inkuru ya Lazaro, musaza wa Mariya na Marita, yapfuye agahambwa mu mva (Yohana 11:1-44). Yesu akihagera yasavye ko bakuraho igikibuye. Marita yishura ahakana ati: 'Ariko Lazaro amazemwo iminsi ine, nimwakurako ikibuye aranuka!' Ariko Yesu akomeza kubahatira, bagikurako. Yesu ahamagara Lazaro ava munva. Yesu yari azi neza ivy'umunuko ariko ntivyarigushoboka ko Lazaro azuka ikibuye kidakuweko. Ni muri ubwo buryo Yesu azi imibabaro twahishije mu mitima yacu

ndetse, azi neza ko hari ‘umunuko’ uterwa n’ibikomere bimaze igihe bitavuwe. Arifuza gukiza imitima yacu, ariko igihe cose tutamwemereye ngo agere ku bikomere vyacu no ku mibabaro yacu, ntivyashoboka ko adukiza.


Ku musaraba Yesu yarishe ivyaha vyacu n’imibabaro, kubw’ amaraso yiwe. Yatanze ubuzima bwiwe kugirango tubohoke dukire. Muri Yesaya 53:3 havuga ko twoba twasuzuguye (tutamuhaye agaciro) Yesu, turamutse twanse kumuha intimba zacu, bityo akaba yarapfiriye ubusa. Ni nk’uko twobwirira Yesu, ‘sinkeneye ikimazi cawe. Nshoboye kwikorera ivyanje nanje ubwanje.’ Duhe agaciro Umwami wacu, tumwikoreza ibitegerezwa kuba ivyiwe. ivyaha vyacu n’imibabaro yacu.

Gusuka imbere y’Imana ibiri mu mitima yacu biri mu vyanditswe

Inzira yo gukira ibikomere vyose ni ukwikoreza imibabaro yacu yose Umwana w’intama w’Imana, maze yose akayidukurako. Zaburi zidushishikariza gusuka imbere y’Imana ibiri mu mitima yacu:

- Zaburi 142:1 -3 Dawidi yari umunyakuri, ntiyigeze agira ivyo ahisha mu mutima wiwe.
- Zaburi 62:8 Abantu bose bategerezwa gusuka ibiri mu mitima imbere y’Imana.
- Zaburi 56:8 Ntawosuka agahinda kacu, Uhoraho azokwakira amarira yacu.
Imibabaro yacu ni iy’igiciro cinshi imbere yayo (Zaburi 72:14; 116:15). Imana ikuraho amarira n’ imibabaro vyacu vyose.

Gucurintimba kwa Yeremiya 2:19, havuga hati: ‘Usume umutima wawe nk’amazi imbere y’Uhoraho.’



yesaya 53:4

Nk’abakristo, tunezerwe bihebuje ko dufise aho Imana yaduteguriye, aho gushira imibabaro yacu. Ku batizera aho bagarukira, ni ukuvuga ivyababaje bakarekera aho.

Nk’abizera, dufise amahirwe yo kumenya ko Yesu ariwe atwikorerera imibabaro. Dushobora guturwa umubabaro twikoreye. Iyo tuzanye ivyaha ku musaraba dukenera kwihana ariko nta mpamvu yo kwihana kubwo gukomereka. Dushobora kwihana kubera uko twashavuriye abatugiriye nabi.

ariko nta mpamvu yo kwihana kubera ko umuntu yumva ababaye. Umutima w’Imana wuzuye agahinda (Itangiriro 6:6), ariko mu mutima w’Imana hari

Ikibanza gikwiye cokuzuramwo akababaro k’igihugu

cacu. Kugirango umubabaro ushirwe ku musaraba, ni ngombwa ko twiyambura ibinyoma vyose twatwe n'ibikomere, Bityo tukakira ubuzima bushasha. Ariko haracari ibindi vyiza Imana yaduteguriye ku musaraba!

4. NI gute imibabaro yacu yoduhindukirira inyungu

Dushobora kuyiboneramwo impuhwe (imbabazi) z'Imana

Hari imbabazi z'Imana, n'impuhwe zayo dutahura iyo twaciye mu mibabaro, tutari kuzomenya iyo tudahura n'ibitubabaza. Abahuye n'imibabaro bagahumurizwa, nibo Imana ishobora gukoresha mu guhumuriza abandi. Imana iramutse irinze Abakristo kubabara, ni gute bofasha abahuye n'imibabaro. Nta n'uwobatako umwanya, ariko guhumurizwa n'Imana iyo duhuye n'imibabaro, bihinduka impano ikomeye natwe dushobora guha abandi.

Ukwizera kwacu kurageragezwa, kugakomezwa


Kubabazwa gusuzuma niba ukwizera kwacu kugikomeye, bigatuma turushaho kwiyemeza gukurikira Kristo, ico byadusaba cose. Nta n'uwokwibeshya ngo avuge ko dukunda Imana kubera ko ivyacu byose ari amahoro. Nimba Imana yazigama Abizera bose kubabara, abantu batangura gukizwa batabitewe no kwizera no dukunda Imana ahubwo babitewe no kwishakira 'ubuhungiro.'

Mu mibabaro, dushobora kwiga kwizigira Imana no kuyizera. Bifasha ukwizera kwacu gukura, tugatahura intege nke zacu, bityo tukazishakira umuti. Nubwo bibabaje, usanga twirukira ku Mana iyo ibintu vyadukomeranye, imibabaro yadusugereje.

Ibi ntibivuga ko tugomba gushimagiza imibabaro canke ngo tuyihe ikaze kandi harico twokora kuyirinda. Imana ishaka ko turwanya canke tugabanya imibabaro n'ibiyitera birimwo n'akarenganyo. Ariko iyo ata kundi twoyihunga, tuyiha Umwami Yesu akayicungura. Umwami Yesu yadusezeranije intsinzi muri Yohana: 16:33.

Imana ishobora gucungura imibabaro yacu

Iyo turavye mu vyanditswe, dusanga hari imikorere y'Imana igaruka kenshi. Nivyo Satani ahora atwiba ivyo Imana yateguye ko tubona, ariko Imana ifise ubushobozi bwo kutwubaka, tukaba tworenga aho twari tugeze tutaribwa. Isi ya mbere iremwa yari nziza, iza kwononwa n'icaha. Aho Imana yaduteguriye kuba ni heza cane kurusha uko isi yarimeze Adamu ataracumura. Yosefu ni akarorero k'umuntu yababajwe no kugirirwa nabi kenshi, ariko biza kurangira Imana imushize hejuru mu rugo rwa Farawo, bituma afasha abo bivukana n'ubwoko bwiwe. Naomi yagiye i Moabu kubera inzara, apfisha umugabo n'abahungu biwe. Mu nyuma agaruka i Betelehemu n'umukazana wiwe, yunguka Bowazi n'umwuzukuru yaje gukomokwako na Kristo. Hari uturorero twinshi twerekana ko Imana icungura imibabaro yacu.



Imana ishobora gucungura imibabaro yose idushikako. Hakugirango tugume mu gihombo camaho, dushobora guhabwa inyungu y'igicro kinini kandi yamaho. Nta kibi cokugerako (nubwo coba gisa gute), Imana idakoresha mu kukuzanira ivyiza birengeje. Iyi ni inkuru nziza. Uko gucungura kw'Imana kuba ari uko duhamagaye Imana ngo yinjire mu mibabaro yacu ngo iyihindure (Abaroma 8:28).

5) Ku musaraba niho tubonera icogusubiriza ico twahonye.

Ntidusiga imibabaro yacu ku musaraba ngo birangirire aho. Ku musaraba Yesu yaduteguriye ico kudusubiza (exchange at the cross). Ahari ivyaha yaduhaye ukugororoka kwiwe; mukibanza c'imibabaro aduha umunezero wiwe; mukibanza co kwankwa aduha kwemerwa; Mukibanza c'ubwoba aduha amahoro yiwe; mukibanza co kwihebura aduha ivyizingiro; mukibanza c'uburakari aduha inkomezi zo kubabarira; mukibanza c'ubumaramare aduha icubahiro.

Kuvyigarurako

- Ni ryari wigeze wumva umutima uremerewe n'icaha canke umubabaro, bigatuma uganze Yesu ngo akwikorere ivyaha n'umubabaro?
- mbega hari ivyoba bikurhije mu mutima wawe wumva wokwikorere Yesu?
- N'iki wumva cogufasha ngo usuke ibiri mu mutima wawe imbere y'Imana? N' iki kikuzitira?
- wibaza ko Yesu yogushumbusha iki?

Incamake

- Yesu atwikorerera imibabaro n'ivyaha.
- Kwikorere imibabaro yacu Yesu mu kwizera biruhura imitima yacu tukumva tubohotse.

10. Igikorwa c'umugaraba

Guha abantu amahirwe yo gushira imibabaro yabo ku musaraba mu bikorwa

Kumenya ko yatwikorereye ivyaha vyacu n'imibabaro ku musaraba ni ikintu kimwe. Kubishira mu bikorwa, tukikoreza Yesu iyo mibabaro n'ivyaha, naco ni ikindi. Dushimishwa no kubona umugisha uva mu gushira mu bikorwa ico Bibiliya itwigisha. Hari abo Yesu yasavye ko bagira ico bakora kugirango bagwize ukwizera kwabo. Yashize utwondo ku maso yuwutabona, hanyuma amutegeka kuja kwiyuhagira mu kidengeri c' iSilowamu (Yohana 9:1 -7). Nta kintu kidasanzwe cari muri utwo twondo canke ico kidenderi. Ariko Yesu yarazi ko uwo mugabo niyakora ivyo, vyari kugwiza ukwizera kwiwe bigatuma akira. Namani nawe yarungitswe kwiyuhagira incuro indwi muri Yorodani (2 Abami 5:10). Reka dukore iki gikorwa mu kwizera kugirango bidufashe gukura ibikomere vyo mu mutima.

Kwandika ivyatubabaje kurusha ibindi n'ico vyadutwaye ku rupapuro bishobora kudufasha kwemera ko tubabaye. Kuganira n'uwundi canke mumugwi muto ku mibabaro yacu bishobora kudufasha gukura, cane cane iyo tubwira abo mu mugwi wadukomerekeje (iyo batweretse ko bakozwe ku mutima n'ivyatubayeko). Gusuka imibabaro yacu kuri Yesu, nk'uko twabibonye mu gice cabanje, nayo ni iyindi ntambwe yo gukura iyo twizeye ko Yesu ayitwikorerera. Gushira rwa rupapuro ku musaraba w'imbaho, tugafata inyundo tukarubamba, dushira mu bikorwa ivyo twizeye mu mutima, bidufasha gutandukana n'imibabaro yacu, tuba twizeye ko twayishize mu biganza vy'Imana idukunda. (Abikolosayi 2:14). Kubikura ku musaraba, tukabituririra hamwe, bishimangira ca gikorwa co kwizera ko vyose vyashizwe mu mutima w'Imana.

Iyo bikozwe, hasigara ivu. Nk'uko dusoma muri Yesaya 61, Imana icungura imibabaro yacu. Ku murongo wa 3 ko Yesu yifuza kuduha igitsibo (c'ubwiza) mugishingo c'umunyota. Mu bihugu bimwe, hari ikintu kimera (ishurwe ryiza) rimera aruko baturiyeho aho hantu. Imbutu zishobora kumara igihe kinini mw'ivu, ariko hanyuma yo guturira aho hantu, za mbuto zikameramwo ishurwe ryiza. Ayo mashurwe yitwa '*Fire-lilies*.' Iki ni ikigereranyo ciza c'ivyo Imana ishaka gukora mu buzima bwacu. Imana ishobora kutuvanira ivyiza (amashurwe), mu mibabaro twahuye nayo, iyo tuyishize mu biganza vyayo vy'urukundo.

Iki gikorwa twagikoranye n'imigwi myinshi mu bihugu n'imigabane itandukanye. Kizwi nk'igikorwa c'umugaraba. Tuba dushira mu bikorwa itegeko ryo kwizera ko Yesu atwikorerera imibabaro, bigatuma twakira ugukira, kubohoka no kuruhuka. Muri iki gikorwa, abenshi bagize amahirwe yo kumva (ubwa mbere), imibabaro y'abantu badahuje umugwi (umuryango, ishengeru, ubwoko, igihugu, umugabane), bakisanga bakozwe ku mutima (bagize impuhwe) y'ivyabaye kubo bita abansi. Abantu batangura kugira ivyizigiro ko ivyababayeko atarivyo bifise ijamba rya nyuma ku buzima bwabo, ahubwo bizigira ko Imana ishobora gukuramwo inyungu muruhombo bagize.

Ugukira tubonera muri iki gikorwa kuratangaje. Kuturemamwo impuhwe ku baduhemukiye, kugatuma duhabwa inkomezi zo kubabarira.

Nubwo intumbero nyamukuru y' igikorwa c'umugaraba' ari ugufasha abantu guha Yesu imibabaro, hari abakiriye imbabazi z'ivyaha kuko bari baruhijwe n'ibibi bakoze. Hari abacinjyemo badakijijwe, bituma ubwa mbere batura ivyaha bakira agakiza. Hari abagiye babonamwo ubutabazi bukomeye : gukura indwara zo ku mubiri, kwishurirwa umwenda, kuronka ishuri, n'ibindi. Hari abari baranse

kubaka umugore cangwa umugabo bahinduye ingingo ubu barubatse. Hari n'ibindi bitangaza tutoharura vyerekana ugukiza kw'Imana. Ivyitonderwa: nitwizeza umuntu wese ko azobona ibi bitangaza ariko ico twabonye kuri bese, ni ugukira ibikomere.

Kuvyigarukanako

- Nimba umaze kwigishwa ko Yesu yikoreye imibabaro yacu ntubishire mu mungiro, uzoba utakaje kimwe mu bituma nyamukuru vyatumye iki gitabo candikwa.
- Iyunvire nimba wogikora wenyene canke wogifashanya n'abandi (abo mu muryango, abagenzi, abo musengana)
- Tugusaba guhera ku bikomere vyawe, imbere yuko uja ku vy'abandi. Ukeneye urupapuro, ikaramu, hamwe n'umusaraba (utubaho 2 duto turakwiye), inyundo, imisumari 2 n'ikibiriti

Incamake

- Kubwirana ivyatubabaje mu mugwi muto, tugategana amatwi mu rukundo ni intambwe ikomeye mu nzira yo Gukira
- Kwikoreza Yesu imibabaro yacu ni kimwe mu bintu bikomeye mu gikorwa c'umusaraba
 - Kwizera ko Imana isubiriza (ikuramwo inyungu) muruhombo biduha ivyizingiro vyakazozza keza.

Igice ca 3: Gushiraho umukaba (lento)

Gutahura kubabarira abandi ico bivuze

Kuri benshi bibera intanbamyi zikomeye kubabarira abaguhemukiye, iyo udatahura ico kubabarira bivuze. Kubera iyo mpamvu, tugomba gusobanukirwa neza icarico kubabarira n'ico atari co. Gukuraho igipfungu kw'ijambo 'kubabarira' no gukosora ivyo abantu baravyitiranya.

Gufasha abantu gukira ibikomere, biborohera kubabarira

Tumaze kubona ko gushira imibabaro yacu ku musaraba bifasha. Ibi biha inkomezi umutima wacu, bikadushoboza kubabarira. Biragorana kubabarira igihe umutima ucuzuye imibabaro. Twizera ko ari vyiza cane gufasha abantu bagakira ibikomere vyo mu mutima. Umusaraba utwereka ko kubabarira bituzimba cane, ariko kandi iyo tutababariye bitugora kurusha (bidufiseko ingaruka zikomeye).

Kwihana

Iyo tugeze ku musaraba biturongorera ku kwihana, iyi ikaba ari ingabire y'agaciro Imana yaduhaye itwinjiza mu kubohoka n'umunezero. Kwihana ni uguhindukira mu muvuyumviro n'umutima bikazana guhinduka uko umuntu yitwara mu ngeso. Ukwihana ku giti c'umuntu canke mu gishingo c'umugwi ni amategeko shingiro ya Bibiliya.

Guhagarara mu gishingo

Kwemera ivyaha vy'umugwi tuvamwo, tukabisabira imbabazi ni bumwe mu buryo bwo gufasha abakomeretse kandi bigakomeza gusubiza hamwe. Ibi biherekezwa no kwera ivyamwa bigaragaza ko tudashigikiye ivy' abacu bakoze, ivyo tukavyita "kuba mu gishingo"



11. Kubabarira uwaguhemukiye

Gusobanukirwa neza imbabazi Bibiliya ivuga n'ingaruka zo kutababarira

Nubwo kubabarira vyigishwa mumasengero, iyo nyigisho idatahurwa kumwe haba mw'isengero ndetse no hanze yaryo. Kugira ngo umutima w'umuntu ubabarire abandi biragora. Tugerageza kubabarira ariko ya mibababaro ikanka ikagaruka.

Nubwo inyuma tugaragaza ko twemeye inyigisho, mu mitima yacu biba ari ibindi bikomeye twiyumvira, rimwe na rimwe twumva ko Imana idushinyagurira mu gihe idusaba kubabarira. Mw'ibanga dushobora kwibaza 'mbega ntibikwiye kuba twarakomeretse?' Kudusaba kubabarira, twumva ari ukudukora munkovu. Akenshi twibaza ko kubabarira abatugiriye nabi ari ukwamburwa ikintu cari kidufitiye akamaro ndetse no kutugirira nabi. yamara imbabazi nyakuri nkuko tubisanga muri Bibiliya, nitwe zifitiye inyungu.

Dutegerezwa kumenya ko Imana ari inyembabazi n'inyempuhwe ariko ikaba n'Imana ikunda ubutungane no kugororoka. Kamere y'Imana ntiyoyemerera kudusaba kubabarira iyo ibona vyotugirira nabi. Ni ngombwa kumenya neza ico Imana idusaba gukora mu gihe idusaba kubabarira.

1. Kugira ngo dusobanukirwe neza ico ukubabarira abandi bisigura, ni ngombwa kubanza kumenya ico atari co (ukwitiranya)

Kubabarira si ukuvuga ko ataco bitwaye canke kwemeranya n'icaha

Ibi dushobora kuvyiyumvira twumva ko Imana iduhatira kubabarira kuko ititaye namba ku mibabaro n'uruhombo abatugiriye nabi baduteye. Hari igihe twumva ko Imana yanezerejwe n'akaga katubayeko canke ko ishigikiye abatugiriye nabi. Ivyo vyiyumviro nta kuri kurimwo! Icaha ni icaha kandi kinyuranye na kamere y'Imana, conona imibano y'abantu kandi kikonona ivyaremwe nayo vyose. Icaha icarico cose ni kibi ku Mana kuko kironona. Imana ntizigera ifata ikibi ngo icite iciza. Nimba cari icanduye igihe cakorwa, n'ubu ni ko kiri kandi ni ko kizohora imyaka n'imyaka. Nta gihe na kimwe icaha kizoreka kwitwa icaha. Nta gihe na kimwe Imana izovuga ngo ibibi vyakozwe ntibikiri ivyanduye. Kubabarira ntibigira ivyejejwe.

Hari ahantu dushobora kwigira ico imbabazi nyakuri ari co. akarorero keza ko gufatirako ni uburyo Imana yatubabariye. Imana ntiyigeze iraba mw' isi yuzuye ivyaha ngo igire iti: 'Ntaco bitwaye. Reka tuvuyibagire tubifuke, twibandaniye umubano nkuko ntacabaye.'

Hategerezwa kubaho ikiguzi c'imbabazi. Hategerezwa kubaho kumva uburemere bw'icaha n'ingaruka zaco. Ibi ni vyo Umwami Yesu yakoze ku musaraba. Yikoreye ivyaha vy'isi yose n'ingaruka zavyo. Iyo hatabaho umusaraba ntivyari gushoboka ko tubabarirwa n'Imana. Ibi rero biratwerekako imbabazi ari ikintu c'agaciro muni y'ijuru. Ibi bitwerekako uburyo Imana idafata minenerwe icaha: caba ico twakoze canke ico twakorewe. Imana yabifashe nkankama ku buryo yarungitse umwana wayo ngo adupfire kubera ivyo. Ntabwo Imana idusaba kwirengagiza ivyotwakorewe. Ahubwo idusaba kubishira ku musaraba.

Kubabarira si ugupfukirana canke kwirengagiza uburakari, agahinda n'ibindi twahemukiwe

Kugirango tubabarire dutegerezwa kwemera ko twababajwe n'ivyo twakorewe. Ivyo kuvuga ko bitatubabaje vyoba ari uguhakana ububi bwivyo twakorewe. Kubabarira vyategerezwa kujana no kugaragaza ico ivyo twakorewe vyadutwaye: 'vyarambabaje, vyaranshavuje ...'

Kubabarira si ukwibagira canke kunanirwa kwibuka ivyateye umubabaro

Mbega birashoboka ko twokwibagira akarenganyo twagiriwe cane cane hari nk'abavukanyi bacu bishwe? Nubwo tubabarira, ariko tubandanya kwibuka, ariko mu buryo butandukanye nimbere yo kubabarira. Umwe yavuze ko twibuka kabiri: twibuka ivyo twakorewe, tukibuka nuko twabihaye Yesu.

Kubabarira ntibivuze kwanka gufasha ubutungane

Hari abiyumvira ko imbabazi n'ubutungane bitajana, ariko Bibiliya iduhamagarira vyose (Abaroma 12:17;13:5). vyari mu mugambi w'Imana ko buri gihugu kigira urwego rw'ubutungane kugirango rurinde abanyagihugu. Ni ngombwa gukorana n'ubutungane, ariko tunabusengera ngo bukore neza ico bujewe, kwirinda ibiturire, kuja kuruhande rumwe no kurenganya. Kwicuza ku Mana no k' uwahemukiwe ntibivuze ko icaha kitagikurikiranwe n'amategeko. Ico Imana itubwira n' uko mu ruhande rwacu dusabira umugisha abatugiriye nabi (Abaroma 12:19-21), ariko ntawe duhora kutababarira ngo ni uko yatanze ibirego muri sentare canke yasuye nurubanza avuga ukuri kuwagiriye nabi uwundi mugihe yabibajijwe.

Kubabarira ntibikuyeho kwitunganya

Mu rwego rw'abizera Yesu, dusabwa kurondera uwaduhemukiye tukitunganya nawe nimba imibano yarononekaye. Muri Matayo 18:15 – 17, Yesu agira ati: Nimba mwene so akugiriye nabi, umurondere mwiherereye umumenyeshe icaha ciwe.' Yesu ntabwo yananiwe kuvuga ngo 'Umubabarire' kubera ko yifuza ko amakosa agaragazwa. Yesu aha agaciro imibano myiza mw' ishengero. Ashaka ko twegera abaduhemukiye n'umutima w'imbabazi kugirango dusubire kwubaka umubano aho bishoboka.

Ugusubiza hamwe ni ikintu c'agaciro kuri Yesu. Kubabarira bishobora gukorwa n'uruhande rumwe gusa rw'abahemukiwe, ariko ugusubiza hamwe gushoboka aruko impande zosi zakoze ivyo zisabwa. Iyo uwahemutse yanse kwihana, hari izindi ntambwe zitegerezwa guterwa n'ishengero. Kugirango dukomeze igishingantahe ciza c'ishengero, icaha kitihanwe gitegerezwa gufatirwa ingingo kuko 'umwambiro muke uhotsa irobe ryose' (1 Abakorinto 5:6). Abinangira umutima barakoze icaha kigaragara bagombye gutandukanywa n' umuryango w'abizera (1 Abakorinto 5:12 – 13) kugira ngo bihane kandi bababarirwe babone gusubizwa mu bandi (2 Abakorinto 2:6 -8; Abagalatiya 6:1).

2) Imbabazi nk' uko Bibiliya ibibona zishatse kuvuga iki?

Guha uwacumuye ingabire atarakwiriye

Imbabazi z'ukuri ni uguha uwacumuye ingabire ikomeye atarakwiriye guhabwa. Iyumvire ingabire itangaje Imana yaduhaye itubabarira ivyaha vyacu vyose iduhanagurako umugayo!

Kutihora

Mw' isezerano rya kera kwihora vyari vyemewe, ariko Yesu aturongorera mu nzira nziza, gusubiza ineza abatugirira nabi (Matayo 5:38 – 48).

Guhitamwo impuhwe/imbabazi aho guca imanza

Iyo dukoze ibi, tuba twigana Umwami Yesu yagaragarije abanyavyaha impuhwe zidasanzwe, kandi tuba twanse kwigana Satani, yama arega (yagiriza) abantu ashaka kubakwegera mu rubanza n'ibihano.

Kubabarira birazimba (birarusha), ariko kutababarira bizimvye kurusha cane

Kubabarira uwacumuye n' ivy'igicro, ariko iyo tutababariye bitugirako ingaruka mbi. Birangira aritwe tugize uburuhe bwinshi.

3) Ububi bwo kutababarira

Kuki Imana idusaba ko tubabarira abatugiriye nabi?

a. Kutababarira bizitira ubushobozi bwacu bwo kwakira imbabazi

Urwanko ku baduhemukiye rushobora kutuboha bigatuma tudashobora gushikira imbabazi z'Imana. Mbega burya muri Matayo 6:15 haratwereka ko Imana itatubabarira iyo natwe twanse kubabarira? Oya! Kuva Umwami Yesu atumeneye amaraso ku musaraba, isi yacumuye, yahawe ingabire y'imbabazi ku buntu. Imana si yo ifise ikibazo. Ubushobozi bwo kwakira izo mbabazi buva ku kwihana urwanko n'izigo y'inzika, bigaca umugozi wari utuboshe amaboko, tukabona kwakira za mbabazi z'Imana.

b. Kutababarira bizitira ubushobozi bwacu bwo gukira ibikomere no kubaho mu nwidegenyvyo

Inzika ituma twama tuzirikanye n'uwatugiriye nabi. Ni nko gukwegaga umutwaro uremereye inyuma yacu. Ntidushobora na rimwe kugira ico dushikako. Kutababarira bishobora kutugirako ingaruka nokumubiri kugeza igihe tubabariye uwaduhemukiye. Inzika n'urwanko bituma uwaduhemukiye abandanya kutugirako ububasha naho icaha yadukoreye cabayeho haheze imyaka myinshi. Abandanya kutwononera ubuzima, naho yoba atakiriho. Wisanga wahindutse inyagano w'uwakugiriye nabi. Iyo tubabariye tubohorwa imigozi yose yari ituboshe.

c. Kutababarira bitubuza kudasobanukirwa umusaraba mu buryo bwimbitse


Yesu yaradupfiriye ngo tubabarirwe ivyaha, uko vyaba biri kose n'iyoyoba ari vyinshi cane bitukura tukutuku! Abantu bose baharurwako urupfu rwa Yesu kuko yabambwe ku musaraba azira ivyaha twakoze. Nimba tubona uburyo vyatwaye ikiguzi kinini Yesu kugirango atubabarire, ntitwofashe minenerwe kubabarira abandi, bitabaye ivyoyoba tutatahuye Ubutumwa bwiza.

d. Kutababarira ni uguha ikibanza Satani mu buzima bwacu (Abanyefeso 4 :26 -27, 2 Abikorinto 2 :7,11)

Ntimugacire abandi imanza mu mitima yanyu kugirango namwe mutazozicirirwa (Matayo 7:1 -2).

4) Mbega ubushobozi (bw'umutima) bwo kubabarira abatugiriye nabi buva kuki?

Kwemera imibabaro tukayivuga, kuyisuka imbere y'Imana no kwemera Yesu akayikorera



Twabonye mu cirwa ca 9 ko Yesu yatwikorereye imibabaro yacu ndetse n'ivyaha. Biragoye kugirango ubabarire kandi umutima wawe ucuzuye umujinya n'umubabaro. Dushobora kwironderamwo imbabazi ku nguvu kubera ko tuzi ko Imana arivyo idukeneyeko, ndetse dushobora kuba twotera intambwe yo kubabarira kubera gutinya Imana ariko kwibuka ivyakahise bigarukana wa mubabaro na rya shavu, bityo za mbabazi twagize ngo twashitseko, ntitumenya aho zirengeye!

Iki gicapo tugezeho ca gatatu kirerekana inzira

itugeza ku kubabarira nyakuri. Icazanye Yesu mw'isi ni ugutangaza ati 'mumparureko ibibi vyose mwakorewe.

Nemeye gushirwako ubibi mwakorewe.' Ni co gituma dusabwa kumuha ibibi vyose twakoze, ariko tutaretse n'ibibi vyose twakorewe kuko Umwami Yesu yemeye kuvyishirako.

Muri Matayo 18:35, Yesu adusaba kubabarira tubikuye ku mutima ariko ntibidushobokera tukibabaye 'akuzuye umutima niko gasekera ku munwa.' yamara iyo twakiriye ukuri kuvuga ko Yesu yikoreye imibabaro yacu ku musaraba, kandi ko ariwe udukiza ibikomere, bitworohera kumuha ivyatubabaje vyose tukabona ubushobozi bwo kubabarira.

Twebwe n'abaduhemukiye twishira mu maboko y'umucamanza mukuru atarenganya

Biroroha kubabarira umuntu agusavye imbabazi abikuye mu mutima. None vyogenda gute nimba uwaguhemukiye atemeye gusaba imbabazi? vyogenda gute aramutse akomeje kwigamba ivyo yagukoreye? Ikintu kimwe conyene wokora ni ugushira abaguhemukiye n'ivyo bagukoreye mu maboko y'umucamanza atarenganya wo mw'ijuru (1 Petero 2:23). Umwami Yesu yagize ati: 'Data ubababarire kuko batazi ico bakora' (Luka 23:34), igihe bamutera imisumari ku musaraba. Yanse kwemerera ishari, n'inzigo y'inzika kwinjira mu mutima wiwe ahubwo yizigira Imana gusa. Yesu yabigenje uko aho kugirango yishurane ishavu, canke abantu abasubize inabi. Twizere uwo Mucamanza. Umunyavyaha niyihana azobabarirwa, ariko natihana azohagarara imbere y'uwo mucamanza udaca urwankunzi.

Ubundi buryo bwiza bwo gufasha ababuze ababasaba imbabazi, ni 'uguhagarara mugishingo' Ibi tuzobibona mucigwa ca 13

Kumenya ko natwe twama dukeneye imbabazi z'Imana bidufasha kubabarira

Guhishurirwa uburyo turi abanyavyaha n'ikiguzi Imana yatanze kugirango tubabarirwe, bituma natwe dushobora kubabarira abandi. Dusome Matayo 18: 21 – 35, inkuru y'umuntu wahariwe vyinshi yanka kubabarira uwari amufitiye ideni rito, vyodufasha gutahura neza imbabazi z' Imana

Tworangiza tuvuga ko kubabarira bidufitiye inyungu, aho kuba ikintu kiduhomvya. Imana ntifise intumbero kudushinyagurira mu gihe idusaba kubabarira. Ahubwo vyerekana uburyo idukunda.

Kuvyigarukanako

- Nimba hari uwo utarababarira, saba mpwenu yera akubwire ico wokora.
- Ni izihe nzitizi zikubuza kubabarira?
- Hari urwanko, inzika woba wifuza gusabira Imana imbabazi?

Incamake

- **Ukubabarirwa n’Imana ku musaraba ni akarorero gakomeye ko kubabarira.**
- **Kubabarira bisaba ko twemera imibabaro twagize tukayikoreza Yesu.**
- **Dufatira akarorero keza kuri Yesu twizera umucamanza w’ukuri.**
- Kubabarira birarusha ariko kutababarira biturusha kurusha.

12. Inyungu zo kwihana no Gusaba Imbabazi

Uruhara rwo kwihana mu gukiza ibikomere vy'amatati ashingiye ku moko

Twamaze kubona ko ugusubizahanwe bidashoboka igihe kwihana no gusaba imbabazi bitabayeho. Uwahemutse ashobora kongera gutangura urugendo rushya iyo yihanye, agasaba imbabazi, agashira ibibi yakoze ku musaraba. Aho ukwihana kuri n'ubuntu n'imbabazi vy'Imana biba bihari. Ukwihana ni inyigisho yotwara iminsi, ariko iki gitabo candikiwe gukoreshwa mu bihugu vyabayemo amatati (intambara) hagati y'imigwi. Muri iki cigwa co kwihana no gusaba imbabazi, turagaruka ku vyaha vyakoze mu gihe cya jenocide yakorewe Abatutsi mu w'1994.(mugihe c'intambara yahitanye abarundi bubwoko butandukanye abahutu abatutsi n'abatwa) mu mwaka wa 1993

Ni nde usabwa kwihana no gusaba imbabazi?

Kwihana bikenerwa igihe umuntu yambuye uwundi muntu ubuzima. Ariko dukenera kwihana n'igihe twagaragaje inyifato, ivyiyumviro canke ibikorwa bibi nubwo vyoba bito. Nk'uko twabibonye mucigwa ca 2 kwiyumvira ibibi ku bandi ubafatira mukivunga ni inkomoko y'iryane zishingiye ku migwi . Mu gihe tugize urwanko, tukagira ivyiyumviro bibi ku bandi, tugacira urubanza rubi abo tudahuje idini, ubwoko canke ubwenehugu, ico gihe dusabwa kwihana. Yesu avuga ko ivyo twiyumvira bibi, binganya uburemere n'ibikorwa bibi (Matayo 5: 21 – 22).

2) Ukwihana nyakuri ni iki?

a. Ukwihana nyakuri ni uguhinduka mu mutima no mu vyiyumviro

Ukwihana Bibiliya itubwira ni ikintu ciza cane kandi gitangaje. Mw' isezerano rya kera na rishasha, iryo jambo risobanura ukwicuzwa n'agahinda kenshi, uguhinduka mu vyiyumviro, bikagaragazwa no guhinduka mu mutima no mu bikorwa. Mbere ni uguhindura intumbero. Ni ukumenya ko iyo dukoze ikibi, tuba tugikoreye Imana mbere na mbere. Niyo yaturemye mw'ishusho yayo, kandi yaturemeye kugirango tubeho mu buzima buyihesha icubahiro. Tuvyumvise muri ubu buryo, niho dusobanukirwa ko icaha ari kibi, kuko gituma tutagera ku mugambi/ aho Imana yaduteguriye.

Twamaze kubona ko ivyo twemera arivyo bigena ivyo dukora. Ukwihana ni uguhindura ivyiyumviro vyacu ku bituma n'inyifato n'ibikorwa vyacu bihinduka. Ni ingabire y'igicro duhabwa n'Imana ikadushoboza gutangura ukundi bushasha. Mu 2 Abikorinto 7:9 – 10 harabisobanura neza.

b. Ukwihana k'ukuri kugarukana imibano

Ntibihagije kwihana uri wenyene. Ukwihana kwa nyako gukorerwa imbere y'Imana ariko niba twarahemukiye uwundi muntu, dusabwa gusaba imbabazi (Matayo 5: 23 – 24). Iyo dusavye imbabazi abo twahemukiye, siko buri gihe bidushikana ku gusubizahanwe. Ntituzigere duhatira abo twahemukiye kutubabarira. Kuba twakoze tugaheza uruhara rwacu, ibisigaye tubirekera Imana.

c. Ukwihana kwa nyako ni ukwenmera icyaha

Akenshi tugerageza kwisigura iyo twitwaye nabi cane twakoze amakosa, tuvuga ko ari abandi babiduteye. Tumera nk'abavyikurako. Abantu benshi bakunda guhunga umugayo w'ibibi bakoze, ahubwo ugasanga barashaka kuvyegeka ku bandi. Ariko ukwihana nyakuri ntigukora ivyo. Mu nkuru y'umwana w'icangazi, haratugaragariza uburyo yicujije atitwaje abandi canke ibindi (Luka 15: 18 – 19).

d. Ukwihana nyakuri ni ukwemera ingaruka

Ukwihana imbere y'Imana, uwakorewe icaha n'imbere y'ishengero ntibikuraho ingaruka ziva ku vyaha vyakozwe, cane cane iyo habayeho kwica amategeko y'igihugu. Umupasitori canke umujenama mwiza, ntiyarakwiye guhishira ivyaha bikomeye, ahubwo yarakwiye gufasha uwabikoze kwishikana ku ubutungane naho vyomuviramwo guhanwa bikomeye.

Ukwihana Bibiliya ivuga, kuzirikana ko icaha gifise inkurikizi zikomeye. Kuvayo 34:7 hatubwira uburyo kugororoka kw'abavyeyi kugira ingaruka ku babakomokako n'abazovuka inyuma. Mu busobanuro bundi, uyu murongo uvuga ko ivyaha vyakozwe n'iki gisekeruza bikurikirana abazokurikira. Birashoboka ko umuntu yokwihana agasaba imbabazi ariko inkurikizi zikabandanya. Kwihana guhagarika uruhererekane rw'imivumo. Ivyizigiro vyacu ni uko Imana ibasha gucungura n'ibibi bikomeye twakoze, duhora twicuza, ikagira iciza ivanamwo. Muri Luka 3:8, Yohana Umubatiza atubwira ko kwihana nyakuri tugomba kukwerekana imbutu twera.

e. Ukwihana nyakuri ni ukuriha ivyononekaye aho bishoboka

Ukwihana ntiguhagararira gusa ku kwicuza kubera ibibi twakoze, ahubwo kujana no kuriha ivyononekaye aho bishoboka. Mu nkuru ya Zakayo (Luka 19) dusangamwo ukuntu inyuma y'aho ahuriye na Yesu yemeye kuriha abo yagunze ashirako n'inyungu. Ntiyabikoze kubwo kubihatirizwa na Yesu, ahubwo yagaragaje ivyamwa vyerekana ko yahindutse koko.

3) Ico Imana ivuga ku kwihana

Mu vyanditswe vyera dusangamwo ahenshi Imana ihamagarira abantu kwihana. Muri Yesaya 1:18, hati: 'Nimuze tuje inama', niko Uhoraho avuga. 'Naho ivyaha vyanyu vyatukura tukutuku birezwa bise na shelegi, naho vyotukura nkagahama bizohinduka bise n'ubwoya bw'intama.' Nubwo twoba tutakoreye icaha ku mugaragaro, twese turi abanyavyaha kandi ntitwashikira ubwiza bw'Imana. Icha ni kibi ku buryo gishobora kuturandura kikaduhonya. Icha cakwegeye akaga n'ivyaremwe bindi (Hoseya 4:1 – 3).

Kubera urukundo rwinshi Imana idukunda, yari yarateguye, n'imbere yo kurema isi, kurungika Umwana wayo. Yesu yaje kwikorera ivyaha n'umubabaro vy'isi yose ku musaraba. Nitwihana tukizeza Yesu imitima yacu duhabwa imitima mishasha. Ibi ni vy'Imana ishaka. Ntiyifuza ko hari n'umwe arimbuka. Umuriro utazima ubaho, ariko Imana yawuremeye satani n'abadayimoni, ntiwaremewe abantu Imana yaremeye mw'ishusho yayo. Imana ntiyifuza ko tuzowujamwo, nico giyuma yarungitse Yesu ngo adupfire.

Imana n' inyenpuhwe (imbabazi), ariko dukomantaje umitima ntitwihane tuba twibujije guskikwako n'imbabazi zayo. Imana iradukunda ndetse iduha agaciro kuruta uko twovyumva; ishaka ko twihana kugira ngo dusubizehamwe nayo. Abamarayika mw'ijuru baranezerwa iyo umunyavyaha umwe yihanye (Luka 15:10).

Imitima yacu ntihindurwa n'amategeko, ahubwo ihindurwa n'imbabazi. Kwicirako iteka no gutsindwa na mpwemu yera biratandukanye. Imana itwemeza icaha kubera imbabazi idufitiye ishaka ko twihana tugasubizahanwe nayo, ariko Satani aturega aducintege, atwumvisha ko ata mbabazi tworonka kugira ngo atujane kure y' Imana. Mu kwihana, niho tubonera ubuzima bushasha.

Inyungu zo kwihana:

- a. kudukesha amahoro kandi bidusubiza hamwe n' Imana
- b. gukuraho umutima uducira urubanza (Imigani 28:13)
- c. gutera kunesha icaha
- d. guhesha umwidegenyvyo, kugakuraho ubwoba
- e. kuzana ubuzima bwiza– mu mpwemu, mu bwenge no mu mubiri (Zaburi 32:1-5).
- f. kutugarukanira icizere
- g. gutuma twiyunga n'uwo twakoreye icaha (hari igihe bitashoboka, ntitubihadikiriza abahemukiwe). Kwihana kutabayeho ugusubiza hamwe ntibwoshoboka
- h. gutuma abahemukiwe bababarira
- i. gufasha ubutungane
- j. gutuma abahemutse bagabanirizwa ibihano n'amasentare
- k. gutuma abantu bongera kubana
- l. gutuma abahemukiwe batekana
- m. gufasha gukiza ihungabana
- n. kugarurira abantu kwizerana
- o. kutubera igishingantahe ko imbabazi z' Imana ziriho kandi zihindura
- p. kudukesha ubugingo buhoraho no kuzobana n'Imana ibihe vyose mw'ijuru!

Turabona ko uretse umuntu ku giti ciwe, n'umuryango wagutse (munini) uhabwa umugisha iyo habayeho kwihana.

Ndetse n'ivyaremwe bironka inyungu iyo twihanye tugahinduka (Abaroma 8: 19–21).

4) Bigenda gute iyo kwihana kutabayeho?

Kutihana ni ugupfa uhagaze. Hari abaronderera ubuhungiro mu biboreza, ibiyovyabwenge canke ibindi vyonona ubuzima. Hari n’abagera ku rugero rwo kwicira urubanza bakiyahura. Abandi bakomantaza imitima bakemera inzira yo gukora ibibi birenze.

Inzitizi zo kwihana

Abenhi ntibumva impamvu abakoze ibikorwa bibi batihana, ariko hari impamvu nyinshi zituma bigorana. Izo ni nka :

- kamere y’icaha irwanya mpwemu yera
- kudatsindwa mu mutima (kutiyumvamwo kwicuza) – hari ahusanga umuntu yigamba ibibi yakoze
- ubwoba bw’ingaruka – nk’ibihano, uko abandi babifata, gutakaza icubahiro canke akazi
- ihungabana riterwa n’ivyo umuntu yakoze
- n’ibindi.....

5) Kwihana no gusaba imbabazi

Mbega ni nde ukwiriye gusabwa imbabazi?

- Imbere na mbere Imana. Niyo tuba twaracumuyeko imbere ya vyose. Niba ducumuye muvyiyumviro, ntihagire uwundi abimenya, twosaba Imana imbabazi bikagarukira aho.
- Uwahemukiwe: ntibihagije gusaba imbabazi Imana gusa niba hari uwo twakoreye icaha mu buryo bugaragara (Matayo 5: 23-24).
- Ishengero n’abantu muri rusange: niba icaha carakorewe kumugaragaro abantu benshi bakabimenya.
- Ku vyaha nk’ubwicanyi canke gufata ku nguvu vyoba vyiza uko kwihana bikorewe imbere y’umukozi w’Imana wabisigiwe amavuta agasengera gukurwako imivumo, agatanga n’impanuro.

Ivyankenerwa mu gusaba imbabazi

- Kwemera icaha no kucatura mu magambo asobanutse.
- Gusaba imbabazi, atari ivya nikize vyo gupfa kwivugira ngo ‘mwombabarira (sorry) !’
- Kwirinda kuvuga ngo ‘Nimba narakubabaje.....’ Ibi bishaka kwerekana ko tutaremera ko ivyo twakoze ari bibi.

- Kwirinda gushira mumakosa uwo wahemukiye werekana ko ariwe yaguteye kumukorera amakosa.
- Kwirinda gusaba imbabazi nk'uwikinira.
- Kwirinda kwigisha (kwereka umuntu imirongo myinshi ivuga ku mbabazi) igihe usaba imbabazi.
- Kwirinda gutanga insiguro nyinshi, uretse igihe vyofasha gusobanura neza ikosa ryakozwe.
- Kwihutira gusaba imbabazi udatevye, imbonankubone, keretse igihe ari icaha kijanye n'ubusambanyi, canke nimba vyozana izindi ngorane. Ico gihe hakoreshwa inyandiko.
- Kugaragaza ubushake bwo kuriha aho bishoboka. Bibiliya yigisha itegeko ryo kuriha mu Kuvayo 22:3, Abalewi 6:4, Guharura 5: 6-7, Imigani 6:31, Ezekiyeli 33:15.
- Luka 3:8 no mu vyakozwe n'Intumwa 26:20 hagaragaza ko kwihana biherekezwa no kwera ivyamwa bikwiranye no kwihana.

Mu gusozerwa, twovugaga ko ukwihana kwa nyako ari ingabire y'Imana. Imana ntifata icaha nk'ikintu coroshe, rero iyo tutihanye, bidukwegera ingaruka mur' iki gihe no mu gihe kizozwa. Imana ishaka ko twihana tumaramaje ni Imana inezerezwaga no kubabarira (Mika 7:18), ntinezwe no kugira uwo yobabaza (gucura intimba kwa Yerehiya 3:33). Ukwihana nyakuri si amajambo gusa. Guhindura ubuzima bwacu bwose.

Kuvyigarukanako

- Hari ivyaha, amakosa ukeneye kwihana?
- Kora urutonde rw'ibibi woba warakoze utabiteguye.
- Ni iki wiyumvira wobikorako?
- Saba mpwemu yera agufashe gukora icyo Imana inezerezerwa

Incamake

- Kwihana niyo nzira yonyene, idushikana ku mwidegenyvyo w'umusha wuzuye agahinda
- Kwihana bikorerwa imbere y'Imana n'undi muntu kandi bigakoranwa ubushake bwo kwemera ingaruka.
- Kwihana bihesha uwacumuweko ikizere c'akazozwa, bigafasha abacumuweko gukira kandi bigatuma ugusubiza hamwe bishoboka.

13. Guhagarara mu gishingo

Guhagarara mu gishingo watura ivyaha vy'umugwi uvamwo

Iyo abantu bahemukiwe, ntibashavurira gusa uwabahemukiye; incuro nyinshi banka n'ababakomokako, ubwoko bwabo, igitsina cabo, igihugu bakomokamo..... Mu matati ashingiye ku migwi (amoko, ibara, idini), abantu bakora iyaha bitwaje iyo migwi bavamwo . Kubw'iyoy mpamvu rero ni ngombwa ko dusobanukirwa igikorwa cacu c'ubuherezi nk'abizera, n'uburyo ushobora gukiza ibikomere bikomoka ku matati ashingiye ku migwi.

1) ico tujejwe

Mu gice canyuma twabonye uko icaha gikorwa n'umuntu, n'uburyo uwo kibayeko ashobora kwihana ku giti ciwe. Bibliya ivuga ku vyaha bikorwa n'umugwi canke mw'izina ry'umugwi, no kwihana mw'izina ry'umugwi . Abahanuzi bo mw'isezerano rya kera harimwo Ezira, Nehemiya na Daniyeli basobanukiwe iri tegeko. Bari abagororotsi bemera kwishirako ibi vyakozwe na bene wabo kugira ngo ihanga ryose rikurweko igitsure n'igihano c'Imana. Ivyo bakoze, vyabaye akarorero ku Bakristo bo mw'Isezerano rishasha ngo bumve igikorwa cabo w'ubuherezi bw'ubwami. Mw' isezerao rishasha Yesu yigisha abigishwa biwe gusenga 'Utubabarire ivyaha vyacu' (Matayo 6:12).

***'Muri ubwoko bwatoranijwe, mukoranirijwe kuba abami n'abaherezi muri ihanga ryera
1 Petero 2:9***

Aya majambo ntiyabwiwe abantu bari bafise ibikorwa bikomeye mw'idini ahubwo yabwiwe abizera Kristo bose. Isezerano rya kera ritwigisha igikorwa c'umuherezi , ibi bidufasha kumva neza ico Imana itwitezeko twebwe abizera Kristo, aritwe abaherezi bo mwisezerano rishasha.

Igikorwa c'ibanze c'umuherezi cari ubuhuza. Yajana ivyaha vy' abantu imbere y'Imana, akabaserukira nk'umwe muri bo. Muri Ezekiyeri 22:30 Imana ivuga ko yashatse uwohagarara imbere yayo mu gishingo kugira ngo itarandura gihugu. Yesu niwe Muherezi mukuru muri bose kuko 'yaharuranwe n'abanyavyaha (Yesaya 53:12). Ntiyifataniye n'isi y'icaha gusa, ahubwo yahindutse icaha ku bwacu (2 Abikorinto 5:21), kugirango duhinduke ukugororoka kw'Imana.

Yesu yadusavye kwikorera umusaraba, tumukurikire. Kimwe mu bigize ukwikorera umusaraba, ni ukwemera kubaranwa n'abanyavyaha nkuko nawe yabikoze. Hagize uwubaza ati: 'Ninde yaguhaye uburenganzira bwo kuduahagararira ugenda udusabira imbabazi?' twokwishura ko ari ijamba ry'Imana ribiduhera uburenganzira kandi ko Imana ishaka ko tuyumvira.

2 Abikorinto 10: 3-5, nk'abizera tubwirwa ko tutarwana mu buryo bw'abantu. Nk'abaherezi b'ubwami dukoresha guhagarara mu gishingo nk'ikirwanisho c'impwemu, bituma dushobora gufasha imitima y'abahemukiwe, tukayambura ishavu n'umubabaro. Ibi nivyoy vyabaye aho Abigayili yahagarara mu gishingo c'umugabo wiwe wikigoryi Nabali (1 Samweli 25:14-35). Ibi vyatumye umutima wa Dawidi wururuka nuko umuryango wose urokoka inkota.

Iyo duhagaze mu gishingo c'abandi, hari igica kiba mw'isi y'impwemu. Tubwirwa ko tutarwana nabafise inyama n'amaraso (Abefeso 6:12). Guhagarara mu gishingo si igikorwa woronderera inyishu mu bitabo vy'amategeko n'ubutungane, ni igikorwa ca mpwemu (Ezekieli 22:30). Guhagarara mu gishingo vyugururira inzira imbabazi mugishingo c'urubanza (Yakobo 2: 13).

2) Mbega guhagarara mu gishingo bisobanuye iki?


Hashobora kubaho ukudasobanukirwa neza iki gikorwa co guhagara mu gishingo, bikazana uguharira kw'amajambo avuye kukutamenya, ku marangamutima n'imyumvire ya Bibliya. Nico gituma ibisobanuro vyagutse bikenewe.

Iyo umuntu ahagaze mugishingo aba agaragaza ibi:

- Ndemera ko ivyo abo mu mugwi mvamwo twakoze ari bibi.
- Ndemera ko umugwi wabikorewe wakomeretse.
- Mbabajwe cane n'ivyabaye kandi ndingira Imana ngo itugirire imbabazi.
- Twese ntitwiyumvira kimwe sinshigikiye ibibi vyakozwe n'abiwacu. Nubwo ntabikoze ku giti canje ndemera ko nanje nshobora kugwa mu bibi nk'ivyo (Sindi igitangaza).
- Niyemeje kwera ivyamwa (kugira ivyiyumviro n'ibikorwa) bidasa n'ibibi mwakorewe.

Guhagarara mu gishingo ntibivuga:

- Guhanagurako icaha abagikoze.
- Gukurako abakoze icaha itegeko ryo kugisabira imbabazi ubwabo.
- Ko abanyavyaha batokurikiranwa n'ubutungane.
- Ko duhagarariye abantu bacu nk'intumwa zibifitiye ububasha, ahubwo ni kubw'igikorwa c'ubuherezi duhabwa n'Imana.



3) Kuki guhagarara mu gishingo bikenewe?

Kwemera icaha nk'uwagikoze bifasha uwahemukiwe gukira no kubabarira. Ingorane nuko hari abatazigera babona ababahemukiye ngo babasabe imbabazi. Bamwe ntibakiriho, abandi ntibazigera baca bugufi ngo basabe imbabazi. Mbega ico kibi kigumeho n'ingaruka zaco? (Raba gucura intimba kwa Yereimiya 5:7).

Bibiliya itwerekana uko twobigenza igihe hari ibibi bitasabiwe imbabazi. Abafise igikorwa c'ubuherezi nibo bahuza bahagarara hagati y'Imana n'abantu, no hagati y' abantu n'abandi (Kuvayo 32: 32; Ezekiyeli 22 :30). Mu Balewi 26 :40 twigishwa kwihana ivyaha vyacu ndetse n'ivyaba sogokuru mu gihe twipfuzwa kw'igihugu gikira. Ni ngombwa ko abakora iki gikorwa co guhagarara mugishingo bababazwa n'ibibi vyakozwe.

Ibikomere bibabaza cane biterwa n'ibikorwa vy'ihohoterwa n'ubugizi bwa nabi bikorwa n'imigwi canke mu mazina y'imigwi (ubwoko, ama leta, amadini, imigwi y'abarwanyari, imiryango...). Nubwo duharurwa muri iyo migwi, usanga umuntu wese atabinezwe ivyabaye kuko atari we ku giti ciwe yabikoze. Iyo ivyo bibi bitasabiwe imbabazi, ibikomere bihora bikaba bigakwega uruhererekane rw'amatati

Tuvyemera canke tutavyemera buri muntu wese agira umugwi avanwo. Kwishirako ivyaha vyakozwe n'umugwi umuntu aharurwamwo ntibisobanuye ko ababikoze babihanaguweko. Bategerezwa kwihana ku giti cabo imbere y'Imana, bagasaba imbabazi abo bagiriye nabi. Ukwemera icaha kwacu ntibihindura ivyabaye, ahubwo bihindura igihe kizozwa.

Abizera Yesu nibo vyizingiro vyo gukira kw'igihugu. Guhagarara mu gishingo ntibikorwa mu buryo bwa nikize. bikorwa bivuye ku mutima koko. Kwatura ivyaha vy'abasokuruzwa n'umugwi tuvamwo bitegerezwa kujana n'ibikorwa bigaragaza ko twahindutse koko. Kwemera icaha, kukwihana nogusubiza hamwe bitegerezwa guhinduka ubuzima bwa buri muni, si inyigisho n'ikorane gusa. Umugambi w'Imana ni uko abizera Yesu bahinduka abaherezi bahuza abantu (2 Ingoma 7 :14).

4) Imigisha iva ku guhagarara mu gishingo

- Bivura imitima yakomeretse.
- Bihumanura ivyiyumviro vyanduye.
- Guhindura ibihe turimwo n'ibizozwa (kuzana amahoro no kubana neza).
- Gukuraho ukwikekana no gucirana imanza (bose ni bamwe).
- Gusenyura ibihome vy'amacakubiri
- Guhumanura ivyaremwe bindi (Itangiriro 4:10; Abalewi 18:24 – 25; 2 Samweli 22:1; Hoseya 4:1-3; 2 Ingoma 7:14).
- Kudukura mukuguma tunyikizwa nakahise kabi
- Gukura mw'ipfunwe abakomoka mu migwi yagkoze inabi, bityo bakongera kwigirira icizere.

- Guhinduka ikirwanisho kidufasha mu ntambara y'impwemu (2 Abikorinto 10:4).
- Gukuraho akaga kw'umugwi tuvamwo (Ezekiyeli 22:30).
- Guhagarika urukurikirane rw'imivumo iva ku bavyeyi ikagera ku bana (Yeremiya 31:29).

5) Ivyitonderwa

Ni nde yohagarara mu gishingo ?

- Uwumva mpwemu yera amuhatira kubikora.
- Umuntu wese arajwe ishingano no kubona abahemukiwe bakira ibikomere.
- Uwemera kuvuga mu majambo atomoye ibibi vyakozwe, akiyumvamwo igikorwa co gusaba imbabazi.
- Umuntu wishimikiza Imana, akemera kuyisaba Kumushoboza kwihana nk'aho ari ubwa mbere aho ariho hose.
- Umuntu afise umwete wo kugeza abantu kugusubiza hamwe.

Icitonderwa: Iyo iki gikorwa gikorewe kumugaragaro, dusaba Imana ubwenge kuko hari abavyumva uko bishakiye, ariko kandi twirinda guhisha ukuri, kuko ibi vyoba bibi bigakomeretsa benshi, bikarutwa no kutabikora.

Ibikorwa bigendana no guhagarara mu gishingo

Abahagarara mu gishingo bahamagariwe kuvyerekanisha mu nyifato n'ibikorwa muri ibi bikurikira:

- Guha agaciro abahemukiwe.
- Gukora ivyotuma ubuzima n'imibereho yabo biduga.
- Kugira ivyiyumviro bitandukanye n'iy'abagize nabi
- Guhamagarira abo dusangiye umugwi guhinduka no kureka ibibi.

Wohagarara mu gishingo kugeza ryari, incuro zingahe?

Igihe cose duhuye n'uwahemukiwe n'umugwi tuvamwo ukeneye abamusaba imbabazi. Iyo dufashe iki gikorwa nk'igihano, twumva twogikora rimwe canke gake gashoboka, ariko tukibonye nk'impano y'Imana igeneye abakomeretse kuronka umuti, tugikora kenshi, aho gikenewe, n'igihe cose.

Ikiguzi co guhagarara mu gishingo

Guhagarara mu gishingo biradusaba ikiguzi kinini. Kubikora bituvuye ku mutima bidusigamwo uburuhe mu marangamutima. Nubwo bitanga umusaruro mwiza, ntawokwizera ko buri gihe ariko vyakirwa neza. Hari abahemukiwe bamwe bibaza ko ari uguhishira abagize nabi. Guhagarara mu gishingo ni ukwikorera umusaraba. Ni ukubarana n'abagizi ba nabi (Yesaya 53 :12). Bityo ntibitangaje ko bamwe bazoturwanya, bakatwiyamiriza canke bakatwanka.

Uguhagarara mu gishingo bishobora gushavuzwa abo musangiye umugwi, iyo batemera ibibi vyakozwe n'umugwi. Abantu bashobora kuvyumva nabi, bakumva ari ubuyobe, no guhindura umugwi wose ababi n'abicanyi. Hari abarondera imirongo ya Bibliya yo guhakana iki gikorwa.

Nubwo guhagarara mu gishingo bigereranywa n'ubutumwa bw' umusaraba ari ubupfu kuri bamwe n'ikigwisha ku bandi (1 abikorinto 1: 23 –24), ntibibuza ko ari inkomezi bizanira abakoze iki gikorwa n'abagikorewe kubohoka no guhinduka.

Kuvyigarukanako

Incamake

- Ni uwuhe mugwi wabantu uvamwo (wo hagararira): umuryango, ubwoko, igihugu, abo muhuje igitsina, igikorwa, n'abandi?
 - Ni ibihe bibi umugwi uvamwo uregwa ko wakoreye abandi?
 - Saba Imana igushoboze guhagarara mu gishingo usaba imbabazi?
- Ukwihana Bibiliya itubwira ni uk'umuntu ku giti ciwe ndetse no mw'izina ry'umugwi.
 - Abizera basabwa guhagarara mu gishingo c'umugwi bavamwo.
 - Kumva umuntu asaba imbabazi bikiza ibikomere vy'abahemukiwe, bifasha kuzana ugusubiza hamwe.
 - Tugomba kwera ivyamwa bishigikira uguhagarara mu gishingo kwacu kugira ngo guhabwe agaciro.


Igice ca 4: Gushirako Insakaro!

Iyo gusaba no gutanga imbabazi kwabaye, ugusubiza hamwe kuba kwatanguye kuboneka. Twisanga imitima yugurukiranye, bityo tugatangura kunezererwa ubudasa bwacu nk'abagize ihanga ryera.

Dusubira kuri wa mugambi w'Imana wo kunezererwa ubumwe mu budasa. Mw'ihanga ryera, dufise agaciro kangana kandi twemererwa kuba abo turibo ata soni biduteye.

haba mu gihe c'amatati canke inyuma yayo, dutegerezwa gufata umwanya wo gushirana imbere, twemeza buri mugwi ko ufise agaciro tunasabira buri mugwi umugisha. vya bibi twibaza ku bandi bisubirizwa no kubaturako ivyiza. Tuba tuvuguruza ivya mbere. Iyo dukoze ibi, tuba dukoresha ibigwanisho bikomeye mu ntambara ya mpwemu (gusabira abandi umugisha), dusambura impome z'urwanko.

Iyo ishengero rikize ibikomere, risobanukirwa umuhamagaro waryo wo gusana imitima, gukiza ibikomere no kuzana ugusubiza hamwe hagati y'imigwi yagiranye ibibazo.



14. Kwatura umugisha

Kwiga gushirana imbere no gusabira umugisha abandi mumigwi

Twabanje kurabira hamwe uko guhagarara mu gishingo ari igikorwa kimwe mu bikorwa vyacu nk'abaherezi b'ubwami. Ikindi gikorwa abaherezi bakora tugisanga mu Gusubira muvyagezwe 10:8. Abaherezi bategerezwa gusabira abantu umugisha mw' izina ry'Uhoraho. Ni ngombwa ko twiga kwatura umugisha ku bantu n'imigwi kuko ari igikorwa cacu nk'abarewi.

1) Inkomezi z'imigisha

Twamaze kubona ububi bwo gucira abandi imanza no kabafatira mukivunga. Ahari amacakubiri cane amatati ashingiye hagati y'imigwi, gucirana imanza biragwira, Satani abikoresha kugira akomeze amatati. Bibiliya itubwira ko mu rurimi, harimwo inkomezi zizana ubugingo canke urupfu (Imigani 18:21). Ururimi rushobora kuzana ugukira canke gukomeretsa umutima (Imigani 12:18). Imana isaba ubwoko bwayo kwatura umugisha ku bantu aho gucirana imanza zikwegga imivumo.

Mu muco w'abaheburayo, kwatura umugisha ku muntu vyahabwa agaciro. Amajambo y'umugisha yagira inkomezi, kandi kwimana umugisha vyatuma uwuwimwe agira umubabaro ukomeye (Raba Itanguriro 27). Umuco w'Abayuda wotwigisha vyinshi ku gutanga no kwakira umugisha. Muri iyi minsi abenshi baraboroga nkuko Esawu yabigenje bavuga bati 'nta mugisha wasigaye?' (Itangiriro 27:36). Hari imigwi (amoko, ibihugu, uturere) ababazwa nuko abantu babaturako ibibi gusa, bameze nk'abavuga bati: 'Nta mugisha n'umwe usigaranye data?' (Itanguriro 27:38).

2) Umugisha akenshi ugaragara muri Bibliya

Abavyeyi batura umugisha ku bana, abarongozi batura umugisha ku gihugu, abami basabira umugisha abo barongora, abarewi bakatura umugisha ku muntu, umugwi canke ubwoko bwose. Umwami Yesu aduhamagarira gusabira umugisha abansi bacu! (Luka 6:28) Paulo nawe atwigisha ivyo gusabira abansi umugisha mu Baroma 12:24.

Uturorero tumwe na tumwe tuvuga ku migisha buri mw' Itangiriro 49; Gusubira muvyagezwe 33; Guharura 6:24-26; Zaburi 115:14-15; 134:3; 129:8(b gusa).

'Ingabire y'umugisha'

Mu gitabo cabo ciza cane, *The gift of the Blessing (Impano y'umugisha)*, Gary Smalley na John Trent bavuze ivyo guhesha abana umugisha nk'uko tubisanga mu muco w'Abaheburayo. Bagaragaza ibintu bitanu vyakorwa:

- Kurambikwako ikiganza
- Kwatura ivyiza mu majambo
- Guha agaciro gakomeye uhabwa umugisha
- Kwipfuzura uhabwa umugisha kazoza keza cane
- Kwiyemeza gufasha uhabwa umugisha kugera ku vyiza umwipfuzura

3) Kwipfuriza imigisha abo tudahuje umugwi turimwo (ubwoko, akarere, igihugu, idini)

Twahamagariwe guha agaciro abandi. ‘Kuvyo gukunda bene Data, mukundane rwose, ku vy’ivyubahiro, umuntu wese ashire imbere mugenzi we’ (Abaroma 12:10). Muri Bibliya ‘kubaha’ bisobanura kugaragaza ko uwundi afise agaciro gakomeye. Mu Bafilipi 2:3 ‘. mwicishe bugufi mu mitima yanyu umuntu wese yibwire ko mugenzi we amuruta’. 1 Petero 2:17 hatubwira ngo ‘mwubahe abantu bose, Mukunde bene Data.’ Ibi ntibivugwa ku bantu ku giti cabo gusa, bivugwa no ku migwi itandukanye.

Mbega murumva ukuntu ugukira ibikomere vyoshikwako nimba twebwe, abo mw’ihanga ryera twiyemeje kwaturanako umugisha hagati y’imigwi itandukanye! Twofata umwanya tukavuga kuyindi migwi tudahuje. Nk’uko mpwemu aturongora, dusabire abandi umugisha umeze nk’ubuhanuzi bw’ivyiza twifuza ko Imana ibakorera. vyongeye kandi dushobora kwiyemeza twebwe ubwacu kubafasha kubishikako.

4) Uko ibi vyoshirwa mu bikorwa (mungiro)

- Kubwira abo tudahuje umugwi uburyo tubahaye agaciro, tubaturako ivyiza twifuza ko Imana ibakorera, ivyo twobikora buri gihe mu buzima bwa buri muni.
- Duhamagarira abana mu mahuriro atandukanye kwiga guha agaciro no kuvuga ivyiza vy’abo badahuje umugwi (ubwoko, akarere, igihugu).

Dushobora kuvugira abo mu wundi mugwi, tubavuga neza mu gihe abandi batanguye kubasuzugura no kubacunaguza.

Kuvyigarukanako

- Iyumvire ibintu vyiza ushobora kuvuga kubo mudahuje.
- N’iyihe migisha wobasabira?

Incamake

- Ururimi rurakomeye, ruzana urupfu canke ubuzima.
- Nkabagize Ihanga ryera, dusabwa kwatura umugisha ku bandi mw’izina ry’Imana.
- Iyo abadahuje umugwi bubahanye, gusubiza hamwe biraboneka.

15. Ico twokora inyuma yizi nyigisho

Ni gute wofasha ishengero gukora igikorwa co gukiza ibikomere no kuzana impinduka nziza aho rikorera?

Iki gitabo kivuga ukuntu Imana ikiza ibikomere Abanyeshengero kugira ngo nabo bashobora gutanga ubutumwa buzana ugukira kw'ibikomere n'ugusubiza hamwe mu gihugu. Izi nyigisho zigamije gute-gura no kwigisha abanyeshengero. inyuma yazo, hategerezwa kuba ibikorwa. Reka twongere twibukanye umugambi w'Imana kw'Ishengero, ndetse turabire hamwe uburyo butandukanye abanyeshengero bakoresha kugira ngo bagire uruhara rukomeye mu gukira kw'igihugu cari carashegeshwe na kahise kinryane katugejeje muntambara n'ubwicanyi bw'amoko n'ingaruka zavyo.

1. Umugambi w'Imana kw'ishengero

Ufate umwanya wiyumvire Ishengero ryakize, ryahindutse uko Imana ishaka. Hokorwa iki kugira ngo ivyo bishikweko? Wewe, wobigiramwo uruhara uruhe?

- a. Abizera nibo bategerezwa kubanza gukira. Ntidushobora gutanga ico tudafise (Ivyakozwe n'Intumwa 3:6). inyuma yo kwakira ihumure ry'Imana, niho dushobora guhumuriza abandi (2 Abikorinto 1:3-4).
- b. Yesu niwe Muganga! Azi gukiza imitima ikomeretse. Yaje mw'isi kwishirako ivyaha ndetse n'intimba zacu, abijana ku musaraba (Yesaya 53:4-5), 2 Abikorinto 5:17-19, 1 Peter 2:24). dutegerezwa kuzana imibabaro yacu kuri we, ndetse n'ivyaha vyacu, tukakira ihumure ryiwe (Zabu-ri 55:22, 1 Petero 5:7).
- c. Imana irashaka ko duhinduka rwose tugatandukana n'ibibi vyabo tubayemwo (Yohana 17:16), ivyo bikabanzirizwa no guhinduka mu vyiyumviro vyacu (Abaroma 12:1-2). Imana ishaka kuvugurura ugutahura kwacu (Abifilipi 2:5, 2 Abikorinto 10:5).
- d. Imana irashaka gusambura impome zitandukanya abagize umuryango w'abizera (Abefeso 2:14-18). Iduhamagarira kwakira ibituranga bishasha mw'ihanga ryera (I Petero 2:9) no kwerekana urugero rw'imibano irkomeye izira amacakukiri ayariyo yose.
- e. Aho Ishengero ryagaragaje kutaba umuco, umuhanuzi n'umurinzi w'igihugu, bigatuma 'tamera nk'abandi,' abanyeshengero basabwa guhagarara mugishingo no gusaba imbabazi. Ibi ntibikuyeho ko umunyeshengero yagize intege nke ategerezwa kwisabira imbabazi ku giti ciwe. dutegerezwa kureka urwitwazo rwo kuvuga ko bamwe mu bakoze amahano bari Abakristo kw'izina gusa kuko nabo batwitirirwa.
- f. Imana ishaka ko tuba umuryango urangwa n'urukundo (Yohana 13:34-35, Abaroma 12:9-21, Abikolosai 3:12-14, 1 Abitesalonike 3:12, 1 Petero 1:22). Urukundo ni ikirwanisho gikomeye mu gukiza ibikomere.

Ivyizigiro ni iki?

Ivyizigiro vy'ubugingo buhoraho mw'ijuru: inyuma y'ubu buzima hari ubundi. Imana yateguriye abayizeye aho bazoba heza cane kurusha hano kw'isi (2 Abikorinto 4:17-18)! Kumenya ibi, bituma twihanganira imibabaro yaha mw'isi, Imana ikaduha kuba twogira umunezero no mugihe kidukomereye cane.

Ivyizigiro vy'uko ejo hazoza hoba heza tukiri mw'isi. Imana ishaka ishengero rigira umwete wo kwamamaza ubwami bw'Imana (Ivy' Imana ishaka bibeho mw'isi) kugira ngo imibereho y'abantu irusheho guhinduka myiza. Ntidukwiye kwama twizeza abantu ko bazobona ivyiza aruko bageze mw'ijuru!

- g. Imana irashaka ko ishengero rihinduka umuryango. Ibi bifasha cane aho abantu benshi bagiye batabwa n'imiryango yabo kubera ukwizera kwabo, abandi bakagirwa abapfakazi n'impfuyi. Imibano myiza mw'ishengero ishobora gutuma ba bandi badafise uwubitaho bagira abantu bagira uruhara mu buzima bwabo basubirira abo babuze (abavyeyi, abana, abavukanyi, Zaburi 68:6, Yohana 19:27, Abanyefeso 2:19, 1 Timoteo 6: 1-2, Abaheburayo 2:11).
- h. Ishengero risabwa kuba ahantu abantu bavoma ivyizigiro biva ku Mana (Abaroma 15:13). Uko ibihugu bihindukirira Imana, nayo itanga ivyizigiro (Matayo 12:21), kuko umugambi w'Imana ku bantu ari mwiza ibihe vyose (Yeremia 29:11).
- i. Ishengero rifise igikorwa co kuba umuhanuzi (ijwi ry'Imana) aho riri no mu gihugu. Bisigura ko ritegerezwa kwanka rikarwanya akarenganyo akariko kose rikavugira abatagira kivugira, rikerekana ukugomba kw'Imana ku gihugu.
- j. Ishengero ritegerezwa kugaragaza uburongozi bwiza (uburongozi bukorera abandi: Matayo 20:25-28), Yohana 13:12-17, Abifilipi 2:3-8), ndetse rikirinda ingeso y'igiturire no kwirinda bakishirako vyose (Yakobo 3:13-18).

2. Uburyo ishengero ryokoresha kugira ngo rigire uruhara mu gukiza ibikomere no kuzana ugusubiza hamwe mu gihugu.

Urikurasoma ivyiyumviro n'ibibazo, wokwandika ivyo ishengero ritarakora neza, uribaza ku nzitizi, uribazi nicokorwa kugira ishengero rishobore kuba umuco n'umunyu koko.

Ni iki wokora kugira ngo ufashe abanyeshengero kubona uruhara rwabo no kurwinjiramwo?

Hari izindi mpanuro wotanga?

Ugukira ibikomere:

Wogendera abacitse kw'icumu, impfuvyi n'abapfakazi, abacitse intege n'abatakaje ivyizingiro
Wohamagarira abantu kuganira ku vyababayeko n'ingaruka bibafiseko
Usengere abagikomere kugira ngo bature Yesu umubabaro wabo
Wigishe abarongora abandi mw'ishengero kugira ngo bafashe abandi
Ukoreshe inyigisho z'Isanamitima mu banyeshengero

uhamagarire abasengera mu migwi mito mito gutega amatwi mu rukundo no gusengera abababaye.

Ushinge imigwi y'abahuje ingorane (abapfakazi, impfuvyi, abagendana ubumuga) kugira ngo baze barahura basengerane, bagirane inama kandi bamwe bafashe abandi.

Ukoreshe izi nyigisho mu kwigisha mwishengero

Werekana ko Imana ifitiye impuhwe abababaye

Uze urigisha ko Yesu akiza ivyaha, agakiza n'intimba

Ubwire abantu kuzana imibabaro yabo ku musaraba

Ubwire abantu ibijanye no kubabarira nyakuri

Ubwire abantu ko muri Kristo twahawe ibituranga bishasha mw'ihanga ryera

Ubwire abantu kurenga imipaka y'imigwi bavamwo bakaba umuryango w'urukundo, uzira amacakubiri

Gufasha abatishoboye

Abanyeshengero bashobora guteranya imfashanyo bagafasha abatishoboye

Abanyeshengero bashobora gushinga imigwi yo kwiteza imbere ahurikiyemwo n'ababa aho bakorera;

Ugusubiza hamwe

Wigishe abantu umugambi w'Imana ku mibano y'imigwi itandukanye

Usengere igihugu kandi ubishishikarize abandi

Uhagarare mu gishingo usaba imbabazi z'ivyaha vyakozwe kandi utandukane n'amacakubiri

Ushishikarize abanyeshengero kubana n'abantu bose amahoro no kwakira bose nta vangura

Ubigire intumbero gufasha no kubera umugisha abo mudahuje

Wanke akarenganyo kandi werekane urugero rwiza rw'ubunyankamugayo

Mube intangarugero mw'ishengero mu mibano myiza naho mudahuje vyose

Uvugire abo mu yindi migwi mu gihe abo muhuje umugwi babavuga

nabi. Ushigikire abagiye gushinga urugo nubwo boba badahuje

Nimba uri mu kindi gihugu, wokwiga kuvuga ururimi rw'abo ubayemwo n'ibigize umuco wabo, bitavuze ko wataye uwawe mucu!

3. Ishengero risabwa kuba urumuri!

Igihe kirageze ngo ishengero rihaguruke, rimurike, kandi rishitse igikorwa caryo co kuba umuco w'isi. Niho abandi bazoya bagana umuco waryo (Yesaya 60:3)! Bazomenya ko Imana iri hagati mu bwoko bwayo, kandi inzira zayo zigana mu buzima (Zekariya 8:23).

Kuvyirabishako

Ivyizigiro ufise ko ishengero rishobora kuzana ugukira no gusubiza hamwe mu gihugu cawe bingana iki?

Ni uruhe ruhara wobigiramwo wewe uwawe?

Incamake

Ishengero ryakize niryo vyizigiro vyo gukira kw'igihugu

Uko ishengero ryinjira mugikorwa caryo, niko igihugu kirushaho gukira

Buri muntu ashobora kugira uruhara rwiwe

Ivyongeweko

A. Ivyiyumviro vyimbitse ku mibabaro n'urukundo rw'Imana

Intumbero z'iki gice ni ugusesangura mu vyanditswe tukarushaho gusobanukirwa isano riri hagati y'ubwigenge bw'umuntu bwo gukora ico ashaka n'ubwami bw'Imana. Tuzoraba ivyiyumviro bitandukanye kuri iyi nyigisho n'ico Bibliya ibivugako.

Mbega *ibibera mw'isi vyose ni ubushake bw'Imana ?*

Mw'itanguriro igice ca 1 n'ica 2, tubona ko umuntu yaremwe mw'ishusho y'Imana ahabwa n'uburenganzira bwo kwihitiramwo ivyo ashaka. Imana ntiyahatiye umuntu gukora ivyo ishaka ahubwo yagirana nawe umubano ushingiyeye ku rukundo n'umwidegenyvyo.

Zaburi 115:16 hagira hati, 'Ijuru ni iry'Uhoraho, ariko isi yayihaye abantu.' Imana yaduhaye uburenganzira bwo kubungabunga iyi si no gutegeka ibiyiriko vyose. Umugambi wari ukubaho tuyubashe tugashitsa imigambi yayo hano kw'isi. Ariko umuntu yagumutse ku Mana ahitamwo kubaho mu bwigenge. Soma itanguriro 3 urabe ingaruka ziteye ubwoba hanyuma wibaze ku vyiyumviro Imana yoba yaragize.

Imana yanka akarenganyo iyo kava kakagera, bityo rero ntiyoba nyirabayazane wako (Imigani 6:16-19; Zekariya 8: 16-17; Zaburi 5:6; 50:16-21). Ntishimishwa n'urupfu urwo arirwo rwose (Ezekiyeli 18:32; 33:11). Yanka ikibi, ntiyokwosha umuntu kugikora (Yakobo 1:13). Ahubwo umuntu wese yoshwa iyo akwezwe n'ivyo yipfuzwa bikamuhenda bikaba vyonamurimbura (Yakobo 1:14-15).

Duterezwa kudata inzira. Imana yonyene niyo iduha impano nziza kandi itunganye (Yakobo 1:16-17). Ntuhinduka uko yahoze n'ubu niko iri ntihindurwa n'ibihe. Twizere ugushaka kwayo. Imana ni umuco, nta mwijima muri yo (1 Yohana 1:5; 2:16).

Ivyumvire ku majamba ari muri Yeremiya 29:11-13. Ni iki Imana ikubwira? Ni iki ibwira umuryango wawe? Ni iki ibwira igihugu cawe?

Ivyiyumviro vyagaragaye kenshi

Mu mitima yacu hashobora kuba hakiri ibibazo n'ivyiyumviro.

Imana imenya ibigiye kubaho kandi biba biri mu bushake bwayo

Ibi abantu bakunze kubivuga, ariko kuba Imana izi vyose ntibisobanuye ko ari ubushake bwayo. Akenshi ubuhanuzi bwavuzwe nk'imburi, bwingingira abantu kwihana (Raba Yeremiya 18:7-10). Ninewi hatubera akarorero keza inyuma y'uko Yona amaze kuhaburira.

Muri iki gihe mu Burundi, abarongozi b'inzego za gikiristu bazi neza ko batavyitwayemwo neza igihe babona inzozu ndetse n'amayerekwa y' imibabaro myinshi ndetse n'imivo y'amaraso itemba. Babifashe nk'ibitari kugira ico bikorwako ngo kuko Imana yari yabigenye uko. Ariko ubu bazi neza ko Imana yababurira ishaka ko babisengera bakanitanga bakarwanya imigambi mibi y'abarongozi mu nzego za Leta zariho ico gihe.

Muri Yesu niho tubonera neza cane umutima w'Imana. Muri Luka 13:34, Yesu yitegereje igisagara ca Yerusalemu aravuga ati, 'Ni kangaha nashatse kubundikira abana bawe nk' uko inkoko ibundikira imiswi mu mababa ntimukundire! Imana ico ishaka ni urukundo n'uburizi kuri twebwe. Yesu arira agira ati: 'Uyu muni nawe, iyo umenya ivyoguhesha amahoro, ariko noneho bihishwe amaso yawe (Luka 19:42)'.

Ni nde aguhumye amaso? 2 Abakorinto 4:4 haratubwira ko ari Satani, umwami w'isi. Yesu yababwiye ibi ntivyabwiye intungane zakoze ibikomere gusa, ahubwo vyabwiye abantu bari mu buhungiro baragumutse. Nimba vyarashobotse Imana ikabibabwira, nitwe ibibwira ubu.

icobagarurira amahoro, gukunda abansi babo no gusabira imigisha ababisha babo. Ariko bahinyuye ubu butumwa bitegurira intambara. Yesu yari azi neza ko amahitamwo yabo yari kubagirako ingaruka. Nubwo Yesu yashobora kubivuga imbere y'uko bibaho, uburyo yabivuzemwo bugaragaza neza ko atari ico yashaka.

Mu myaka ya za 70 mbere ya Yesu habaye kurwanira ubutegetsu i Roma. Abayahudi bagerageje kurwanya abansi babo (abaroma) ariko baratsindwa. Yerusalemu harasenyuka bikabije; inzirakarengane z'abana zirahagwa haba imibabaro iteye agahinda. Imana birayibabaza. Igihe abarongozi mu gihugu batumviye ijwi ry'Imana, inzirakane nyinshi zirahagwa. Ibi rero si ubushake bw'Imana birayibabaza kubona ubwoko bwayo bubabazwa ku bw'uburongozi butagororoka. Abayobozi b'igihugu bafise igikorwa co kwitangira abanyagihugu baco.

Ivyo Yobu vyo twobivugako iki?

Abantu bafatira akarorero kuri Yobu bagaraza ko ivyamubayeko vyari ubushake bw'Imana. Reka twongere turabe ico Ivyanditswe cari icyumviro ca Satani ntabwo cari ic'Imana kugirango yobu ababazwe. Imana yari inezererewe Yobu, Satani ikavuga ko Yobu yubahaga Imana kubera imigisha.' Ndakubwiza ukuri ko atazongera kugukorera ukundi, iriya migisha uyimunyaze.' Imana nayo igira iti, 'Oya, ivyo ntibishoboka.' Satani nayo iti, 'Uratinya ukuri kubera ko ivyo mvuga vyose ari ko biri. Ntwogukurikira atabibonamwo inyungu z'imigisha.

Nubwo vyababaje Imana, yaretse Satani iramugerageza, yizeye yobu ko azotsinda ibigeragezo atihakanye imana. Nta muntu n'umwe yigeze amenya ibi birego vya Satani. Incuti za Yobu zo zavuga ko yoba yarakoze icaha ariko akababwira ko agororotse imbere y'Imana. Incuti ziwe ntizari zizi ibiri kubera mu bwami bw' ijuru.

Ariko inyuma yivyo Imana yaje kubonekera Yobu, ariko Imana ntiyabimusobanurira vyose. Imana ntiyari kumubwira ngo, 'Satani ariko arakugerageza hagarara kigabo!' Yobu niwe yategerezwa kwihitiramwo ata wumubwirije ngo ahitemwo kwizera Imana. Imana igira iti, 'Yobu, Ndi Imana yaremye vyose. Uranyizera? Yobu yemeza ko yakunda Imana, satani acecekesha atyo kubw'instinzi ya Yobu.

Ivyo Farawo vyo twobivugako iki?

Abantu nubu bakunze gufatira akarorero ku vyabaye kuri Farawo berekana ko amahitamwo yacu agengwa n'Imana.' Nanje zokomantaza umutima wa Farawo' (Kuvayo 7:3-4). Ariko imirongo ikurikira uyu yerekana ko Farawo ariwe yifatiye ingingo (Kuva 7: 14; 8:32). Tubandanije tugasoma inkuru y'ibiza, ahantu ha mbere herekana Imana ikomantaza umutima wa Farawo ni mu Kuvayo 9:12 bigaragara ko ibi vyabayeho inyuma y'aho Farawo ubwiwe yakomantaje umutima incuro nyinshi yanka gukora ivyo Imana yamusaba. Muri Zaburi 95:8 (No mu Baheburayo 3:8; 4:7 habisubiramwo) hagaragaza ko ukwinangira imitima kutubuza imbabazi z'Imana. kumbure uburyo bwiza bwo kumva ivyabaye kuri Farawo ni uko Imana n'ubundi yemeje ivyo we ubwiwe yari yahisemwo maze igakoresha uburyo bwose bushoboka bwo kwerekana inkomezi zayo zikomeye ku mana z'Abanyegiputa.

Mbega twumva ivyanditswe gute nko muri Yesaya 45:7?

Yesaya 45:7 havuga hati, 'Nijewe ndema umuco nkazana n'umwijima, nkazana amahoro n'amakuba, Jewe uhoraho nijewe nkora ivyo vyose.' Aha niho haturuka ivyiyumviro vya bamwe bemeza ko ibibi bituruka ku Mana. Bizera ko Imana ariyo irungika ivyiza n'ibibi none ninde yoyizera? uku gutahura kubu buryo niko gutahura umuntu ku kuba intandaro y'ibikorwa vyawe vyose.

Reka dusuzume uyu murongo. mbega woba uvuga ko Imana ariyo nyirabayazane y'ivyaha vyacu? Ariko twabonye ko icaha cacu ari ukuva ku bushake bwayo. Raba ukugumuka Adamu yagize mu itanguriro 2:16-17, 'wemerewe kurya ivyamwa vyose vyo muri iri tongo ariko ntuzigere urya ku giti kimenyesha ikibi n'iciza, nukiryako no gupfa uzopfa.' Urumuri n'umuco biratandukanye ariko Adamu yihitiyemwo umwijima bityo bikurikirwa n'amakuba.

Mbega ni gute umwijima uza mu cumba? Ntidushobora kubona umwijima igihe umuco ukihari niho twokora uko dushoboye tukawutangira. Umwijima uboneka gusa igihe dukuyeho umuco. Umwijima ni ukutahaba k'umuco. Imana yarungitse umuco wayo mw'isi ariko abantu bawurutisha umwijima (Yohana 3:19). Iyo abantu banse umuco, Imana irawusubirana bityo umwijima ukagumaho. Ni muri ubwo buryo Imana itwereka inzira y'amahoro n'imigisha. Ariko tuyanse, Imana yisubirana imigisha hagakurikirako ingaruka z'amakuba. Igihano gikomeye kuba kibi ni igihe Imana yadukuyeko ikiganza cayo iturindishije. Ibi bigaragara cane mu Baroma 1: 'Imana irabareka.....' kugirango baterwe ubwoba n'amahitamwo nganavyaha bagize. Icaha kigira ingaruka mbi, kuko vyanditswe ngo'ingero y'ivyaha ni urupfu'(Abaroma 6:23).

Nk'uko mu nkuru y'umwana w'icangazi, Imana ishobora kwemera ko dukora ibinyuranye n'ivyo itwifuriza kugirango twibonere ingaruka zo guhitamwo kwacu kutari ko kugirango tuyigarukeko.

Kuki Imana igiraneza hamwe ahandi ntibikore?

Isengesho ni iry'agaciro. Iyo dusenga tuba dutumira Imana ngo ize mu buzima turimwo. Iyo ubwoko bw'Imana busenze Imana irakora (2 Ingoma 7:14).

Mw'itanguriro 1:28, hatubwira ko dufise ubutware ku biri mw'isi vyose.' Isi yayihaye abantu' (Zaburi 115:16). Imana ihitamwo kutihatira kuza mu buzima turimwo ahubwo ikarindira ko tuyambaza tubicishije mu masengesho. Ishaka ko dukorana. Isengesho ritubera umwanya mwiza wo kwiga uko twoyoborana n'Imana. Mw'ivuga butumwa ibitangaza vyinshi vyaba igihe abantu baba bagize ukwizera bakegera Yesu.

Ariko hari igihe abantu basenga ntibagire igitangaza babona. Ibi biragoye kuvyumva, ariko mu vyanditswe tubona ko abantu bose atariko barokorwa ivyago. Mu vyakozwe n'intumwa 12 :2-11, tubona ko Yakobo yiciwe mw'ibohero ariko Petero akahakirira mu buryo butangaje. Bamwe bavuga ko vyoba biterwa n'ukwizera dufise uko kungana, ariko mu Baheburayo 11 siko habivuga. Nubwo ahenshi mu gice ca 11 co mu Baheburayo havugwamwo ibitangaza vyavuye mu kwizera, guhera ku murongo wa 35b kubandanya imbere tuhasanga uburyo abantu bagiye bababazwa ariko ntihagire igitangaza kiba. Ntitwovuga ko bari bafise kwizera guke kuko ku murongo wa 39 havuga hati, 'Abo bose ubwo bamaze kwemeza neza kubwo kwizera kwabo, yamara ntibahabwa ivyasezeranijwe.' Mu vyahishuriwe yohana habisobanura neza havuga ko vyokwitwa guhorwa Imana. Haracari amayobera menshi ndetse n'ibibazo bidafitiwe inyishu kuri ibi bibazo. Imana ntiduha inyishu zose ahubwo idusaba kuyizera.

Ico tuzi neza gusa ni uko Imana itigeze ikunda abantu batigeze bababazwa kuruta abababajwe. 'Urupfu rw'abakunzi biwe ni urw'igiciro cinshi mu maso y'Uhoraho (Zaburi 72 :14 ; 116 :15). Imana izorinda ubugingo bwabo kugeza ku bugingo buhoraho (Yohana 12 :24-26).

B. Kumenya Data wo mu ijuru atangaje

Yesu aravuga ati, ‘Iyo mumenye, na Data muba mumumenye’ (Yohana 8:19; 14:7,9). Niwe shusho y’ Imana itaboneka (Abaheburayo 1:3). Imana Data niwe Yesu!

Iga iyi mirongo ikurikira bizogufasha gusobanukirwa Data uwo ariwe:

- Aradukunda – Yereziya 31:3; Yohana 13:1; 16:27; Abanyefeso 5:1;1 Yohana 3:1
- Atugirira impuhwe – Zaburi 103:13; Matayo 9: 36; 14:14; Luka 15:20; 2 Abikorinto 1:3
- Aratunzezererwa – Zaburi 147:11; 149:4; Imigani 8:30-31; Zefaniya 3:17
- Adukunda ata kiguzi arindiriye – Abaroma 9:16; 11:6; Tito 3:4-7
- Yaradukunze ku buryo yadupfiriye – Yohana 15:13; Abaroma 5:8
- Atwitaho – Gusubira muvyegezwe 32:10-11;1 Petero 5:7
- Atwita incuti ze – Gusubira muvyegezwe 33:12; Yohana 15:13-15; Yakobo 2:23
- Turi abiwe aduhamagara mu mazina yacu – yobu 29:4; Yesaya 43:1-2; Yohana 10:14,27
- Turi kumwe iminsi yose – Gusubira muvyegezwe 31:8; Zaburi 34:15; 139:16; Matayo 28:20
- Aratwiyegereza akatwitaho Zaburi 27:10; Hoseya 11: 1-4
- Araduhumuriza iyo turi mu magorwa – Zaburi 23:4; 71:21; 94:19; Yesaya 51:12; 2 abikorinto 1:3-5
- Aradutinyura – Yesaya 41:8-31; Luka 12:32
- Aratwihanganira - Zaburi 103:8; Matayo 11:29; 2 Abikorinto 10:1; 1 Timoteyo 1:16; 2 Petero 3:9
- Yumva ivyo dukeneye akaturambikako ibiganza – Gusubira muvyegezwe 33:12; Yesaya 40:11; Mariko 10:16
- Aratuyobora – Zaburi 32:8; Yesaya 48:17; Yohana 8:12; 14:26
- Araduhaza – Zaburi 23:1; 34:9-10; Abafilipi 4:19; 1 Timoteyo 6:17
- Anezerezwa no kuduha ingabire nziza – Yereziya 32:40; Luka 11:13; Yakobo 1:17
- Ni nziza kandi ni inyembabazi – Zaburi 86 :5; Yereziya 9 :24; Mika 7 :18-20; Abanyefeso 2:7
- Iratwigisha kubera ko idukunda- Yereziya 46:28; Abaheburayo 12:5-11
- Atwereka urukundo rwa kivyeyi – Yesaya 49: 15-16; 66:13; Zaburi 27:10

Mu vy’ukuri buri muntu wese akumbye kubona umvyezi nk’uyu!

C. Ivyerekeye ihungabana no gupfisha

Ico abahinga bavuga kw' ihungabana n'ibimenyetso biriranga

Ubumenyi bwacu ku bimenyetso biranga ihungabana n'ivyegeranijwe mu bushakashatsi twakoreye kw' isi hose. vyagaragaye ko abantu bose bagira imyitwarire imwe iyo bagize ihungabana uko ryoba rimeze kose. Ni imyitwarire isanzwe mu gihe kidasanzwe.

Ibimenyetso vy'ako kanya vy'ihungabana

a. Ibigaragarira amaso (ku mubiri)

- Ukwihuta kw'ugutera k'umutima
- Uguhiduka uko umushishito ukora (kudahwa no gucibwamwo)
- Guhinda umushitsi
- Kubira ivyuya
- Uburuhe

b. Ibijana

n'amarangamutima

- Ubwoba, guhangayika
- Umubabaro, agahinda
- uburakari
- Ukwiheba

c. Ibitagaragarira amaso (Iviyumviro)

- Gufata iki na kiriya
- Ivyiyumviro biga bigaruka nko kubaza ngo, 'jewe nzahindurwamwo iki?'
- Kudashobora kwiyumvira neza, ahubwo agatwarwa n'itiro

Ibimenyetso vy'inyuma y'igihe biranga uwahungabanye

- kwama yibuka ivyabaye
- Kubura itiro no kugira inzozi ziteye ubwoba
- Gusanagurika no kugira inyishu zitari zitezwe
- Kongera guhungabana (iyo habaye ikimwibutsa icamuhungabanije)
- Kwirinda icotuma yibuka icamuhungabanije
- Kutagira ico yitayeho
- Kwicuza icatumye asigara abandi barapfuye
- Kumva ko nta kintu kibaho kinezereza

Icogaragara cose muri ibi bivuzwe hejuru coba ari ikimenyetso c'ihungabana.

Urugero ihungabana ririko rwerekanwa :

- Ukugene biri ibi 'bimenyetso bimaze kuvugwa hejuru
- Ukwigaragaza mu ncuro bw'ibimenyetso bivuzwe hejuru
- Uburyo ibimenyetso bivuzwe aho hejuru bihembera imico idakwiye mu buzima bwa buri muni (nk'akarorero kuraba namba abo bagishoboye kwiyitaho canke bakeneye ugufashwa n'abanyamuryango, kuraba nimba bagishobora kuja ku kazi, n'ibindi)

Ibimenyetso bigaragaza uko uwahungabanye amera

Ibigaragara inyuma

mbega ivyamugoye vyamaze igihe kingana iki?

- mbega yabonye ubuhe bufasha haba ubuvuye mu muryango canke ahandi?

Ivy'imbere

- Ugutekana kw'imbere (guterwa n'ivyo twagiye duhura navyo mu mikurire yacu)
- Imigirire (hari abantu bashikwako n'ingaruka z'ibibaye ako kanya kurusha abandi)
- Kwizera Imana
- Ukuba harigeze kubaho ihungabana n'ingaruka ryagize ku muntu
- Kahise gashingiye ku muryango ku bijanye no kugwara ingwara zo mu mutwe

Uko twofasha uwahungabanye

Abahungabanye bavugira mu mitima yabo ibibabaje, ariko kugirango bavuge ni ngombwa ko hagira uwubatega amatwi kuko birabafasha!

Ivyitabwaho mu gihe co kubatega amatwi

- Kubashihikariza kuvuga ivyababayeko vyose buri kantu, uko vyabamereye n'ingaruka vyabagizeko.

- Kubaha umwanya uhagije no kwita kuvyo bavuga.
- Kubahanga amaso kandi agaragaza impuhwe igihe bavuga.
- Kugaragaza ikinyabupfura.(ubwitonzi)
- Kubaza ibibazo kugirango inkuru isobanuke neza –mu gihe ata kibazo uhore!
- Kubareka bakagaragaza uburakari n’ishidikanya ntihagire ukubakosora bikorwa.
- Kubareka bagasuka amarira.
- Kutaraba kw’ isaha, kutayura, canke kuraba mw’ idirisha.
- Gutanga inama igihe ubisabwe gusa.
- Igihe barangije kukubwira inkuru, kubahumuriza no kubaha icizere.
- Kubabashikariza kwikoreza imibabaro yabo Yesu.

Ivyerekeye gupfisha n’ikiriyo

Nk’ uko ihungabana rigira ibiriranga, gupfisha navyo bituma inyifato ihinduka mu buryo butamenyerewe. Ukugaragara kw’ agahinda itandukana bitewe na:

- Uburyo urupfu rwashitse gitumbuka
- Imiterere y’ urupfu, cane cane nk’iyo rwabaye nyuma yo kubabara gukomeye canke gusambagirika
- Imibanire ya nyakwigendera n’abasigaye (nk’akarorero nimba ariwe yari ubabeshejeho, canke asize amatati)
- Nimba hari ibindi bihombo nyakwigendera yigeze agira cane cane mu bwana
- Niba hari ivyamugiyeko bafasha nyakwigendera
- Ninba gushingura nyakwigendera vyarashobotse
- Igitigiri c’abo mufitanye isano kimaze kwitaba Imana

Inyifato y’uri mu gahinda ko gupfisha

Ishegeshwa, ukutemera ko ivyabaye ari ukuri, kugira ibinya

Iyi myitwarire ikurikira igaragara igihe urupfu rwabaye gaturumbuka

- Kutemera ko vyabayeho koko
- Kuguma wumva ko ivyo uriko urabona ari inzozi mbi wagize uri buze gukanguka
- Kumva ko nyakwigendera kumbure yoba akihari (kubera ko ivyiyumviro bitemera ivyabaye)

Ibishikwako

- Ivyiyumviro vy’igihombo no gukumbura nyakwigendera
- Kubika ibintu vy’agaciro vya nyakwigendera

- Agahinda kenshi (gashobora kumara imyaka myinshi)

Uburakari

- Ku bateje urupfu, igihe rwatewe n’ubwicanyi
- Ku baganga batakoze ibisabwa
- Ku Mana yemeye ko bibaho
- K’uwagiye akabasiga, nubwo baba bazi ko kwiyumvira uko atari ivy’ukuri
- Kuri we ubwiwe, yiyagiriza amakosa

Ukwiyagiriza n’ukwicuza

Iyo nza.....

- kuba naragize ico nkora kirenzeho
- kugira ico mbikorako mu buryo bwihuse
- biza kuba mpari
- kuba naramubereye incuti nziza, umwana, incuti, umukobwa, umuvyeyi mwiza n’ibindi
- kuba naramusezeye uko bikwiye
- kuba ntarasigaye ‘Kuki noguma ndiho batahari?’

Imihangayiko

- Nzobaho gute ntamubona?
- Nzotungwa n’iki atahari?
- Ubwoba bwo guterwa n’imyuka y’uwapfuye

Inyifato igaragarira amaso

- Uburuhe bwinshi nta nguvu zogukora ikintu na kimwe
- Kutita ku gikorwa runaka no gukomeza kurwana n’ivyiyumviro vya nyakwigendera
- Uburwayi (buterwa nuko umubiri watakaje ubudahangarwa kurwara biza igihe dufise agahinda)

Ukutagira ico yitaho no gutakaza icizere

- Ugutera icizere kazoza – ‘ibintu bimaze iki?’
- Ukudashishikarira kugira ico akora

Ukwiyakira

Dutangura kwitahura tukongera kwiyubaka aho bishoboka.

Igihe turi mu gahinda ntabwo ari ko iyi nyifato itugaragarako uko ikurikiranye uku, kuko hari naho dushobora kugaragarako na nyinshi mu gihe kimwe. Izi nyifato zose tuzicamwo zigenda vyanka ahandi bigakunda kugeza aho twiyakiriye.

Ico uri mu gahinda aba akeneye

- Kurira akerekana agahinda kiwe, umubabaro wiwe n'uburakari. (Imico ibigaragaza mu buryo butandukanye)
- Gusubira mu vyabaye, kuvuga buri kantu kerekeranye n'ikijanye n'urupfu.
- Gusezera nyakwigendera akamwifuriza iburuhukiro budashira mu bwami bw'Imana.
- Gufashwa kugeza kuri Yesu ukwihana kwabo ubundi bakababarirwa.
- Kubafasha ko iyo nyifato isanzwe ntibumve ko bataye ubwenge bakumva ko bizogenda bihera.
- Kubemerera imfashanyo mu gihe ca kazoza ndetse no kugira ico bakorerwa aho bishoboka.
- Nimba gushingura bitarashobotse vyoba vyiza habayeho igihe co kwibuka. Na none mu bihe nk'ivyo hariye hashirwa amashugwe kumva ya nyakwigendera vyofasha.

Igihe kibi cane co gucamwo

Igihe bitazwi neza nimba umuntu ariho canke nimba yarapfuye, ntibitworohera gufata ingingo yo kugira agahinda canke kugumya kwizera ko akiriho. Ntibidushobokera kugira amarangamutima tugaragaza. Ico dukora gusa ni ugushira mu biganza vy'Imana uwo muntu yabuze yaba ariho canke atariho. Abantu bari mu gihe nk'iki baba bakeneye gufashwa vya hafi n'ishengero.

D. Gukiza ibikomere vy'imbere mu mutima

uhoraho abana nabafise imitima imenetse akabakiza ibikomere vyabo (Zaburi 34:18; 147:2-3; Yesaya 61:1-4; Luka 4:18). Ugukiza ivyago n'amakuba si ugutanga inama. Aradukikira akatubwira amagambo y'ubugingo kuri twebwe. Ibi Imana ntibikorera mu bwihisho kuko ikoresha ishengero - 'musabirane kugirango mukizwe' (Yakobo 5:16).

Ni gute nokira ibikomere vy'ivyo nibuka bibabaje?

- Suka imibabaro yawe hasi. Muri Zaburi Dawidi agaragaza yivuye inyuma ivyiyumviro vyawe. Bwira Yesu vyose bikugoye (Zaburi 42:3-4; 62:8).
- Emerera Yesu akwikorere imibabaro yishireko n'intimba zawe (Yesaya 53:4). Shira amarira yawe mubiganza vy'Imana (Zaburi 56:8). Yumva ububabare bwacu.
- Umvira ijwi ry'Imana (Yohana 10:27). Yihamagare igihe uri mu mibabaro (Yesaya 43:1-2; 63:9). Umva kugiraneza kwayo (2Abikorinto 1:3-4). Akira ijamba ry'ubugingo - ukuri niko kuzobabohora (Yohana 8:32).
- Ihane imyitwarire mibi uterwa n'ibikubabaza mu buzima- indahiro, guca imanza, ugushaka kwihorera, imyizerere ipfuye. Sengera ubugurano (Zaburi 51:6; Abaroma 6:16; 14:10-13; Abaheburayo 12:15).
- Egera Imana ikugirire ubuntu ikubabarire. Ukutababarirwa kwakumerera nk'imigozi ikuboshe umutima. Niwababarira uzobohoka (Matayo 5:43-48; Mariko 11:25; Luka 6:27-37; Abaroma 12:14; 17-21; abanyefeso 4:32; Abikolosayi 3:13).
- Akira urukundo rw'Imana uko bwije n'uko bukeye. Emerera ijamba ryayo rikugire mushasha (Yeremiya 31:3; Zefaniya 3:17; Yohana 14: 21; 2 Abikorinto 4:16).
- Sabira imigisha abandi ubafashe gukira ibikomere (Yobu 42:10; Abifilipi 2:4; Yakobo 5: 16).
- Mera nka Yozefu kuko Imana ishobora kukuyariza inyungu aho wagiriye imibabaro (Itangiriro 41:52).
- Mera nka Yobu 'uzovemwo umeze nk'izahabu' (Yobu 23:10). Muhe Imana icubahiro!

Gukorwa n'isoni

Nubwo abantu bikoreza Yesu ivyaha biyagiriza n' imibabaro yabo, birashoboka ko baruhira gukorwa n'isoni. Bikaba rero ari ngombwa kuraba ico Imana ivuga ku gukorwa n'isoni.

Birakwiye ko tumenya iki kintu,' Ntibakorwe n'isoni' ariyo magambo ya nyuma yabwiye umugabo n'umugore mbere yo kugwa (Itangiriro 2:25). Ukwambara ubusa ntikurabirwa gusa mu kwambara ubusa tubonesha amaso; kugararagaza n' ukudahishanya, ukuri, guhanahana amakuru n'ubucuti.

Ugukorwa n'isoni gushobora kuzanwa no gukora icaha canke kugikorera. Ntaho bihuriye no kumva hari ico wiyagiriza. Ukwiyagiriza bisobanuye,' Ndumva narakoze ibidakwiye'. Ugukorwa n'isoni bisobanuye', Hari aho ntitwaye neza.' ntabwo binkwiye nk'ikiremnamuntu.

Ukwiyagiriza kujana n'icakozwe naho ugukorwa n'isoni kujana n'uwo uriwe (ubumuntu); kujana

n'ubumenyi imbere mu mutima. Hari ibintu Imana itaduhishuriye – niyo mpamvu itashatse ko turya ku giti kimenyesha ikibi n'iciza.

Ugukorwa n'isoni k'umumaro n'ukutari uk'umumaro

Habaho ugukorwa n'isoni k'umumaro igihe twakozwe kumutima. Yatangajwe no kuba ubwoko bwabo nta soni bwagize igihe bwakora ibizira (Yeremiya 8:12). Habaho ugukorwa n'isoni kutari ukw'umumaro igihe kudushirwako kubw'icaha cakoze nuwundi.

Inkomoko yo gukorwa n'isoni

- Ibigaragara mboneshwamaso (ishusho, aho utandukaniye n'abandi)
- Inkomoko (umuji, akahise kawe, ubukene)
- kahise k'igihugu (kuba ata budahangarwa, kwambura uburenganzira abandi)
- Ihohoterwa (Urwanko, gufatwa ku nguvu, ifata ku nguvu ku bana)
- Kubika amabanga (kugirwa umubitsi w'amabanga cane cane ayerekeye ibitsina, kuvyara igitwarire, gukorwa nisoni bishingiye ku muryango, ukwemezwa icaha cigeze gukorwa kera)

Ingaruka zo gukorwa n'isoni n'uburyo tugerageza kwiyakira

Reka turabire hamwe uburyo Adamu na Eva bagerageje kuvyitwaramwo igihen isoni zabafashe.

1. Kwinyegeza kandi atco biza kumara, kwambara amababi (Itanguriro 3:7).
2. Kwinyegeza mw'ishamba – Imana irabaza iti, 'Uri he? (Itanguriro 3:8-9)- Ikibazo kigaragaza ko bari bamenye ko bambaye ubusa. Ntiyakibajije kubera ko itari ibizi ahubwo kobo batari babizi. Umuntu yatanguye kwinyegeza kuva icyo gihe! Ntidushobora kurabana n'Imana amaso ku yandi.
3. Ubwoba bwo kwigaragaza - 'ikintinyisha ni.....' (Itanguriro 3:10).
4. Kwikurako ubumaramare – 'Sijewe ni umugore wampaye
5. Kutimenya – 'Ni nde yakubwiye?' Imana ntiyari yigeze ibibabwira! Ibinyoma vyo kutimenya vy'ukuri vyavuye mu butumwa butari bwo bari bahawe.
6. Gucirwako iteka no kugira (kubera kutitwara neza).

Ugukorwa n'isoni si ukwubu gusa. Gushobora kuba ku bwoko dukomokako.

Kwigira uwo utari we

Kimwe mu bintu dukora icyo dukozwe n'isoni ni ukwiyubakamwo abo tutari bo.

Uwo utari we <i>Umuntu w'igitangaza</i>	Gushira hasi abandi (Kubacinyiza)
Uwo utari we <i>Umuntu uri munsu y'abandi</i>	Kwishira hasi cane (kwikengera) Gushira hejuru abandi cane (N.B. AkA si Agasuzuguro !)
Uwo uri we w'ukuri <i>Umuntu nyamuntu(w'ukuri)</i>	Kwemera uwo uri we n'abandi

Yaba umuntu w'igitangaza n'uri munsu y'abandi bose bagaragara mw'ishusho y'ukwishimagiza! Bagaragaza mu buryo butari bwo uwo Imana yaturemye ngo tube we. Ingaruka ni uko dushemagiza iyo shusho.

Tumere nka Yesu

Yigeze akorwa n'isoni? vyarashoboka! Yiswe ikinyendaro, yabaye impunzi, yari uwo mu bwoko busuzuguritse, yakuriye mu bukene n'ibindi. yamara ntiyigeze akorwa n'isoni (Yohana 13:1-5).

Ku musaraba ntiyatwikorereye ivyaha gusa, ahubwo yageretseko n'imibabaro. Twanamwikoreje ubumaramare twari kugira. vyari isoni kubambwa no kumanikwa ku giti yambaye ubusa mw'ishengero ryabantu ariko ntiyita kw'isoni zo kubambwa ku musaraba (Abaheburayo 12:2). Kubwo kwishimira kutubona duhinduka abidegenyva yihanganiye umusaraba atwikorerera ubumaramare twari kuhagirira. Mu rupfu rwiwe ku musaraba yikoreye ingaruka z'ivyaha vyacu. Muri Zaburi 69:7, bumwe mu buhanuzi buhari bwategurira imibabaro yo ku musaraba butubwira ko mu maso yiwe huzuye isoni. Ibi vyagenze gutya kugirango amaso namureba ntazigere agira isoni n'umunsin'umwe (Zaburi 34:5).

Twokwitwara gute igihe dukozwe n'isoni?

1. Kwemera ko ikibazo dufise giteye isoni.
2. Kumenya ko gukorwa n'isoni arukwirengagiza ukuri ko kuba uwo uriwe imana yaremye
7. Kuraba inkomoko y'uko gukorwa n'isoni, ugasaba mpwemu yera kugufasha.
8. Kubwira Imana umubabaro wawe ukawushira Yesu ku musaraba.
9. Kwakira umwambaro wo kugororoka ku Mana (Yesaya 61:10).
10. Twemerera Imana ize iduhembure (Yesaya 54: 4; Yoweli 2: 26;27).
11. Kwakira ukugwirizwa kabiri umunezero n'imigisha Imana yifuza guhera aho iba (Yesaya 61:7).

Uko twokwitwara mu gihe habaye kurakara

Uburakari ni amarangamutima imana yaduhaye ubundi adafatwa nk'icaha. Imana yanka icaha n'akarenganyo. Iyo tutababajwe n'akarenganyo twoba dufise ikibazo! Turabe muri ibi vyanditswe.

Ukurakara kw'Imana ni ukwera

Guharura 32:10; Gusubira muvyegezwe 29:27; Yesaya 63:3; Zefaniya 2:3; Zekariya 10:3; abaroma 1:18; Abanyefeso 5:6; Abakolosayi 3:5-6

Imana nubwo iteba kurakara uburakari bwayo bumara igihe gito

Kuvayo 34:6; Guharura 14:18; Nehemiya 9:17; Zaburi 30:5; 78:38; 86:15; 103:8; 145:8; Yesaya 54:8; Yeremiya 3:12; Hoseya 14:4; Yoweli 2:13; Yona 3:9; Mika 7:18; Nahumu 1:3

Ukurakara kwa nyako ku karenganyo n'icaha

Nehemiya 5:6; Yeremiya 6:11; Matayo 21:12-13; 23:13-36; Mariko 3:5; 10:14; Luka 11: 39-52; 13:15-16; Yohana 2:13; Ivyakozwe n'intumwa 5:3; 9; 8:20; 13:9-11; Abigalatiya 2:11, 14

Kugira uburakari kubw'akarenganyo canke icaha wakorewe birasanzwe. Birashoboka kurakara ariko ntukore icaha (Abanyefeso 4:26-27). Reka twigire kuri Yesu. Nk'uko twabibonye mu mirongo iri hejuru, Yarakaye igihe yabona abantu bazira akarenganyo. Ariko wewe igihe yakagirirwa nta kindi yakoze, yaracereje yizera umucamanza w'ukuri yamutumye (1 Petero 2: 23).

Uburakari bushobora kuba bubi iyo budakurikije ico ya Bibiliya ivuga. Iyo tubandanije kurakara bizana inzangano mu mitima yacu ibi bikatujana ku caha. Uburakari budahera ni indwara mbi cane.

Imburi k'ishavu

Zaburi 37:8; Imigani 29:11; 22; 30:33; umusiguzi 7:9; Matayo 5:22; Abanyefeso 4: 26-27; 31; Abakolosayi 3:8; 1 Timoteyo 2:8; Yakobo 1: 19-20; (Hari imburi nyinshi mu Migani ivuga w'ishavu- Imigani 14:17; 29; 15:18; 16: 32; 19:19).

Uko abantu muri rusange bitwara igihe bagize ishavu

- *Kwigarura* mu buryo bugaragarira amaso – kuja kure
mu vyiyumviro – kuja kukazi, kuraba televiziyo, kunywa ibiboreza canke ibiyovyabwenge
- *Kutabigaragaza* gutwenga ariko imbere ari ibicika
- *Kubirwanya* Ibi bishobora gutera indwara, ukwiheba, ukugira inzigo y'inzika, no gushavuzwa n'ubusa
- *Kuvyiyumvira igihe kiknini* kuguma ugaruka ku cateye ishavu ku buryo wokwihora
- *ico gusubiriza* kubwira ishavu ryawe abandi badafise aho bahuriye n'ikibazo (akarorero: umugore, abana)
- *Kwisandagaza* Kuwudashobora kwigumya ku bw'ishavu
- *Kutavuga*, ariko gucereza bishobora kuba bibi!

Imana ntishaka ko hari na kimwe dukora mu bivuzwe ruguru. Ntishaka ko twirengagiza ko twababaye ngo bitume ducumura ahubwo ishako ko tuyitura ivyaturakaje vyose.

Ingabo y'umujinya – igikoresho kidufasha kumva uburakari bwacu

Ishavu ni amarangamutima buri gihe anyegeza ayandi marangamutima canke ububabare. Nshobora

kuba nkoresha ishavu kugirango nirinde. Ivyo bizogufasha gutahura ivyo uriko uracamwo, n' ivyo ushobora guha yesu.

Ibaze igihe uheruka kugirira ishavu hanyuma wibaze ibi bibazo bikurikira:

- Ni izihe ngaruka vyangizeko zigaragarira amaso? Numvaga meze gute mumubiri? (akarorero: Numvaga mu nda haka, numvaga ububabare mu mugongo, numva bitameze neza mu mushishito.....)
- Ni ayahe marangamutima yandi wumva ufise ? (Akarorero : Numvaga mfise ukwicuza kukugene nitwaye imbere y'abana banje.....)
- Ni ibihe vyiyumviro nagize? (akarorero: Sinzongera kumwizera!)
- vyagize izihe ngaruka hagati yanje n'Imana? (akarorero: Nafashe ko Imana itigeze yita ku vyo nacyemwo, sinigeze nsenga!)
- vyagize izihe ngaruka hagati yanje n'abandi? (akarorero: Ntivyashobotse guhanahana amakuru; numva nitandukanije; umugore wanje yangiriye ubwoba; sinongeye kwiyumvamwo uwo muntu ukundi.....)

Habaho ishavu kubera ko wumva hari ico wabuze. Ni ngombwa gusesengura ico wumva ko uriko urabura. (akarorero: Kuba ukeneye gutegwa amatwi, kumenya ukuri ku kintu runaka, gutunganirizwa mu kintu iki n'iki.....)

Uko twokitwara igihe tugize ishavu

1. Saba Imana Igufashe gusesangura:
 - Inkomoko y'iryo shavu.
 - Amarangamutima n'ibindi bikubabaje kubw'iryo shavu.
 - Mbega ni iki umusuma yoba yarakwivye ?
 - Ico ukeneye mu vy'ukuri muri ico gihe.
2. Bwira Imana uko wiyumva kuri ibi tumaze kubona haruguru hanyuma wizere Yesu umuganyire ibikubabaje n'ibigushavuje wizere ko abijanye ku musaraba.
3. Saba Imana iguhishurire umutima wayo hanyuma ikubwire uko yifuza kugucungura.
4. Saba Imana iguhe ubuntu bwo kubababarira abakugiriye nabi bese no kubasabira imigisha.
5. Nimba hari uwundi wazize akarenganyo, musabire ku Mana imurenganure.

Abantu bamwe na bamwe ntibiborohera kugararagaza impamvu yatumye bashavura. vyoshoboka ko vyoba biterwa n'uburyo bukomeye barenganjwemwo bagaca barashavurira ubuzima muri rusange. vyoba vyiza bakoze urutonde rw'ivyo bibwe n'umusuma (ivyo banyazwe na Satani)– ibihombo vyose n'akarenganyo bamaze kugirirwa. Ibi vyose rero bisukwa imbere y'Imana ukabikora wizeye ko Yesu yabikubambiriwe ku musaraba. Muri Yohana 10:10 bashatse kubaza Yesu ico yashaka kubagarurira bari baribwe n'uburyo yifuza ko babona ubugingo. Ibi nivyo Bizana umwidegenyvyo no gukira k' umutima.

Ivyerekeye ubwoba

Ubwoba busanzwe

Kugira ubwoba igihe uhuye ‘ikintu kibi birasanzwe. Ubwoba buduteguza ko hari ikibi bityo tukikingira. Nk’akarorero, ibaze ndiko ndataha ngeze mw’ ishamba intare ikansimbirako ivuye mu bihuru! nca nshaka uko nokiza amagara yanje. Ubwoba bukoresha imitsi yanje hanyuma nkiruka (nkiruka amaguru adakora hasi). Yamara intare ishobora kuba yaciye muyindi nzira itakinkurikiye. Iyo icago kirangiye ubwoba burahera nkatangura kwisubiramwo.... inyuma y’akanya birumvikana!

Mu bihe bikaze, Imana yonyene niyo idushoboza gutsinda ubwoba. Hari igihe tugira inkomezi zidasanzwe, gutekana, n’ubunararibonye mu bihe bibi. Dukenera ubuntu bw’Imana ngo tuneshe ubwoba igihe cose tubaye mu makuba. Urukundo rwayo rutubera inkinzo idukingira (Zaburi 5:12).

Ubwoba budakwiye

Igihe cose twumva tugifise ubwoba kandi icabuteye kitagihari ubwo buba bwatunesheje. Ubwoba bushobora kuba rusangi ku buryo buri gihe wumva ufise ubwoba canke uhangayitse. Ntibiterwa n’ivyo tubayemwo hanze ahubwo n’ibiturimwo imbere mu mitima yacu. Amarangamutima, nivyiyumviro biba vyigaruriwe n’ubwoba n’uguhahangayika. Dushobora guterwa ubwoba na kazoza uko tugiye kubaho, n’urupfu, n’abana bacu canke imiryango yacu. Dushobora guterwa ubwoba nuko dushobora gutsindwa canke kuzimanaganwa canke gucirwa urubanza n’Uhoraho canke aband. Ibi vyose biratwononera ubuzima bwacu bwose haba mu buryo bugaragarira amaso, mu muvyiyumviro n’amarangamutima. Bishobora kugira n’ingaruka kubo turi kumwe, nabo bakigarurirwa n’ubwoba.

Inyishu y’Imana

‘Ntimugire ubwoba’. Uyu murongo ushobora kuba ugaragara cane muri Bibiliya kurusha iyindi yose. Imana ntiyifuza ko twuzura ubwoba! Imana ntiyigeze iduha impwemu y’ubwoba, ahubwo yaduhaye iy’inkomezi, urukundo no kwirinda (2 Timoteyo 1:7). Yesu yasavye abigishwa biwe incuro nyinshi kutagira ubwoba.

Ukugwa mu caha kw’umuntu (Itanguriro 3:7 – 9) kwagize ingaruka ku marangamutima yacu. Ubwoba butuma buri gihe tugerageza kwihisha no kubaka ibihome vyo kwikingira (Nubwo twoba tutabizi), butuma dutandukana n’Imana. Ariko Yesu adusaba kumuhamagara igihe tugeze mu mwijima w’ubwoba ngo aze atumurikire. Ku musaraba Yesu yaharwaniye n’umwijima arawunesha ku buryo uyu muni ubwoba butagishoboye kuduhetamisha.

Ni ngombwa ko iyo turi mu bihe vy’ubwoba Imana ituba hagufi tukongera tukamenya urukundo rwayo no kugira neza kwayo ku bwoko bwayo. Uko turushaho kuyimenya niko turushaho kuyizera. Muri Matayo 6: 25-34 hatubwira uburyo turi ab’igiciro ku Mana, akaba ari aho Yesu ahera atubwira kudahangayika. N’igitigiri c’umusatsi uri ku mutwe wacu arawuzi (Matayo 10:30)!

Ni ngombwa ko tumenya impamvu turi hano kw’isi n’ico Imana yahadushiriye. Turi abambasaderi bayo kw’isi. Nkuko yaturemye mw’ishusho yayo, iyo tubayeho ku bw’imigambi yayo turushaho kumenya Imana iyo ariyo n’inkomezi zayo zidukoreramwo.

Ukwizera n’ubwoba ntivyobana. Ariko ubwoba ni amarangamutima akaze akaba adapfa gukurwaho n’iciyumviro ubwaco. Ni ngombwa gusesengura icateye ubwoba bityo n’igikomere cakomotse ku bwoba kigakira. Nimba tutabona neza igikomere dufise ni ngombwa ko dusaba mpwemu yera kuduhishurira bityo tugasuka imitima yacu imbere y’Imana, imibabaro yacu tukayijyana ku musaraba.

Uko twokwitwara igihe tugize ubwoba

Tumeze nk’abarimyi barima mumurima w’imitima yacu. Tunesha ubwoba igihe cose dukuye urukungu ku butaka bwo mu mitima yacu mbere y’uko tuhatere imbuto nshasha. izi intambwe zo kunesha ubwoba:

1. Tahura ikirimwo mu kunoba imbuto. Igiti ciza cera ivyamwa vyiza; ikibi

kikera ibibi (Matayo 7:17).

2. Saba Imana iguhishurire imizi y'igiti.
3. Zanira Imana ubwoba n'imizi yabwo (nk'akarorero bitewe no guhungabana ngira ivyo nizera atariyo ku Mana, kuri jewe, ku bandi bigatuma ngira ubwoba. Nkeneye gushikiriza Imana imibabaro yanje, ibikomere n'imyizere ipfuye).
4. Saba gukira ibikomere.
5. Saba Imana ikurungikire ijambo ryayo, rigukuremwo ubwoba.

Ibohore

Twikureko Satani yo iduteza imibabaro ikama ishaka kutugumana bunyago ishaka kungukira mu vyago vyacu kugirango ituneshe. Muri Luka 10:19 Yesu yavuze ko yaduhaye ubutware kuri yo. Dukoreshe ubwo butware tuyirukane mu buzima bwacu. Mbere y'ivyo ni ngombwa ko Imana idukiza ibikomere tukababarira abaduteje ubwoba bose kubera ko Ukudatanga imbabazi guha ikibanza Satani ku buzima bwacu (Abefeso 4: 26-27).

Saba gutahura gushasha

Guca mu bikomeye cane bituma bitugora kwizera Imana ko izoturinda mu gihe kiri imbere. Biranatugora kwemera ko abansi bacu bihanye iyo bavuze ko babikoze. Ibi ni ibintu bibaho ariko bikaba bituma tutagira icizere ca kazoza. Iyo tumaze gukira ibikomere ni ngombwa ko dusaba Imana kudufasha kubaho uko ibishaka. Hari inkuru iri mu Bami ba kabiri 6:8-17 itubwira uburyo abakozi ba eliya bagize ubwoba igihe bari babonye bagoswe n'umwansi. Eliya yasavye Imana ko yomufungura amaso y'impwemu nuko aca abona uburyo ijuru ryari ribarinze kandi abamarayika bakaba bararuta abansi babo.

Hari ubundi burorero bwinshi muri Bibiliya zigaragaza uburyo Imana yarinze ubwoko bwayo. Muri Zaburi 34:7 havuga ko 'Malayika w'Uhoraho ashingisha amahema yo kugota abamwubaha akabakiza.' Zaburi ya 91 idusezeranira bitangaje kurindwa ikibi. Igihe batabwa mw itanura ryaka umuriro abagabo batatu, kubw'ibitangaza basohotse mu muriro (Daniyeli 6: 19-30). Imana yarungitse abamalayika bugara iminwa y'intare ntizarya Daniyeli igihe bamuta mu rwobo rw'intare. (Daniyeli 6: 16-22). Iyi ni imwe mu mironko n'inkuru bigararagaza urukundo Imana idukunda ikaturinda iyo tugeze mu makuba.

yamara nk'uko twabibonye kuvyongeweko muriki gitabo muvyimviro vyinshi kumibabaro y' abantu, n' imana y' urukundo, ntabwo twigeze tubona impamvu uko tubabajwe Atari ko tubona inyishu zose uko tubishaka. Twishira mu maboko y'Imana gusa tugatumbera umugambi idufiseko. Niyo ibona ishusho nini y' ubuzima bwacu. Ukunesha ni ukwayo. Tutitaye ku bansi bacu dutegerezwa kumwizera kuko ashobora guhindura imitima yabo. Tugomba gusaba Imana ubushobozi muri vyose. Muri Yohana 16:33 Yesu adusezeranya amahoro n' iyo haba ari mu gihe c'amakuba.

Hanyuma n'ubu

'Urukundo rutunganiye rwose rumara ubwoba' (1 Yohana 4:18). Kwizera urukundo rutunganye Imana idufitiye niwo muti wonyene w'ubwoba. Ikintu cotumara ubwoba ni ugutumbera urukundo rutunganye Imana idufitiye. Ntaco dutandukanya n'urukundo rwayo (Abaroma 8:35-39)! Dutegerezwa kubisengera kugirango tubishikeko, ihishurirwa ryo mu mpwemu atari ivyigishirijwe mu mashengero gusa.

E. Gufasha imbabare muburyo butandukanye

Abagore bafashwe ku nguvu

Abagore benshi bakunze gufatwa ku nguvu mu gihe c'intambara zishingiye ku moko bityo bakaba bakenera ukwitabwaho n'ishengero. Abagore bafashwe ku nguvu akenshi biyumvamwo ko:

- Nta gaciro bagifise
- Banduye, ko hari ubwandu baba barandujwe n'uwabafashe
- Bariyagiriza, nubwo ata kibi bakoze – ni ukwiyagiriza kutariko
- Barakomerekejwe kandi buzuye umubabaro
- Bagira ubwoba cane cane mu bahuriyemwo n'ingwara cane cane ya SIDA
- Bashavuzwa cane n'uburyo bahohotewe
- Baterwa isoni n'ivyababayeko

Muri Yohana 10:10 Yesu agira ati, 'Umusuma azenzwa no kwica, kwiba no kurandura'. Abagore bafashwe ku nguvu baba baribwe na Satani ibintu byinshi: Amahoro, umunezero, ubusugi, agaciro, ubuziranenge, igitinyiro, uburenganzira bwo gufata ingingo zikwiriye k'umubiri wabo, icizere co kwubaka izabo, ubuzima n'ibindi. Ariko Yesu akomeza agira ati, 'Nazanywe no kugira ngo zigire ubugingo, zibugire kandi busagutse'. Duhe Imana icubahiro kubw'uko Yesu yaje kutugarurira ivyo umusuma yatwiyeye! Mu vyanditswe vyera henshi hatubwira uburyo Imana iducungura.

- Yeremiya 30:17 'Ariko nzokugarurira amagara yawe nzogukiza inguma zawe.'
- Yoweli 2:25 'Nzobashumbusha imyaka inzige zariye'
- Zaburi 23:3 'Asubiza intege mu bugingo bwanje'

Raba na none Zaburi 71: 20-21; Yesaya 51: 3; 57:18-19; Ezekiyeli 36: 34-36; Nahumu 2:2; Zefaniya 3:20; zekariya 10:6; 1 Petero 5:10.

Iyo ***dusengera umugore wafashwe ku ngufu ni ngombwa ko dusengera***

- Kwezwa, atari kubwiwe gusa ahubwo ivyaha vy'abandi. Ntibikenewe ko bihana! Dusenga dusaba Imana kurungika amazi ya mpwemu wayo kugirango yoze kandi yeze imibiri yabo, impwemu yabo, n'ivyiyumviro yabo. Mu vyanditswe nko muri Ezekiyeli 36:25 hadufasha, ariko ukuyemwo'.....n'ibigirwamana vyanyu vyose' kuko ibi ntaho bihuriye n'ikibazo cabo.
- Kubakuramwo ukwiyagirirza icaha dushimangira ko atari ikosa ryabo.
- Kubakuraho ipfunwe. Bakeneye kumenya ko Yesu yabikorereye ipfunwe ku musaraba. Mu maso he huzuye ipfunwe (Zaburi 69:7,19) kugirango bo barikurweho (Zaburi 34: 5). Ahandi mu byanditswe hadufasha ni muri Yesaya 54:4-5, 61:7 no muri yoweli 2:27.

Tumaze kubasengera ibibi bigakurwaho, tunabasengera kugarurirwa ivyabo vyibwe na Satani. Ni ngombwa kugaragaza vyose bakeneye ko Imana ibagarurira. Bakeneye kumenya ukuntu natwe tubaha agaciro tukanabubaha.

Mu Gusubira muvyagezwe 10:8 hatubwira ko kimwe mubikorwa vy'umuherezi ari ukwifuriza imigisha mu izina ry'Imana. Mw isezerano rishasha abizera bose ni abaherezi (1 Petero 2:9, Ivyahishuriwe yohana 5:9-10).

Bityo dushishikarire kwifuriza imigisha abakomeretse bose. Abagore bafashwe ku nguvu baba bakeneye guhabwa umugisha no kwezwa bushasha. Twobasabira umugisha ku buzima bwabo bwose nk' uko tubisanga mu guharura 6:24-26; Zaburi 129:8(hatarimwo igice ca mbere!); Zaburi 115:15; 134:3.

Ni vyiza kandi bafasha ngo bongera kwigirira icizere (nkakarorero Indirimbo za Salomo 4:7, ni ubutumwa bw'umukunzi wabo wo mu ijuru). Rondera igitabo c'ivyanditswe citwa '*How valuable we are to God*' (*Agaciro dufise ku Mana*) harimwo imirongo ikwiye yofasha.

Twizera ko inyuma yo kwakira izi nyigisho, bazibonera inzira zo kubabarira kuko bizongera kugukira ibikomere kwabo.

Ni nde wo kugira inama akanasengera abagore bafashwe ku nguvu?

Birumvikana ko ari uwundi mugore, kubera ko vyobagora kwizera umugabo. Namba umurongozi w'umugabo mw'ishengero asabwe kugira ivyo afashamvo vyoba vyiza hagize umugore abaherekeza. vyoba vyiza bahisemwo abagore bafise umutima w'impuhwe ku bandi bagahabwa inyigisho y'uko bofasha umugore yafashwe ku nguvu.

Bigenda gute iyo hagize umugore afatwa ku nguvu ntabivuge kubera guhungabana cane? mbega hari uburyo bwihariye bwo gufasha abagore bafise amabanga atari meza mu mitima yabo? Ni vyiza ko abarongozi b'ishengero babivugako muri rusangi munyigisho batanga. Igihe bigisha uburyo Imana ikiza ibikomere vy'imbere, abavugabutumwa bashobora no kwigisha ku ngaruka ziva ku gufatwa ku nguvu. Yerekana uburyo yumva ububabare bwabo akagerageza kwerekana impuhwe abafitiye.

vyoba vyiza hari abihaye Imana b'igitsina gabo babagiriye mu gishingo maze bakavuga ku gahinda kabo kuvyo bakorewe, bavuga ko bitari bikwiye, ko vyababaje Imana. Basaba imbabazi mu mwanya wa ba bandi bahohoteye ba bagore. Ibi bishoboza ba bagore gushinjura ababafashe ku nguvu.

Ni iki twovuga ku mwana avyawe n'uwafashwe ku nguvu?

Bigora abo bagore gukunda umwana bavyaye mu buryo nk'ubwo. Bitewe n'uko kwankwa, wa mwana yiyumvamwo nk'ikosa.igikorwa c'ishengero ni ugukunda abo bana kubera ko Imana ibaha agaciro kandi ikaba ibakunda. Iba izi neza ko ikosa atari iryabo. Ikunda vyihariye impfuyi n' abasuzuguritse bose (Gusubira muvyagezwe 10:18; aburi 68: 5-6; 27:10; Yesaya 49: 51; 1 abikorinto 1:26-29). Yesu yari azi neza ko yari busuzugurwe ndetse akanankwa n'ab'isi (Yesaya 53:3). Nubwo yanswe n'ab'isi Imana yamuhisemwo ab'uw'igiciro kuriyo aba umushinge witanguriro (1 Petero 2:4, 7). Imana ishobora kudukiza aya makuba yose igasuka imigisha kuri abo bana baba batifuzwa. Nk'ishengero ryayo dutegerezwa gukunda abo bana na ba nyina.

Ivyerekeye kwibuka ahantu runaka bikagutera ubwoba

Hari abantu badashobora kugendera uduce tumwe tumwe bitewe n'ivyo bibuka bikabatera ubwoba bijanye n'aho hantu. Bafashwa gute?

Ugukira ibikomere buri gihe kugendana no kubicanamwo n' imana atari ukugerageza kubisunikira kure uvyima amaso. Nk'abarongozi b'ishengero dutegerezwa guherekeza abo bantu tukagenda aho hantu hatara imibabaro. Iyo tuhageze tubereka ko tubitayeho hanyuma tugasengana nabo. Tubasaba gusuka imitima yabo imbere y'Imana bayibwira ivyababereyeko aho hantu (Ibi ushobora kubibavugira igihe bo batabishoboye). Bashishikarize gutura imibabaro yabo Yesu. Ubabwira ko igihe bababara aho hantu Imana yari kumwe nabo (Zaburi 139:7-8; Yesaya 63:9), ukababwira ko yababajwe n'ivyahabereye. Dusengera ihishurirwa ry'urukundo n'impuhwe vy'Imana kuri bo mu gihe bari mu mibabaro aho. urangiza uvuga ko Yesu ari umwami bityo mukishimira intsinzi ya Yesu kuri Satani.

Bigenda bite iyo kugendera aho hantu bidashoboka kuko ari kure, hasenyutse? Tuhasurira mu isengesho canke muvyiyumviro.

Ivyerekeye abagira inzosi mbi kuvyo bigeze kubona

Aba nabo baba bakeneye kwitabwaho mu rukundo rw’Imana. Kugerageza kubibakuramwo muvyiyumviro vyabo ntiwobigerako. Baba bakeneye kuzana izo nzosi imbere y’Imana bakaziyirekera. Ntibayibwira gusa ibikorwa banavuga uko biyumva n’ingaruka bibagirako. Bategerezwa kumwikoreza imibabaro bakamusaba kubavugira. Akenshi inyuma yo gusenga, muri ubu buryo uwakomeretse abona Yesu mu vyiyumviro vyawe. Imana ishobora kubavugisha mu buryo bwinshi- mu vyanditswe, mw’ijwi ryayo mu mitima yabo, mu bakiristu basengana. Yesu agira ati, ‘Muzomenya ukuri (Nk’akarorero, ukuri ku mpuhwe z’Imana) ukuri ni ko kuzobaha ukwidegenyva (Yohana 8:32).

F. Ivyanditswe

Imico y’Imana

Imana ni nziza kandi igira ubuntu

Kuvayo 34:6	Gusubira muvuyagezwe30:3	Abacamanza 2:18	Nehemiya 9:17,19
Nehemiya 9:27	Zaburi 86:15	Zaburi 103:4, 8	Zaburi 103:13
Zaburi 111:4	Zaburi 116:5	Zaburi 119:156	Zuri 135:14
Zaburi 145:8	Yesaya 30:18	Yesaya 49:10, 13	Yesaya 49:15
Yesaya 51:3	Yesaya 54:7,10	Yesaya	Yeremiya 31:20
Gucura intimba 3:22,32	Ezekiya 39:25	Hoseya 63:7	Hoseya 11:8
Yoweli 2:13	Mika 7:19	Zekariya 10:6	Malaki 3:17
Matayo 9:36	Matayo 14:14	Matayo 20:34	Mariko 1:41
Luka 7:13	Luka 15:20	2 Abakorinto 1:3	Yakobo 5:11

Imana ni inyembabazi

Kuvayo 33:19	gusubira muvuyagezwe 4:311	Ivyo ku ngoma 21:13	Nehemiya 9:31
Zaburi 5:7	Zaburi 6:9	Zaburi25:6	Zaburi 28:6
Zaburi 31:22	Zaburi 78:38	Zaburi116:1	Zaburi 142:1
Imigani 28:13	Yesaya 55:7	Yesaya 63:9	Yeremiya 3:12
Daniyeli 9:9,18	Hoseya 6:6	Mika 6: 8	Mika 7:18
Habakuki 3:2	Zekariya 1:16	Zekariya 7:9	Matayo 5:7
Matayo 9:13	Matayo 18:33	Matayo 23:23	Mariko 5:19
Luka 1:50	Luka 1:78-79	Luka 6:36	Luka 10:36-37
Abaroma 9:16	Abaroma 11:32	2 Abikorinto 4:1	Abanyefeso 2:4
1 Timoteyo 1:2	1 Timoteyo 1:13,16	Tito 3:5	Abaheburayo2:17
Abaheburayo 4:16	Yakobo 2:13	yakobo 3:17	Yakobo 5:11
1 Petero 1:3	1 Petero 2:10	2 Yohana 1:3	Yuda 21-23

Imana imana ninziza

Itanguriro 24:27	Itanguriro 39:212	Samweli 9:3	Ezira 9:9
Yobu 10:12	Imigani 14:21, 31	Imigani 19:17	Yesaya 54:8
Yeremiya 9:24	Yeremiya 31:3	Hoseya 11:4	Luka 6:35
Ivyakozwe 14:17	Abaroma 2:4	Abaroma 11:22	1 Abikorinto 13:4
Abigalatiya 5:22	Abefeso 2:7	Abikolosay 3:12	Tito 3:4

Urukundo rw’Imana ntiruhinduka

Kuvayo 15:13	Zaburi 13:5	Zaburi 21:7	Zaburi 32:10
Zaburi 33:5,18	Zaburi 36:7	Zaburi 48:9	Zaburi 52:8
Zaburi 107:8	Zaburi 147:11	Zaburi 54:10	Amaganya ya Yeremiya3:32

Hoseya 10:12

Imana ihumuriza

Zaburi 10:17	Zaburi23:4	Zaburi71:21	Zaburi 86:17
Zaburi 94:19	Zaburi119:50	Zaburi119:52	Zaburi 119:76
Yesaya 25:8	Yesaya 40:1	Yesaya 49:13	Yesaya 51:3
Yesaya 51:2-3	Yesaya 52:9	Yesaya 57:18	Yesaya 61:2
Yesaya 66:13	Yeremiya 31:13	Zechariah 1:17	Matayo 5:4
Yohana 14:182	Abakorinto 1:3-7	Abafilipi 1:22	Abatesalonike 2:16-17
Ivyahishuriwe yohana 7:17	Ivyahishuriwe yohana 21:4		

Imana itabera

Gusubira mu vyagezwe 32:4 2 ingoma 19:7 Job 37:23 Zaburi 9:8
Zaburi 9:16 Zaburi 11:7 Zaburi 33:5 Zaburi 36: 6
Zaburi 45:6 Zaburi 89:14 Zaburi 97:2 Zaburi 99:4
Zaburi 101:1 Zaburi 103:6 Zaburi 111:7 Zaburi 140:12
Imigani 29:26 Yesaya 5:16 Yesaya 28:17 Yesaya 30:18
Yesaya 33:5 Yesaya 42:1 Yesaya 51:4 Yesaya 61:8
Yeremiya 9:24 Ezekiyeli 18:25 Ezekiyeli 33:17 Ezekiyeli 34:16
Daniyeli 4:37 Hoseya 2:19 Zephaniya 3:5 Matayo 12:18
Luka 18:7 Yohana 5:30 Abaroma 2:2 Abaroma 3:25
2 Abitesalonike 1:6 Ivyahishuriwe 15:3 Ivyahishuriwe 16:5 Ivyahishuriwe 19:2

Imana yanka akarenganyo

Kuvayo 23:2, 6 Gusubira muvyagezwe 24:17 Gusubira muvyagezwe 27:19 Yesaya 5:7
Yesaya 29:21 Yesaya 58:6 yesaya 59:15 Yeremiya 22:13
Gucura intimba 3:34-36 Ezekiyeli 9:9 Ezekiel 22:29 Amosi 5:24
Amosi 6:12 Mika 3:1 Zechariah 7:9 Zekariya 8:16
Malaki 3:5 Matayo 23:23

Ico Imana ivuga kw isumbanisha n'urwikekwe

Abalewi 19:15 gusubira muvyagezwe 16:19 2 Ivyo ku ngoma 19:7 Yobu 13:10
Yobu 34:19 Malachi 2:9-10 Matayo 5:45 Ivyakozwe 10:28
Ivyakozwe 10:34-35 Ivyakozwe 15:7-9 Abaroma 2:11 Abaroma 10:12
1 Timoteyo 5:21 yakobo 2:1,9 Mariko 6:2-3 Yohana 1:46

Imana yita ku mpfuyi, abapfakazi n'abatswe uburenganzira

Gus muvya 10 :18	Gus muvya 24 :19	Gus muvya 26 :12	Gus muvya 27 :19
Zaburi 9:9	Zaburi 10:14	Zaburi 10:18	Zaburi 68:5
Zaburi 82:3-4	Zaburi 103:6	Zaburi 146:7, 9	Yesaya 1:17
Yesaya 1:23	Yesaya 58:6,10	Yeremiya 5:28	Yeremiya 22:3
Yeremiya 49:11	Hosea 14:3	Zefaniya 3:19	Zekariya 7:10
Mariko 12:40	Luka 20:47	Yohana 14:181	Timoteyo 5:3
1 Timoteyo 5:16	Yakobo 1:27		

Imana ni umugabo w'abapfakazi

Uburyo turi ab'agaciro imbere y'Imana

***Iratunzezerere
we***

Zaburi 147:11	Zaburi 149:4	Yesaya 62:2-4	Zefaniya 3:17
Yeremiya 31:20	Zaburi 35:27	Zaburi 37:23-24	Imigani 8:30-31

Turi itunga ryayo

Kuvayo 19:5-6	Gus muvya 7 :6	Gus muvya 14 :2	Gus muvya 26 :18
Zaburi 135:4	Malaki 3:17		

Turi imbonero y'ijisho ryayo

Gus muvya 32 :10	Zaburi 17:8	Zekariya 2:8
------------------	-------------	--------------

Turi ab'igiciro kuri yo

Yesaya 43:4	Gucura intimba 4:2	Zaburi 27:14	Zaburi 116:15
-------------	--------------------	--------------	---------------

Umugeni wiwe

Indirimbo ya Salomo 4:7-10	Ezekiel 16:14	Zekariya 9:16-17
Ivyahishuriwe 21:2		
Ivyahishuriwe 21:9-11		

Dukunzwe nawe

Gus muvya 33 :12	Yeremiya 31:3	Abanyefeso 1:7-8	Abanyefeso 5:1-2
Abanyefeso 5:25-27	1 Yohana 3:1		

Uko umukristo yitwara mu bansi biwe

Kuvayo 23:4 Imigani 24:17 Imigani 25:21 Matayo 5:44
Luka 6:27 Luka 6:35 Ivyakozwe 7:60 Abaroma 12:20
1 Abitesalonike 5:15

Ico Bibiliya ivuga ku

Ukwizera

Zaburi 9:18 Zaburi 25:5, 21 Zaburi 31:24 Zaburi 33:18, 20
Zaburi 33:22 Zaburi 37:9 Zaburi 42:5, 11 Zaburi 62:5
Zaburi 71:14 Zaburi 119:114 Zaburi 130:5, 7 Zaburi 146:5
Zaburi 147:11 Yesaya 40:31 Yesaya 49:23 Yeremiya 29:11
Gucura intimba 3:25 Mika 7:7 Matayo 12:21 Abaroma 4:18
Abaroma 5:2,5 Abaroma 8:24-25 Abaroma 12:12 Abaroma 15:4,13
1 Abikorinto 15:19 2 Abikolinto 1:10 2 Abakolinto 3:12 Abigalatiya 5:5
Abanyefeso 1:18 Abanyefeso 4:4 Abakolosayi 1:27 1 Abitesalonike 1:3
1 Abitesalonike 4:13 1 Abitesalonike 5:8 1 Timoteyo 6:17 2 Abitesalonike 2:16-17
Tito 2:13 Tito 3:7 Abaheburayo 3:6 Abaheburayo 6:11
Abaheburayo 6:18-19 Abaheburayo 10:23 Abaheburayo 11:1 1 Petero 1:3, 13
1 Petero 1:21 1 Petero 3:15 1 Yohana 3:3

Agahinda n'ikiriyo

Itanguriro 23:2 Itanguriro 37:34 Itanguriro 50:10 Guharura 20:29
Gusubira muvya 34:8 1 Samweli 30:4 2 Samweli 18:33 2 Samweli 19:2
1 Ivyo ku ngoma 7:22 Ezira 9:4 Zaburi 10:14 Zaburi 31:9
Zaburi 35:14 Zaburi 38:6 Zaburi 56:8 Zaburi 88:9
Umusiguzi 3:4 Yesaya 33:7 Yesaya 61:2 Yeremiya 9:1
Gucura intimba 1:16 Matayo 2:18 Matayo 5:4 Luka 6:21
Yohana 11:33 Yohana 16:20 Yohana 16:22 1 Abitesalonike 4:13
Ivyahishuwe 21:4

Ukwihora kurabujijwe – turekere Imana

Abalewi 19:18 Gus muvya 32:35 Zaburi 94:1 Imigani 20:22
Imigani 24:29 Ezekiyeli 25:17 Mika 5:15 Nahumu 1:2
Matayo 5:38-48 Luka 6:27-36 Abaroma 12:17-19 1 Abikorinto 4:12-13
1 Petero 2:23 1 Petero 3:92 Abitesalonike 1:5-10
Yesaya 54:5 Yesaya 62:4-5 Hoseya 2:16-20

Anezerezwa no kutugwizako imigisha

Gus muvya 23 :5 Zaburi 24 :5 Yeremiya 32 :40-41 Luka 11 :13
Luka 12:32 Abaroma 10:12

Zaburi 37:1 Zaburi 37:7-13 Zaburi 73:1-28

Bwihangana nk'uburaba ibitaboneka bukabaha inkomezi

Abaheburayo 11:27 Yohana 14:19 2 Abikorinto 4:18 2 Abami 6:17

Si nk'ab'isi

Abaroma 12:2 Yohana 17:14-17 1 Yohana 2:15

Bwubaha Imana kurusha abandi bantu

Ivyakozwe 4:19 Yohana 12:42-43

Buzi neza ko ubwoba ari umutego

Imigani 29:25 Yohana 7:13 Abigalatiya 2:12

Bwapfa kubera Kristo aho kubaha abagizi ba nabi

Ivyakozwe 5:41 Abaroma 8:17 Abaheburayo 11:25 Yakobo 5:10
1 Petero 2:20 Abaroma 8:18 2 Abikorinto 4:17 1 Petero 5:10

Buzi ko ubwami bw'Imana aribwo nyambere

Luka 14:26-27 Matayo 6:33

Bugirana imigenderanire cane na bene se b'abakirisito

Abanyefeso 2:19 Abigalatiya 6:10 Yohana 13:34-35 Yohana 15:12-13
Yohana 15:17 Abanyefeso 1:15, 16 Abikolosayi 1:4 1 Abitesalonike 4:9-10
Abaheburayo 6:10 1 Petero 2:17 1 Yohana 2:9-11 Abigalatiya 3:28
Abikolosayi 3:11

Ubwoko bw'Imana – Abantu batandukanye n'abandi Ntiburambirwa naho umwansi yokwigaragaza nk'uwugiye kunesha

Gukiza ibikomere vyatewe n'intambara zishingiye ku moko.



'Uru ni urugendo ruvana mu bwihebe ruganisha mu cizere. Imana yarongeye ingaruramwo icizere.'
(Afrika y'epfo)

'Umutima wanjye wakize ibikomere kubwo kubamba imibabaro yanje ku musaraba. Imbere y'inyigisho numva ubwoko bwanje aribwo bumfitiye akamaro gusa. Sinigeze mfata umuhoro ariko mu mutima wanjye nari umwicanyi. Inyuma y'uko mbibamvye ku musaraba umutima wanjye wararuhutse numva ndahindutse. Sinkishira ubwoko imbere.(Rwanda)

'Iwacu haraturiwe hose burundu none ubu nibera mu kambi y'abakuwe mu vyabo. Naciye mfata ingingo yo kutongera kuvugisha uwo ariwe wese wo mu bwoko tudahuje. Niyumvisemwo ko Imana inyanka. Nipfujye kuba nopfa. Numva nshavuye ku buryo numva ntakwitaba izi nyigisho kuko numva nokwica umuntu. Ejo hashize niho nashoboye kubwira uwo tudasangiye ubwoko uko numva meze. vyari igitangaza! Ndumva notanga imbabazi nta mutwano n'ubwoko. Ngiye iwacu kuraba abangiriye nabi. (Kenya)

'Ndashima Imana kubw'uko ejo haheze twese nk'imigwi y'ubwokobutandukanye kuba twari ku musaraba twese. Ibi vyaratwunze bitugira abavandimwe. Ndashima Imana kuko ejo narongeye ngarura urukundo muri jewe. Satani yari yararutwivye. Sinari bwigere nezerwa nk'uko vyambayeko maze gushira vyose ku musaraba. (RDC)

'Inyuma y'izi nyigisho hari ivyo tugeze. Si amakuru gusa twabonye – vyatugeze ku mitima yacu. Birasa nk'ivyo tubayemwo. Bimeze nk'aho mwaducanyemwo umuriro. Ubu tukaba tugiye kubishira mu bandi.(Zimbabwe)

'Nari uwo mu bwoko bw'Abatamili (Tamil), bityo nkibaza ko ari twebwe tugirirwa akarenganyo gusa. Ubu ndashaka kwiga igisinhala (Sinhala) kugirango nje ndagenda n'abo mu bwoko bw'Abasinihalizi (Sinhalese).' (Sri Lanka.)

Dr Rhiannon Lloyd, yahoze ari umuganga akaba yarita no ku bafise uburwayi bwo mu mutwe kuva mu 1985 akora umurimo wa gikristu yigisha abantu bafise imico itandukanye. Yamaze imyaka myinshi yigisha inyigisho abakozi b'abakiristu akanita ku bantu babaga baragize ibikomere mu buzima ku mpamvu zitandukanye. Guhera mu 1994 yatanguye intumbero yo kwigisha ku bwiye mu Rwanda afatanije na 'African Enterprise'. Amaze gufasha abarongozi b'amashengero menshi bagafashwa gukirira ibikomere ku musaraba, akaba amaze no kugeza ku bwiye abantu benshi. Imigwi yo gukiza ibikomere nogusubiza hamwe amaze gutangura mu bihugu vyinshi. Nubwo aba i Wales (Weyilizi) akaba akora mu muryango witwa 'Healing the Nations' (Gukiza Amahanga) akorana na kandi n'uwundi muryango witwa 'Mercy Ministries International www.lerucher.org' ufise icicaro i Jeneve mu Busuwisi.

Nyamutera Joseph, wahoze ari Mwalimu w'Icongereza mu mashuri yisumbuye akaba n'umuzemba shengero mw'ishengero rya Pantekoti mu Rwanda yinjiye muri riri shirahamwe mu 1997. Nubwo akorera mu Rwanda niwe arongoye ishamba ry'ubumwe n'ubwiye muri 'Mercy Ministries

International’ kandi akarongora ‘Mercy Ministries’ mu biyaga binini muri Afrika. Akaba ari umuhinga kandi akaba n’umwigisha.

Imana yobikuramwo inyungu (Gusubira muvyagezwe 23: 5).

4) Ni gute imibabaro yacu birangira iduhindukiye inyungu aho kuba

ibihombo? Dushobora kugirirwa impuhwe n’Imana

Mu gihe twugarijwe n’imibabaro, hari ishusho y’umutima w’Imana impuhwe itarigeze imenywa ukundi dushobora kubona. Imibabaro ishobora kongera ubukirisitu bwacu ku buryo dushobora kuba twahumuriza aberembejwe n’imibabaro mubo turi kumwe nabo. Nimba Imana irinda abakristu ku buryo batazigera bahura n’imibabaro ni gute tutaba mu ruhande rwabo? Bashobora kwibwira ko ntaco twumva ariko uko tugenda tugirirwa impuhwe n’Imana mu gihe turi mu mibabaro maze tugahumurizwa nayo, ibi niko biduhindukira itunga rikomeye cane dushobora gusangira nabandi.

Ukwizera kwacu kuragerazwa hanyuma kugakomezwa

Imibabaro ishira ku munzane ivyo twizera bityo igapima ubuziranenge bwayo bityo bigakomeza umugambi wacu wo gukurikira Imana. Imibabaro itwigisha gushikama. Abakristu baramutse basomewe imibabaro ibi vyotuma abantu birukira guhindurwa ku mpamvu zipfuye. Ibi vyogenda kuko twikunda kandi tukaba dukunda ubuzima bworoshe, ntabwo vyoba ari ugukunda Imana.

Kubw’imibabaro tugira amahirwe yo kwiga kwishingikiriza ku Mana bityo tukayizera. Ituma (Imibabaro) ukwizera kwacu kwaguka. Imibabaro kandi idushoboza kwihanganira imwe mu mico yacu irangwa n’intege nke. Ikibabaje ariko ituma tugira agahinda tukumva ko Imana ata kuri igira bityo bigatuma kuyishaka no kuyishimisha bitugora.

Ibi ntibishatse kuvuga ko dutegereza kuvuga neza imibabaro canke tuyiyegurira. Imana ishaka ko dukora ibishoboka vyose ngo dukureho imibabaro no kurwanya akarenganyo. Ariko nimba imibabaro ataho twayihungira dushobora kuyikizwa ku bw’intsinzi Yesu aduhera muri yo nk’uko yabisezeranije muri Yohana 16:33.

Birashoboka ko Imana yodukiza imibabaro

Nk’uko tubibona mu vyanditswe, bigaragara ko hari imibano myiza hagati y’Imana n’abo yiremeye. Naho satani anyaga ibitari bike vyagabiwe ubwoko bw’Imana, ariko Imana ifise ubushobozi bwo kubigarurira ubwoko bwayo ndetse bigasumba uko vyahoze. Iremwa ryari ryiza ariko urupfu na rwo ruraza. Ukuremwa gushasha kuzoba ari ukw’impwemu kandi kuzoba gusumba ukwa mbere. Yozefu yatubera akarorero keza k’umuntu yarenganijwe bikomeye ariko inyuma akabona ingororano yaba kurubiwe, ku muryango wiwe ndetse no ku gihugu ciwe. Mu gitabo ca Rusi tuhasanga inkuru ivuga uburyo Naomi yagiye i Mowabu agatakarizayo umugabo wiwe n’abahungu biwe babiri. inyuma yagarutse i Beterehemu n’umukazana wiwe aharonkera Bowazi n’umwuzukuru akaba ariwe gisekuruzwa ca Yesu we ubwiwe. Hari ubundi burorero bwinshi uburyo Imana yagiye ikiza ubwoko bwayo imibabaro

Imana ishobora gukiza ubuzima bwacu ingorane zose. Aho kugirango tubabazwe n’ivyo twabuze ahubwo ubwo buzima bw’imibabaro twacyemwo vyaribikwiye kudusigira ikintu c’agaciro gahoraho ibihe vyose! Iyi ni inkuru nziza! ‘Ahubwo turushiriza kuneshya n’uwadukunze’ (Abaroma 8:37).

Aho twigeze kugirira intege nke tukahakomerekerera, Imana irahigaragariza maze hagahinduka urufatiro, ndetse hakaba ubuhumya bwacu, ingabo y’imana mu biganza bacu. Ibi bitangura igihe twafatanije hamwe niyo mibabaro (Abaroma 8:28)

